O`ZBEKSTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

A`JINIYaZ ATINDAG`I NO`KIS MA`MLEKETLIK PEDAGOGIKALIQ INSTITUTI

QARAQALPAQ TIL BILIMI  KAFEDRASI

TIL BILIMI TIYKARLARI PANINEN

# L E K Ts I Ya   T E K S T I

Lektor:                prof. Dospanov O.

No`kis - 2012

**Tema: Til bilimi tiykarları kursı maqseti ha`m wazıypası.**

J O B A :

I. Til biliminin` tarawları ha`m basqa ilimler menen baylanısı.

II. Til bilimine kirispe kursının` wazıypaları.

III. Tildin` tabiyatı, ma`nisi ha`m xızmeti haqqında.

Til bilimi yamasa lingvistika adamzat tili onın` ja`miyetlik tabiyatı ha`m xızmeti strukturası, zan`lıqları, qa`liplesiwi ha`m tariyxıy rawajlanıwı, klassifikatsiyası haqqında ilim.

Ilimde til bilimi lingvistika dep te ataladı. Ol latınsha - til degen so`zden kelip shıqqan. Ilimiy a`debiyatlardag`ı til bilimi, til haqqındag`ı ilim lingvistika degen terminlerdin` barlıg`ıda bir tu`sinikti an`latadı. Solay da til bilimi basqalarına qarag`anda ku`ndelikli praktikada jiyirek qollanıladı. Til bilimi tiykarg`ı u`sh bo`limde qaraladı: Til biliminin` tariyxı, til teoriyası ha`m tildi u`yreniwdin` metodları. Usının` menen birge lingvistikalıq ilimler sistemasında jeke til bilimi, ulıwma til bilimi dep ajratıwda bar. Bul jag`day du`n`ya tillerinin` san jag`ınan ko`pligine, har bir tildin` o`zine ta`n o`zgesheliginin` barlıg`ına, usıg`an qaramastan du`n`ya tillerinin` ha`mmesi ushında ortaq, elewli ulıwma belgilerdin` o`mir su`riwi haqqındag`ı faktlerge baylanıslı. Mısalı: rus tili de, qaraqalpaq tili de - o`z aldına jeke tiller olar o`zine ta`n o`zgeshelikleri arqalı biri-birinen ajıralıp turadı. Solay da olar ekewi de ja`miyette adamlardın` biri biri menen o`z-ara qatnası ushın xızmet etedi, seslik quramına, so`zlik sostavına, grammatikalıq qurlısına iye. Bul ulıwmalıq tek rus ha`m qaraqalpaq tilleri ushın g`ana emes al barlıq tiller ushın da ortaq belgilerden ibarat, olay bolatug`ın bolsa ulıwma til bilimi gu`llan tiller ushın xarakterli til faktlerin, til problemaların u`yretedi de al jeke til bilimi anaw ya mınaw konkret tildin` bazasında sol tildin` o`zgeshe qurlısı, rawajlanıw nızamlıqları ma`seleleri menen shug`ıllanadı. Ulıwma til bilimi so`z etetug`ın til haqqındag`ı mag`lıumatlar til bilimine kirispe kursında elementar tu`rde u`yretiledi. Solay etip til bilimine kirspe kursı studentlerge lingvistikalıq pa`nlerden u`yreniwde qollanılatug`ın tiykarg`ı tu`sinikler ha`m terminler haqqında ulıwma mag`lıwmatlar g`ana beredi. Tildin` barlıq ta`repinen qospalı xarakterin onı tu`rli jaqtan u`yreniwdi, til ma`selelerin tu`rli ilimler jetiskenliklerin, usılların qollanıw arqalı tu`siniw mu`mkin ekenligin ko`remiz. Onın` u`stine tilge baylanıslı ko`pshilik ma`seleler tek g`ana til ilimi ta`repinen u`yrenilip qoyılmastan, basqa da sa`ykes ilimler ta`repinen bahalanadı. Ma`selen so`ylew seslerinin` jasalıwı, jasalıw ornı, usılı, klassifikatsiyası usag`an ma`seleler fizika ha`m fiziologiya ilimlerinin` ja`rdemi menen g`ana mu`mkin. Al so`z ha`m ga`pler an`latılatug`ın ha`r qanday ma`nilik tu`rli ren`ker /ottenoklar/ o`zgeshelikler adamnın` qabıl etiw protsesslerine ta`sir etiwshi psixologiyalıq faktorlar menen baylanıslı bolıp keledi. Bul jag`day bul faktorlarg`a psixologiya ilimi ko`z-qarasınan baha beriwdi de talap etedi. Til bilimi tariyxının`

mag`lıwmatları, ilimiy a`debiyatlar, ondag`ı traditsiyalıq qatnaslar, a`sirese filosofiya, logika, psixologiya tariyx a`debiyattanıw ilimleri menen al son`g`ı baylanıslar da`l anıq ha`m texnikalıq ilimlerdi o`z ishine alatug`ınlıg`ın ko`rsetedi.

Til bilimine kirispe kursının` aldında en` birinshi gezekte ulıwma til biliminde baslı problemalar bolg`an til, onın` tabiyatı ha`m ma`nisi, xızmeti haqqında qısqasha so`z wazıypası turadı. Til haqqında ja`miyetlik qublıs, adamlar arasındag`ı en` a`hmiyetli qatnas quralı sıpatında ta`rtiplenedi.

Tildin` ja`miyetlik a`hmiyeti, tildin` klaslıq emes, ulıwma xalıqlıq xarakteri anıqlanadı.

Til bilimine kirispe kursı tildin` ishki qurlısına baylanıslı ma`seleler tuwralı teoriyalıq bag`dar beriwge ayrıqsha kewil bo`ldi.

Bul til iliminin` ishki tarawları bolg`an fonetikag`a ha`m fonologiyag`a, leksikologiyag`a, grammatikag`a arnalg`an bo`limlerde bayan etiledi.

Til arqalı qatnastın` eki tu`rde awız eki tu`rde ha`m jazba tu`rde iske asıwı til biliminde jazıw ha`m orfografiyag`a baylanıslı problemalardı izertlewdi de baslı aspektlerdin` biri sıpatında bahalawg`a sebepshi. Sonlıqtan jazıwdın` a`hmiyeti payda bolıwı, tu`rleri, tariyxı ha`m transkriptsiyası haqqındag`ı ma`sele de kursta obzorlı /sholıw/ xarakterde so`z etiledi.

Bunnan basqa da tildin` payda bolıwı rawajlanıwı, til ha`m tariyx, til qurılısındag`ı tariyxıy o`zgerisler, tillerdin` tuwıslıq ha`m morfologiyalıq belgilerine qaray klassifikatsiyalanıwı a`hmiyetli problemalardan esaplanadı. Sonlıqtan til bilimine kirispe kursında usı ma`seleler boyınsha da da`slepki mag`lıwmatlardı beriw ko`zde tutıladı. Solay etip ulıwma til biliminin` baslı problemaları tuwralı da`slepki ilimiy-teoriyalıq  mag`lıwmatlardı u`yreniw til bilim bilim tiykarları pa`ninin` tiykarg`ı wazıypası. Adamzat ja`miyetin payda etken til a`sirler boyı rawajlanıp, ha`zir jer sharında o`zinin` tu`rli ko`rinislerine iye boldı, son`g`ı dereklerge qarag`anda du`n`yadag`ı tillerdin` sanı 4-5 mın`g`a jetedi. Bulardın` barlıg`ı da ulıwma til degen ug`ımdı quraydı. Qanday ko`riniske iye bolmasın, barlıg`ı da -til. Al usı tildin` ta`biyatı, ma`nisi ha`m xızmeti haqqında ne aytıw mu`mkinW Adamnın` payda bolıwı menen til, tildin` payda bolıwı menen adamzat ja`miyeti do`redi deymiz. Al tildi tabiyg`ıy qubılıs dep tu`siniwge bolamaW joq, til adamg`a pitken ta`biyg`ıy qubılıs emes. Til - ja`miyetlik qubılıs, ol ja`miyette jasaydı, adamzat ja`miyetinin` adamlardın` biri-biri menen qatnasıwı za`ru`rliginen payda bolg`an.

Til bul udayı o`zgerisler enip, rawajlanıp baratug`ın ja`miyetlik qubılıs. Onın` o`zgeriwi ha`m rawajlanıwı en` birinshi gezekte tildin` so`zlik sostavındag`ı o`zgerislerde ko`rinedi. Xalıqtın` ekonomikalıq siyasiy ha`m ma`deniy turmısının` rawajlanıwına baylanıslı tildin` so`zlik sostavına jan`a tu`siniklerdi bildiretug`ın jan`a so`zler etip otıradı, geypara so`zlerdin` ma`nisi ken`eyedi ha`m geypara so`zler go`neredi.

Til bilimi tariyxında tildi klasslıq qubılıs sıpatında shatastırıp nadurıs bahalawda boldı. Bul, a`lbette, tildin` ja`miyetlik ma`nisin, sotsiallıq xızmetin payda bolıwı ha`m adamzat ja`miyetindegi rolin tu`sinbewshilikten kelip shıqqan edi. Qaysı tariyxıy formatsiya bolmasın barlıg`ında da til kollektivlik do`retpe retinde sol kollektivke xızmet etip keldi. Ma`selen: Qaraqalpaqstan jag`dayında ha`r qıylı sotsiallıq qatlamlardın` bir bo`lek tili, jarlı diyxanlardın`, sharwalardın` yamasa balıqshılardın` o`z aldına tili bolg`an emes, barlıg`ı da siyasiy materiallıq jag`dayınan qaysı sotsiallıq qatlamg`a tiyisliligine qaramastan biri biri menen tek bir tilde, yag`nıy qaraqalpaq tilde g`ana pikir alısadı. Mine, usı bir g`ana mısaldın` o`zi tildin` klasslıq emes al ulıwma xalıqlıq xarakterin belgilew ushın da`lil bola aladı.

Adam oyı til arqalı ekinshi birewge jetkeriledi. Demek bul protsesste oylaw qatnası da iske asıp otıradı. Til biliminde til ha`m oylaw olar arasındag`ı baylanıs probleması- tiykarg`ı mashqalalardın` biri. Oylaw-ayrıqsha qurılg`an materiyanın` - miydin` joqarg`ı, jemisi, ob`ektiv du`n`yanın` ug`ımlarda, pikirler, teoriyalar arqalı sa`wleleniudin` aktiv protsessi. «Til degenimiz oydın` tikkeley shınlıg`ı» demek, til-bul pikir alısıw, oydı an`latıw quralı. Adamnın` oyı bul til arqalı tildegi so`zler arqalı ju`zege shıg`adı, materiallıq formag`a enedi, sonın` menen birge so`ylewdi payda bolıwında tildin` xızmeti ayrıqsha.

Til, so`ylew bizin` oyımızdın` oylawımızdın` sha`rti. Til arqalı so`ylew arqalı ko`p jıllıq a`sirler boyı do`retken do`retpeleri a`wladtan a`wladqa o`tedi, saqlanıp keledi. Adamnın` oylawı so`ylew arqalı, til arqalı bekkemlenedi. Bizdi qorshap turg`an zatlar menen qublıslar ha`m olardın` o`z-ara qatnası adam sanasında ha`r qıylı formada sa`wlelenedi. Olardın` ju`zege shıg`ıwı til arqalı boladı. Ug`ım, tu`sinik adam sanasında seslerdin` belgili bir kompleksi bolg`an so`zler arqalı yadta qaladı. So`z belgi yamasa bir zat yamasa qubılıs haqqındag`ı tu`siniktin` adam sanasındag`ı materiallıq forması bolıp tabıladı. So`z mazmun menen formanın` birliginen turadı.

Tildin` tanbalıq xarakterine ilimpazlar erteden kewil awdarg`an, atap aytqanda I. A. Boduen de Kurtene /1845-1929/, F. de Sossyur /1857-1913/ bular en` birinshi ma`rtebe tanbalıq so`zdi izertlegen. F.de Sossyur «Til degenimiz ideyanı bildiretug`ın tanbalardın` sisteması,demek onı jazıw menen gunelekler ushın jazılg`an a`lipbe menen,a`skeriy tanbalar menen salıstırıug`a boladı. Tan`balar sisteması retindegi til usı tanbalar sistemasının` ishinde en` a`hmiyetliregi» dep atap ko`rsetedi. . Tan`balar yaki belgiler haqqındag`ı ilimdi seiotiki dep ataydı. Semiotika adamlar ta`jiriybesine belgili barlıq tan`balardı,belgilerdi u`yretedi.Olardı ulıwma eki toparg`a bo`ledi: ta`biyg`ıy tan`balar /belgiler/ ,ham jasalma tan`balar /belgiler/. Jasalma tan`balar adamlar ta`repinen kelisilgen boladı.

Til biliminde tildin` tolıq tan`balar sistemasında tolıq tan`ba sıpatında ga`p, al tiykarg`ı tan`ba sıpatında so`z tanıladı so`z tilden tısqarı sotsiallıq informatsiyanı beriwde belgili bir ug`ımnın` simvolı.

Tolıq tan`ba arqalı jasalatug`ın ham an`latılatug`ın mazmundı payda etiwde tiykarg`ı birlik boladı.

Tildin` tan`balıq qa`siyetin anıqlaw ha`m biliw sog`an sa`ykes tildin` ishki ha`m sırtqı qurılısına materiallıq ha`m ideallıq ta`replerin tolıg`ıraq u`yreniwge mu`mkinshilik beredi. Til tan`baları turaqlı sistema sıpatında jasaydı. Kollektiv sanasında da`stu`riy qabıl etilgen,qa`liplesken, ol adamlardın` sotsiallıq turmısının` talabına, ja`miyetlik talapqa qaray o`zgerislerdi qabıl etedi ha`m rawajlanadı.

1. Til biliminin` tarawları.
2. Til degen ne
3. Til biliminin` qurılıslıq komponentleri.
4. Til biliminin` basqa ilimler menen baylanısı.
5. Til biliminin` basqa ilimler sistemasındag`ı ornı.
6. Til bilimine kirispe pa`ninin` tiykarg`ı uazıypası.
7. Tildin` ja`miyettegi xızmeti.
8. Tildin` tan`balıq tiykarı.
9 . Til biliminde qollanılatug`ın metodlar.

A` D E B I Ya T L A R :


1. Berdimuratov E., Dauletov A.-Til bilimine kirispe. No`kis 1988.
2. Xoshanov B. X. - Vvedenie v yazıkoznanie. Nukus 1994 g.
3. Koduxov V. I. - Vvedenie v yazıkoznanie. Moskva 1979 g.
4. Reformatskiy A. A. - Vvedenie v yazıkoznanie. Moskva 1967 g.

Til - ja`miyetlik qubılıs.

J O B A

1. Til ha`m ja`miyet.
2. Tildin` tiykarg`ı xızmetleri (funktsiyaları).
3. Tildin` ulıwma xalıqlıq sıpatı.
4. Til ha`m oylaw.
5. Til ha`m so`ylew

Til biliminin` en` tiykarg`ı ma`selelerinin` biri-tildin` ta`biyatı, ma`nisi ha`m xızmeti haqqındag`ı ma`sele. Bul ma`sele filosoflardı da,psixologlardı da, leksiklerdi de, ta`biyat ilimleri wa`killerinde qızıqtırıp keldi.

Adamzat ja`miyetinin` payda etken til a`sirler dawamında rawajlanıp, ha`zir jer sharında o`zinin` tu`rli ko`rinislerine iye boldı.Son`g`ı dereklerge qarag`anda du`n`yadag`ı tillerdin` sanı 5 mın`g`a jetedi. Adamnın` payda bolıwı menen til, tildin` payda bolıwı menen adamzat ja`miyeti do`redi. Til adamzat ja`miyetinde qatnas quralı, so`ylesiw, pikir alısıw quralı retinde payda boldı.

Til menen ja`miyet o`z-ara tıg`ız baylanıslı. Tilsiz hesh bir ja`miyet o`mir su`re almaydı. Til joq jerde adamlardın` ja`miyette birlesip miynet etiwi, ja`miyetlik o`ndiristi sho`lkemlestiriw onı rawajlandırıwı mu`mkin emes. Demek, ja`miyettin` o`mir su`riwi, adamlardın` birlesip miynet etiwi ushın qatnas quralı, pikir alısıwdın` quralı-tildin` bolıwı sha`rt. Tli tek ja`miyet bar jerde g`ana o`mir su`redi. Ja`miyettin` o`mir su`riwi ushın adamlardın` birlesip miynet etiwi ushın til qanday za`ru`r bolsa, tildin` o`mir su`riwi ushın da ja`miyet te sonday za`ru`r.

Sonın` menen birge tilge anıqlama beriwde en` aldı menen onın` ja`miyettegi adamlardın` qatnas quralı bolıw xızmeti esapqa alınadı. Til tek qatnas quralı g`ana emes sonın` menen birge oylawdın`, oydın` jarıqqa shıg`ıwının` da quralı. Adamnın` oyı tili arqalı, tildegi so`zler menen ga`pler arqalı aytılıp, belgili boladı. Oy ha`m onın` mazmunı til arqalı ko`rinip, sol arqalı tu`siniledi (ug`ınıladı). Demek oylaw menen til bir-biri menen tıg`ız baylanısta boladı.

Tildin` qatnas quralı bolıw xızmeti menen oylawdın` quralı bolıw xızmetine qosa ja`ne de xızmetleri bar: ol-ekspressivli xızmet. Tildin` ekspressivli xızmeti dep onın` (tildin`) adamnın` sub`ektiv, qatnasın, sezimi menen emotsiyasın bildiriw xızmetke aytamız. Tildin` ekspressivli xızmetinin` ondag`ı emotsional`-ekspressivli qurallar menen usıllardın` oydı ko`rkemlep, obrazlı etip jetkeriwde, a`sirese ko`rkem a`debiyatta a`hemiyeti ku`shli.

Til qatnas quralı retinde ja`miyet ag`zalarının` ba`rine birdey xızmet etedi, ba`rine ortaq boladı. Yag`nıy til o`zinin` rawajlanıw barısında meyli ol xalıq tili bolsın yamasa millet tili bolsın, ol klasslıq emes, ja`miyettegi adamlardın` qatnas quralı retinde ulıwma xalıqlıq til boladı.

Til ja`miyetlik qubılıs sıpatında ja`miyetlik sananı an`latıw uqıplılıg`ına iye. Al ja`miyetlik sana jeke adamnın` jemisi emes, ja`miyetlik. Ob`ektiv shınlıqtag`ı predmetler, ha`reketler ob`ektiv tu`rde bir adam ta`repinen emes adamlar ja`ma`a`ti ta`repinen qabıl etiledi, bul ug`ıw ulıwma xılıqlıq, ja`miyetlik sıpatqa iye. Olay bolmag`anda adamlardın` biri-biri menen pikir alısıwı, miynet etiwi, materiallıq ha`m ma`deniy baylıqlardı do`retiwi mu`mkin emes. Bug`an adamzat, ja`miyetshilik payda bolıwı ha`m rawajlanıwı, tariyxıy ja`miyetlik formatsiyalar, onda tildin` xızmeti tiykarg`ı da`lil bola aladı.

Ulıwma xalıqlıq sıpat tildin` ishki  qurılısına da ta`n. Ma`selen, tildin` so`zlik quramı grammatikalıq quramı sol tilde so`ylewshi pu`tkil ja`ma`a`t ushın ortaq, ha`mmege birdey tu`sinikli, ha`mmege ulıwma ortaq tu`rde tu`siniledi ha`m paydalanıladı. Ma`selen, qaraqalpaq tilinin` so`zlik quramındag`ı adam bar, kel, otır usag`an so`zler an`latatug`ın ma`nileri barlıq qaraqalpaq tilinde so`ylewshi adamlar ushın ortaq, ko`plik ma`ni do`retiwshi - lar, ler affiksinin` xızmeti, qollanılıwı ha`mme ushın birdey traditsiyalıq tariyxıy norma sıpatında qabıl etilgen ha`m qa`liplesken  t.b. Olar ob`ektiv til norma sıpatında ulıwma xalıqlıq xarakterge iye.

Tilde adamlardın` sotsiallıq, ka`siplik ortalıg`ına baylanıslı anaw ya mınaw da`rejede o`zgesheliklerdin` ko`rinetug`ınlıg`ı belgili. Ma`selen, meditsina tarawında islewshi ka`sip iyeleri ta`repinen ku`ndelikli miynet etiw protsessinde ken` qollanılatug`ın in`ektsiya, onkolog, terapevt, vaktsina usag`an terminler basqa ka`sip iyelerine ken`nen tanıs emes, qollanıw o`risi jag`ınan olar sheklengen xarakterge iye. Basqa ilimler, ka`sipler tarawında arnawlı tu`rde paydalanılatug`ın leksikalıq elementler tuwralı da sonı aytıw mu`mkin. Degen menen bulardın` barlıg`ı da adamlardın` intelektuallıq rawajlanıw jag`dayına, shug`ıllanıwına sa`ykes ken` qollanıwshılıq mu`mkinshiligine iye bolıwı mu`mkin.

Ko`rkem so`z sheberleri de, ilim g`ayratkerleri de, ma`deniyat iskerleri ha`m tag`ı basqalar da ulıuma xalıqlıq tilden paydalanadı, sol arqalı pikir alısadı. Ko`rkem ha`m ilimiy shıg`armalar do`retedi. Olar ulıwma xalıqlıq tilden o`z do`retpelerinin` talabına qarap, janrlıq o`zgesheliklerge say paydalanadı. Tildegi potentsial`lıq mu`mkinshilikleri sheksiz, bul onın` barlıq ta`repine - so`zlik quramına da semeantikasına da, grammatikalıq qurılısına da ta`n. Ko`rkem so`z sheberi mine usı potentsial`lıq sheksiz til baylıg`ın en` kerekli orında qollanıwg`a umtıladı. Sonın` na`tiyjesinde tildin`, til baylıqlarının` ele de ken` sırların ashıwg`a sebepshi boladı. Bul a`debiy til normalarının` jetilisiwine, tag`ı da rawajlanıwına belgili da`rejede ta`sir etedi. Sonlıqtan da, ma`selen rus a`debiy tili tariyxında A. S. Pushkinnin`, o`zbek a`debiy tili tariyxında Nawayının`, qazaq a`debiy tili

tariyxında Abaydın`, tu`rkmen a`debiy tili tariyxında Maqtumqulının`, qaraqalpaq a`debiy tili tariyxında Berdaqtın`. Olar do`retken a`jayıp miyraslardın` a`hemiyetine orınlı baha beremiz.

Solay etip til xalıq do`retpesi, ol klasslıq emes, al ulıwma xalıqlıq sıpatqa iye.

## Til ha`m oylaw.

Adam o`zinin` oyın basqa birewge til arqalı aytıp jetkeredi. Tın`lawshıda so`ylewshinin` oyın til arqalı tu`sinedi. .   Lengvistikalıq a`debiyatlarda til oylaw, sana degen terminler, olardın` ma`nileri baylanısı, o`zgeshelikleri tuwralı teoriyalıq anıqlamalar menen pikirler aytılıp kiyatır. Sana ha`m oylaw degen pikirler, bazı bir jag`daylarda ma`niles bolg`anı menen, olar birdey mazmundı, birdey ma`nini an`latpaydı. Sana termini ko`z-qaraslar, isenimler siteması, du`n`yanı tanıw degen ma`nilerinen tısqarı tag`ı da eki ma`nide paydalanıw mu`mkin: 1) adamnın` du`n`yanı pikirler, sezimler, erk, hal-jag`daylar da formalarında sa`wlelendiriw uqıplılıg`ı ma`nisindeN` 2) turmıstın` usı formalarda sa`ykesleniw protsessi ma`nisinde. Al oylaw bolsa birinshiden, shınlıqtı ug`ım, pikir ha`m juwmaq tu`rinde sa`wlelendiriw uqıplılıg`ı, ekinshiden, usı protsesstin` sol formalar tu`rinde sa`wleleniwi degendi bildiredi.

Til biliminde til ha`m oylaw, olar arasındag`ı baylanıs ma`selesi-tiykarg`ı ma`selelerdin` biri. Oylaw-ayrıqsha qurılg`an materiyanın`-miydin` joqarg`ı jemisi ob`ektiv du`n`yanın` ug`ımlarda pikirler teoriyalar arqalı sa`wleleniwi. Oylaw da o`zinin` payda bolıw o`zgesheligi, xızmet etiw usılı ha`m na`tiyjesi jag`ınan ja`miyetlik do`retpe bolıp tabıladı. Bul adamlarg`a g`ana ta`n miynet etiw ha`m so`ylew iskerligi menen tıg`ız baylanısta o`mir su`redi. Sonlıqtan adamdag`ı oylaw, so`ylew iskerligi menen bekkem baylanısıp iske asadı ha`m onın` na`tiyjesi tilde ko`rinedi. Oylaw protsessinin` juwmag`ı anaw ya mınaw pikir tu`rinde beriledi. Oylawdı adamnın` oy pikir ju`rgiziw, juwmaqlaw, bahalaw iskerligi deytug`ın bolsaq, onda til - oylawdın` tiykarg`ı quralı, sananı materiallastırıwshı, an`latıwshı bolıp tabıladı. Til de, oylaw da ayrıqsha materiyanın` miydin` do`retpesi bolıwı menen qatar, ekewide sotsiallıq ma`nige iye, sotsiallıq xızmet atqaradı. Degen menen bular ekewi birdey emes, al, kerisinshe sa`ykes ayrıqshalıqlarına, formalarına, kategoriyalarına, birliklerine iye. Oylaw arqalı biz ob`ektiv shınlıqtag`ı predmetler ha`reketler haqqındag`ı ug`ımg`a, bilimge iye bolamız, al til bolsa sol ug`ımdı, pikirdi, bilimdi qa`liplestiredi, ekinshi birewge jetkeriwde qatnastı ta`miyin etedi. Oylawdın` tiykarg`ı birligi ug`ım bolsa, tildin` tiykarg`ı birligi-so`z. Ug`ım predmetler, ha`reketlerdin` en` sıpatlı bolg`an belgilerinin` jıynag`ı bolsa, so`z sol ug`ımdı qa`liplestiriwshi, an`latıwshı bolıp tabıladı.

Til ha`m oylawdın` o`z-ara baylanısın, birligin anıqlawda ataqlı fiziolog A.L.Pavlovtın` eki, signallar siteması haqqındag`ı teoriyası ayrıqsha a`hemiyetke iye. Pavlov teoriyası boyınsha bizdi qorshag`an ob`ektiv shınlıqtan predmetler menen qubılıslar seziw organlarımızg`a ta`sir etip,

birinshi signallıq sistemanı qurasa, ulıwmalastırılg`an oylawdın` payda bolıwı ha`m o`mir su`riwi usılı sıpatında do`regen til ekinshi signallıq sistema, yag`nıy signallar signalı boladı. Sonlıqtan ol tek g`ana so`z bizdi adam etkenin atap ko`rsetedi. Bul na`rse til menen oylawdın` g`a`rezliligin, baylanısın an`latadı.

Til oylawdın` quralı sıpatında shınlıqtı tanıtıwshılıq al qatnas quralı sıpatında kommunikativlik xızmetti atqaradı. Sonday-aq onda ekspressivlik sıpat ta bar. Til arqalı tek tanıp, pikirlesip, qoymastan sonın` menen birge onda aytıwshının` da, tın`lawshının` da sezimlerine ta`sir ekinshi ma`nilik boyawlardı ma`selen ko`termelewshi kemsitiwshi ha`m t.b. an`latıw mu`mkin. Bul tildin` materiallıq qurılısında sa`ykes semantikalıq, grammatikalıq, stilistikalıq ko`rsetkishler arqalı an`latıladı. . Demek, til ha`m oylaw bir-biri menen bekkem baylanısta, g`a`rezsizlikte, birlikte g`ana emes sonın` menen birge olar o`zlerinin` ma`nisi, qurılısı sostav elementleri jag`ınan, sonday-aq spetsifikalıq rawajlanıw nızamları boyınsha da o`zgesheliklerge iye.

Til ha`m so`ylew.

Til biliminde til ha`m onın` jeke iske asıwı yag`nıy so`ylew, so`ylew iskerligi protsessi haqqında ma`selege de ayrıqsha a`hemiyet beriledi.

So`ylew ilimiy termin sıpatında aytıw yamasa qabarlaw degen tar ma`nide g`ana emes, al konkret jag`day da til arqalı o`z-ara qatnastın` jeke iske asıwı, yag`nıy ha`r bir ja`ma`a`t ag`zasının` tilden paydalanıw protsessi degendi an`latadı.

Ku`ndelikli til praktikasındag`ı faktler, tildin` ulıwmalıg`ın, al so`ylewdin` jeke xarakterinen derek beredi. Sonlıqtan da til ulıwma, al so`ylew-tildin` konkret jag`daydag`ı iske asıwı dep qaraladı.

Til biliminde tildi oy pikir, sezimler hal jag`daylarda tikkeley emes, ulıwmalastırıp, adamlardın` bir-biri menen qatnasın ta`miyn etiw ushın xızmet etetug`ın materiallıq birlikler sisteması dep ataydı. Al, so`lew bolsa konkret jag`dayda konkret mazmung`a sa`ykes, tildin` iske asıwı yamasa qollanıwı bolıp tabıladı.

Ha`r qanday so`ylew, meyli ol jazba yaki awızsha formada bolsın, meyli monolog ya dialog tu`rinde iske assın barlıq uaqıtta ulıwma xalıqlıq qa`liplesken belgili bir traditsiyag`a, normag`a, qag`ıydalarg`a tiykarlanadı. Til de,so`ylew de sotsiallıq ja`miyetlik ma`nige iye.

So`ylew iskerligin og`ada aktiv protsess dep tenıw kerek boladı. Ol tildin` a`piwayı iske asıwı emes, kerisinshe, tvorchestvolıq aktiv iske asıwı so`lew protsessinde aytıwshı ha`m tın`lawshı qatnasadı, aytıwshı bir na`rse haqqında xabarlaydı da, tın`lawshı sol xabardı qabıl etedi.

Barlıq jag`dayda da, so`ylew tildin` adamlar sanasında qa`liplesken normaları ha`m qag`ıydaları tiykarında a`meliy jaqtan iske asıp otıradı. So`ylew protsessinde onın` mu`mkinshilik baylıqları, sırları ashılıp otıradı.

So`ylew arqalı qatnas jasaw bılay qarag`anda an`sattay ko`rinedi. Al, eger teren`irek oylap qarasaq, so`ylew aktı ju`da` quramalı qubılıs.

So`ylew ha`reketi so`ylew ag`zalarının` artikulyatsiyaları arqalı payda bolıp, hawa tolqını arqalı qulaqqa esitiledi. So`ylew ha`reketi aytıw, qabıl etiw,tu`siniw sıyaqlı u`sh bo`limnen turadı.

So`ylewshinin` aytqanları artikulyatsiyalıq jıyıntıq boladı da, al tın`lawshının` esitetug`ınları akustikalıq jıyıntıq boladı.

So`ylew degenimiz-til arqalı qatnas jasaw protsessinde o`z oyın basqalarg`a bildiriw, basqanın` oyın biliw maqsetinde qollanıw arqalı boladı ja`ne til zan`lıqlarına,til normalarına bag`ınadı. Til ha`m so`ylew bir-biri menen ajıralmas birlikte. Tilsiz so`ylew joq,so`ylew joq jerde tilde joq.

Tillik elementler (ses, morfema, so`z, ga`p) ja`miyet ag`zalarına o`zlerinin` oyın, sezimlerin bildiriw ushın kerek.

Til menen so`ylewdin` bir emesligin, bulardın` arasında ayırmashılıqtın` bar ekenligin alımlar erteden-aq aytqan. XIX a`sirde o`mir su`rgen V.Gumbol`d, G.Shteyintal`,G.Shuxardt sıyaqlı alımlar so`ylew menen tildin` bir na`rse emesligin aytıp ketken.Til ha`m so`ylewdi eki ma`sele etip qaraw kerekligin ilimiy jaqtan en` da`slep da`liylep bergen F.de Sossyur dep tanıymız.

F.de Sossyur til bilimin til lingvistikası, so`ylew lingvistikası dep eki tarawg`a bo`ledi. Til lingvistikasının` ob`ekti-til, til-individumg`a ta`n emes, sotsiallıq qubılıs, al so`ylew lingvistikası negizgi emes, al ko`mekshi na`rse, onın` ob`ekti -so`ylew ha`reketinin` individuallıq ta`repleri, ol taza psixofizikalıq pa`n, bul-eki pa`n o`z-ara tıg`ız baylanıslı. Til so`ylew tu`sinikli bolıw ushın ja`ne onın` barlıq ha`reketi jarıqqa shıg`arıw ushın kerek, al so`ylew tildin` qa`liplesiwi ushın kerek-dep
tu`siniledi.

F.de Sossyur so`ylew ha`reketi degen terminde de qollanıladı. Onın` pikiri boyınsha til ha`m so`ylew-so`ylew ha`reketinin` eki tarawı eki jag`ı. Ol «Til-so`ylew ha`rekettin` - bir bo`legi, haqıyqıy mazmung`a iye bo`legi g`ana» - dep jazadı.

Ku`ndelikli til praktikasındag`ı faktler tilden ulıwmalıqtı, al so`ylewdin` jeke sıpatqa iye ekenliginen derek beredi. Barlıq jag`dayda da so`ylew tildin` adamlar sanasında qa`liplesken normaları menen qag`ıydaları tiykarında a`meliy jaqtan iske asıp otıradı. Yag`nıy, so`ylew protsessinde til qurılısının` ja`ma`a`t sanasında qa`liplesken u`lgilerine, qag`ıydalarına tiykarlanadı. Bug`an ku`ndelik so`ylew praktikasında ko`rinetug`ın da`l, mazmunlı, obrazlı, ta`sirli so`ylew faktleri tolıq da`lil bola aladı.

Tildin` tan`balıq sıpatı.

Tildin` tan`balıq sıpatı onın` en` tiykarg`ı o`zgesheliklerinen esaplanadı. Sonlıqtan filosoflar menen lingvistler bul ma`selege erteden-aq na`zer awdarıp keldi. Tildin` tan`balıq sıpatı a`sirese

Boduen de Kurtene ha`m Ferdinand de Sossyurdin` miynetlerinde ken` ko`lemde qarastırıldı. Ferdinand de Sossyur tildi tan`balardın` sisteması dep esapladı.

Tan`balar yamasa belgiler haqqındag`ı ilimdi semiotika dep ataydı. Onda tan`balar teoriyası, turmısta ushrasatug`ın tan`balardın` sisteması, tu`rleri, xızmeti ha`m tag`ı basqalar u`yreniledi. Tan`balardın` tu`rleri ko`p. Ma`selen terekler bo`rte baslaydı, jerge ko`k shıg`adı-ba`ha`rdin` belgisi, adamnın` ıssılıg`ı ko`teriledi-awırıwdın` belgisi, svetoforda ko`k jansa-o`tiwge boladı degendi an`latadı t.b. Demek belgilerdin` tu`rleri olardın` xızmeti ha`r tu`rli. Semiotika adamlar ta`jriybesine belgili barlıq tan`balardı, belgilerdi u`yretedi, olardı ulıwma eki toparg`a bo`lip qaraydı: ta`biy tan`balar ha`m jasalma tan`balar joqarıdag`ı ma`wsimdi an`latatug`ın belgiler, ıssılıq belgileri ta`biy tan`balar bolsa, svetofordag`ı qızıl, ko`k,sarı belgiler - jasalma tan`balar bolıp tabıladı. Xızmeti jag`ınan birinshileri tan`balar -belgiler bolsa, ekinshileri tan`balar -xabarlawshılardan ibarat.

Tan`balıq qa`siyet tilge de ta`n. Sonlıqtan til tan`ba sıpatında semiotika tarawında da qarastırıladı. Al tildin` tan`balıq tiykarı, ol haqqındag`ı ma`seleler til biliminin` de ob`ekti esaplanadı.

Til biliminde ob`ektiv shınlıqtag`ı predmetler, qubılıslar, olar arasındag`ı zan`lı baylanıs tiykarında sotsiallıq xabardı (informatsiyanı) materiallastırıwshı sa`ykes qurallardı tan`ba dep ataydı. Bunday qa`siyet til qurılısının` jeke elementleri seske de, morfemag`a da, so`zge de, so`z dizbegine de, ga`pke de xarakterli, bulardın` barlıg`ı da tilden tıs sotsiallıq informatsiya beriwge xızmet etedi. Sonlıqtan tildi qatnastın` tariyxıy payda bolıp ha`m rawajlanıp atırg`an tan`balar mexanizimi dep tanıydı. Til tan`basının` basqa tan`balardan ayırması, o`zgesheligi ol sotsiallıq, ja`miyetlik xızmet atqaradı, tilden tıs informatsiyanı beriwge, oy-pikirdi payda etiwge xızmet etedi.

Lingvistikalıq tan`balar ha`m onın` tu`rleri.

Adam turmısında qollanılatug`ın tan`balar lingvistikalıq ha`m lingvistikalıq emes tan`balar dep eki toparg`a bo`linedi. Lingvistikalıq tan`balarg`a seslik tilge ta`n elementler jatadı da, al lingvistikalıq emes tan`balarg`a qatnas quralı retinde qollanılatug`ın, seslik tilge qatnası joq ha`r tu`rli materiallı ko`rsetkishler, belgiler jatadı.

Bulardın` bir-birine usaytug`ın ta`repleri de, o`zgeshelikleri de bar. Ulıwmalıq bolg`an belgilerge to`mendegiler jatadı.

1. Tan`ba delinip ba`ri de seziw organlarına bilinetug`ın, materiallardan turadı. Materialdan turıwı barlıq tan`balardın` en` tiykarg`ı belgisi.

2. Tan`balar belgili bir mazmung`a, ma`nige qaratıladı. Mazmunı, ma`nisi joq tan`ba bolmaydı.

3. Tan`banın` atqaratug`ın xızmeti bir na`rselerdi bildiriw, xabarlaw, yag`nıy kommunikativlik xızmet.

4. Tan`banın` ba`ri de o`zleri bildiretug`ın ma`ni menen ug`ım menen sha`rtli tu`rde qatnasta boladı. Olardın` arasında hesh qanday ta`biyg`ıy baylanıs bolmaydı.

Lingvistikalıq emes tan`balardı ko`shirme tan`ba, signal tan`ba, simvol tan`ba, ko`rsetkish tan`ba dep to`rt tu`rge bo`ledi. Lingvistikalıq tan`balardı lingvistikalıq semiotika izertleydi.

Lingvistikalıq semiotikanın` tiykarg`ı maqseti-tillik tan`balardı u`yretiw, tillik elementlerdin` tan`balıq sıpatın onın` tillik emes tan`balarg`a uqsaslıg`ı menen o`zgesheliklerin ashıw, tillik tan`banın` quramlıq, funktsionallıq o`zgesheliklerin o`zleri bildiretug`ın ma`ni menen qarım - qatnasın ko`rsetiw.

Lingvistikalıq semiotika ma`selesine lingvistlerdin` anıqlap kirisiwi F.de Sossyurdin` tildin` tan`balıq sıpatına arnalg`an miynetinin` («Ulıwma lingvistikalıq kurs») shıg`ıwınan baslanadı. Lingvistikalıq tan`ba degenimiz neW degen sorawg`a F.de Sossyurden baslap usı bu`gingi ku`nge deyin eki tu`rli juwap o`mir su`rip kiyatır. Birinshisi - tan`ba eki jaqlı, 2-tan`ba bir jaqlı boladı degen.

F.de Sossyur o`zinin` «Ulıwma lingvistikalıq kurs» degen miynetinde: tan`ba eki jaqlı boladı, onın` biri-materiallıq jag`ı (akustikalıq) ekinshisi-idealıq jag`ı tan`balanıwshı boladı: bul eki element tıg`ız baylanıslı, tan`ba degenimiz-usı ekewinin` bir bolıwlıg`ı, basqasha aytqanda «Ug`ım menen akustikalıq ko`rsetkishtin` kombinatsiyası.. Tan`ba degenimiz tan`ba menen tan`balanıwshının` birigiwinen, qosılıwınan payda bolg`an pu`tindi tu`sinemiz»-deydi.

Lingvistikalıq tan`balardın` beretug`ın xabarlarının` ma`nilerine qaray bo`liw bar. Bo`liwdin` bul tu`ri nemis alımı Edmund Gusserl menen avstriyalı psixolog Karl Byuller atları menen baylanıslı. Bul alımlar tillik tan`balar bildiretug`ın ma`nilerine qaray simptomlar, signallar, simvollar dep u`shke bo`ledi. Bunın` birinshisin xabar beriwshinin` ishki psixikalıq halın bildiretug`ın tan`balar deydi de, og`an uh, ah, pah usag`an so`zlerdi jatqaradı. Olardın` xızmetin tildin` ekspressivlik xızmeti deydi. Signallarg`a u`ndew, shaqırıwı, qaratıw ma`nide qollanılatug`ın so`zlerdi jatqaradı, olardı tildin` appelyativlik xızmeti deydi. Tildin` xızmetinin` ishindegi en` a`hemiyetlisi- simvollıq xızmet. Adamlardın` bir-biri menen so`ylesiwin, pikir alısıwın iske asıratug`ın - usı simvollıq tan`balar. Simvollıq tan`balardın` xızmetin repezentativlik, yamasa kommunikativlik xızmet dep ataydı.

Lingvistikalıq tan`balardın` lingvistikalıq emes tan`balardan bir talay o`zgesheliklerin ko`riwmizge boladı.

1. Seslik til menen onın` tan`baları a`piwayı semiotikalıq tan`balarday tek bir na`rselerdi xabarlap g`ana qoymastan,sonın` menen ol-du`n`yanı tanıp- biliwdin` quralı. Sonlıqtan tilde

tan`balıq sıpat bar,til-tan`balar sisteması, yamasa semiotikalıq sistema degende, onı tillik emes a`piwayı tan`balar menen qatar qoyıwg`a bolmaydı.

2. Lingvistikalıq tan`balarg`a tan`balıq xızmetti belgili birewler arqalı aldın ala jasalg`an kelisim boyınsha belgilep bermeydi. Ol sol tilde so`yleytug`ın pu`tkil xalıqtın` tabısı,sonlıqtan ol tillik ja`ma`a`t ag`zasının` barlıg`ına da belgili, ulıwma xalıqlıq boladı.

3. Lingvistikalıq tan`ba adamzat o`mirinin` barlıq tarawında, ja`miyet ag`zasının` barlıg`ı ushın da birdey da`rejede (kerisinshe ken` ko`lemde qollanıladı.Onın` beretug`ın xabarı sheksiz.

4. Kerek jerinde belgili-maqsetlerge sa`ykes tillik tan`balardı tu`rlendirip qollanıwg`a boladı. Onın` tu`rli xabarlardı ja`n-jaqlı etip qubıltıp, o`zgertip, ken`eytip beriw mu`mkinshiligi tan`balardın` usınday ko`piliginde. Sonlıqtan alımlar lingvistikalıq tan`banı «barlıg`ın aytıwg`a shaması keletug`ın (A.Martin)» barlıq basqa semiotiklardı awdarıwg`a bolatug`ın (L. El`melov) «Barlıq tiptegi tan`balardın` orkestorı» (T. Milovskiy) dep anıqlaydı.

5. Lingvistikalıq emes tan`balar sistemasında tan`banın` bir g`ana predikativlik ma`nisi g`ana boladı. Ol mayda tan`bag`a bo`lsheklenbeydi. O`z sistemasındag`ı basqa tan`balar menen ma`nilik jaqtan baylanısı bolmag`anlıqtan ha`r tan`banın` o`zine belgilep berilgen da`slepki mazmunı o`zgermeydi, basqa tan`balar mazmunına ta`siri bolmaydı. Tillik emes tan`balar o`nimsiz bolatug`ını usınnan.

Al lingvistikalıq tan`balardın` quramı menen sisiteması basqasha. Tan`banın` eki tu`ri boladı: onın` biri - nominativlik tan`balar (so`zler, frazeologiyalıq dizbekler) ekinshisi -sintaksislik (ga`pler). Sonın` menen birge olar o`z-ara iearxiyalıq qatnasta boladı.

6. Tillik tan`balardın` basqa tan`balardan ob`ektiv o`mir shınlıg`ın sheber jıynaqlap bere alıwı, basqa tan`balarday tek kommunikativlik g`ana emes al ekspressivlik te, paradigmatikalıq ta, reprezentativlik te, signifikativlik te xızmet atqaradı.

7. Tillik tan`balardın` emotsionallıq ekspressivlik xızmeti tek lingvistikalıq tan`balarg`a g`ana ta`n.

8. Ja`ne bir o`zgesheligi tan`ba menen tan`balardın` arasındag`ı baylanısının` erkinligi.

9. Lingvistikalıq tan`balardın` tag`ı bir o`zgesheligi tan`ba menen tan`balanıwshı arasındag`ı qarım-qatnas.

Til tan`baları o`zlerinin` qurılısı, baylanıslılıg`ı xızmeti jag`ınan pu`tin bir sistemanı quraydı. Olardın` ishinde qurılısı jag`ınan kishkene ha`m qospalı tan`ba birliklerin ko`riwge boladı. Ma`selen: fonema, morfema basqa qospalı tan`balarg`a, ma`selen, so`z ha`m ga`pke qarag`anda kishi tan`balar bolıp tabıladı.

Til biliminde tildin` tan`balar sistemasında tolıq tan`ba sıpatında ga`p, al tiykarg`ı tan`ba sıpatında so`z tanıladı. So`z tilden tısqarı sotsiallıq informatsiyanı beriwde belgili bir ug`ımnın`

simvolı tolıq tan`ba arqalı jasalatug`ın ha`m an`latılatug`ın mazmundı payda etiwde tiykarg`ı birlik boladı.

Usının` menen birge  so`z tiykarg`ı tan`ba sıpatında anaw ya mınaw predmet yamasa qubılısqa qatnaslı, ulıwmalastırıwshı, nominativlik, xabarlawshı, pragmatikalıq yag`nıy aytıwshı menen tın`lawshının` sezimlerin de bildiretug`ın xızmetlerdi atqaratug`ın uqıplılıqqa iye.

Tildin` tan`balıq qa`siyetin anıqlaw ha`m biliw sog`an sa`ykes tildin` ishki ha`m sırtqı qurılısına, materiallıq ha`m ideallıq ta`eplerin tolıg`ıraq u`yreniwge mu`mkinshilik beredi.

Solay etip til tan`balı xarakterge iye. til tan`baları turaqlı sistema sıpatında jasaydı. Ja`ma`a`t sanasında traditsiyalıq qabıl etilgen, qa`liplesken, ol adamlardın` sotsiallıq turmısının` talabına, ja`miyetlik talapqa qaray o`zgerislerdi qabıl etedi ha`m rawajlandıradı.

**Til qurılısı ha`m sisteması.**

1. Til qurılısının` elementleri (birlikleri).

2. Til sistemasının` yarusları.

Qurılıslıq (strukturalıq) ha`m sistemalıq qa`siyet tilge ta`n. Til qurılısının` o`z-ara qatnaslı bolg`an elementlerinen turadı. Olar mınalar:

a) Ses fonema

b) Morfema

v) So`z

g) Ga`p.

Bular (til elementleri) bir-birinen sapası jag`ınan ajraladı.

Sesler (fonemalar) - bular qulaqqa esitiletug`ın a`piwayı sesler emes, al tildin` materiallıq tan`baları.

Til sesleri (fonemalar) birinshiden esitiw ag`zaları ta`repinen qabıl etiledi. Ekinshiden bir so`zdi ekinshi so`zden, bir morfemanı ekinshi morfemadan ajratadı. Mısalı: n, n` sesleri tok, ton` degen so`zlerdi bir-birinen ajratadı. (Mısallar: ku`n-tu`n-ju`n//ju`k-ju`z-ju`r).

Morfema semantikalıq ta`rep penen fonetikalıq ta`replerdin` birlikleri turatug`ın en` kishi til birlik (element). Mısalı: ten`e so`zi eki morfemadan quralg`an ten` ha`m -e. Bundag`ı -e morfemasının` sintaksislik ta`repi = hal feyillik ma`nisi, fonetikalıq ta`repi - onın` e foneması ekenligi.

So`zler - zatlar menen qubılıslardı, sapa menen belgisi, is-ha`reket penen qıymıldı ha`m t.b. ataydı. So`zdin` bunday xızmeti-nominativlik xızmet dep ataladı.

Ga`p- belgili bir oydı bildiredi.Xabarlaw xızmetti atqaradı.So`z nominativlik xızmet atqarg`an bolsa, ga`p kommunikativlik xızmet atqaradı.

Til o`zinin` qatnas quralı bolıw xızmetin usı ga`pler arqalı g`ana a`melge asıradı.

Til qurılısının` elementleri tilde o`z-ara bir-biri menen baylanıslı bolıp, birlikte boladı. Mısalı ga`p bir g`ana so`zden (Tu`n.Vokzal. Jolawshılar), so`z bir g`ana morfemadan (ay,at). Morfema bir g`ana fonemadan.(barsa-m, ko`rse-n`) turıwı mu`mkin.

Til qurılısının` ha`r bir tarawı (yarusı) mısalı fonetikalıq, morfologiyalıq, leksikalıq sintaksislik taraw-n` ha`r qaysısının` o`z sisteması boladı. Ha`r bir sistemag`a tiyisli bolg`an elementler sol sistemanın` azaları retinde xızmet etedi.Sistema degenimiz o`z-ara tıg`ız baylanıslı bolg`an bir tekles elementlerdin`
birligi.

Tildin` sistemalı sıpatı onın` barlıq tarawlarınan-fonetikalıq, leksikalıq, gramatikalıq tarawlarınan ko`rinedi. Ma`selen belgili bir tildin` fonetikasında «dawıslı sisteması» «dawıssızlar

sisteması» dep atalıwıda teginnen tegin emes. Tu`rkiy tillerinde sonın` ishinde qaraqalpaq tilinde dawıslılardın` juwap-jin`ishke, erkinlik-eziwlik, ashıq-qısıq dawıslılar bolıp, jup-jubı menen kelip ha`m olardı bir-birine qarama-qarsı qoyılıwı tildin` seslik ta`repinde de bir sistemanın` bar ekenliginen da`rek beredi. Bunday sistemalıq dawıssızlardın` arasında da ko`rinedi. Ma`selen p-b. Bulardın` biri u`nsiz, biri u`nli jasalıw ornı boyınsha birdey dawıssızlar-erinlik dawıssızlar dep qaraladı.

Sistemanın` elementleri birdey bolg`an elementler retinde o`z-ara qarım-qatnasta, baylanısta o`mir su`redi. Ma`selen, seplik siteması keminde eki sepliktin` bolıwın talap etedi, yag`nıy bir seplik o`zliginen sepliktin` sistemasın payda ete almaydı. Betleniw ha`m tartımlanıw sisteması tuwralı, birinshi betten basqa ekinshi ha`m u`shinshi bettin` bolg`anında g`ana so`z ete alamız.

So`zlerdin` o`zgeriwi, tu`rleniwi, olardın` biri-biri menen dizbeklesiwi arqalı ga`plerdi du`ziliwi qalay bolsa solay emes, al belgili bir zan`lıqlarg`a, qag`ıydalarg`a bag`ınadı, belgili bir formalar boyınsha a`melge asadı. Ha`r bir so`z o`zinshe o`zgerip, o`zinshe tu`rlenbeydi. So`zlerdin` o`zgeriwi menen tu`rleniwinin` belgili bir forması menen belgili bir siteması boladı. Bunday formalar tek bir so`zde emes, al belgili bir toparg`a kiretug`ın so`zlerdin` barlıg`ın qamtıydı. Mısalı: qaraqalpaq tilinde feyildin` awısqan ha`zirgi ma`ha`l formasının` betleniwi -man, -san`, -dı formaları arqalı betlenedi. (oqıy-man, oqıy-san, oqıy-dı). Bul formalar feyillerdin` ba`rine de birdey ortaq boladı.

So`zler belgili formula boyınsha seplenedi, tartımlanadı, belgilenedi. Demek, so`zlerdin` sepleniw siteması, tartımlanıw sisteması, betleniw sistemasının` ha`r qaysısı so`zlerdi belgili bir toparına ta`n ja`ne sol toparg`a kiretug`ın so`zlerdin` ba`rin birdey qamtıytug`ın sistema retinde xızmet etedi.

Til birlikleri o`z-ara tıg`ız baylanısta boladı. Ma`selen, leksikalıq birlik retinde so`zdi alıp qarayıq. So`zde belgili bir leksikalıq ma`ni menen grammatikalıq ma`ni boladı. So`zdin` leksikalıq birlik retinde o`mir su`riwi ushın onın` seslerdin` dizbeklesip aytılıwı ja`ne belgili bir ma`nige iye bolıwı sha`rt. Usının` menen birge so`z grammatikalıq formag`a da iye boladı. Demek, so`zde tildin` leksikalıq (ma`nilik) fonetikalıq (seslik) grammatikalıq ta`repleri boladı.

Tildegi grammatikalıq qubılıslar fonetikalıq qubılıslar menen baylanısta boladı. Ma`selen, pa`t a`dette fonetikalıq qubılıs dep esaplanadı. Pa`tti jıljımalı tillerde (rus tili) pa`t so`zdin` morfologiyalıq formasın ajratatug`ın grammatikalıq usıl retinde xızmet etedi.

Sistemalı bolmag`an na`rseni yadına saqlaw qattı qıyın. Eger tilde sistema bolmag`anda onda til adamnın` yadında saqlanbag`an bolar edi, qatnas quralı, pikir almasıwdın` quralı retinde xızmet ete almas edi. Tildin` sistemalılıg`ı onı qatnas quralı retinde paydalanıwg`a mu`mkinshilik beredi Tilde sistemalıq qa`siyettin` bolg`anlıqtın` da, biz basqa bir shet tildi oqıp u`yrene alamız.

Lingvistikalıq a`debiyatlarda usı ku`nge shekem til sistemasına anıqlama beriwdi tu`rlishe pikirlerdin` barın ko`riwmizge boladı. Solardın` ishinde G.P.Mel`nikovtın` til sistemasına bergen pikirlerin ilimiy jaqtan maqul ekenligi ko`plegen ilimiy miynetlerde so`z boladı. Ol «Sistema degende real` substantsiyag`a bir-biri menen konkret baylanıs qatnas sxemasına, yag`nıy qurılısına iye o`z-ara baylanıslı qa`legen quramalı birlikti tu`siniw kerek». Demek, sistemanın` qurılısı onın` a`hemiyetli, biraq xarakterlewshi bir g`ana ta`repi ekenligin, al ekinshi xarakterlewshi ta`repi sistemanın` substantsiyası bolatug`ınlıg`ın ko`riwge boladı. Usı ko`z qarastan sistema degen tu`siniktin` qanday da bir ob`ektlerdin` birigiwi, olardın` o`z-ara qatnası degendi an`latılatug`ının,sistemag`a kiretug`ın ob`ektlerdin` elementler dep atalatug`ınlıg`ı bul birikpenin` o`zinin` sostav bo`leklerinen ayırması sıpatında bir pu`tinde qaraytug`ınlıg`ın eskertedi. Solay etip, sistema o`z-ara qatnaslı ha`m baylanısqan elementlerden turatug`ın pu`tin ob`ekt bolıp tabıladı. Ha`r qanday sistema, onda jeke elementler ayırılıp turatug`ın bolg`anlıqtan diskretli boladı, yag`nıy ayrım bo`leklerden turadı, demek diskretlilik ha`r bir sistemanın` a`hemiyetli qa`siyeti bolıp tabıladı degen juwmaqqa keldi.

Haqıyqatında da tildin` sisteması ha`m qurılısına na`zer awdarsaq, onın` o`z-ara qatnaslı ha`m baylanıslı elementlerinin` pu`tin bir ob`ekt sıpatında ko`rinetug`ının, sonın` menen birge onın` diskretli xarakterde ekenligin an`laymız. Ma`selen, tildin` tarawları fonetika, leksika, grammatika, stilistika t.b. bir-biri menen o`z-ara qatnasta, baylanısta turatug`ın til degen pu`tin bir sistemanın` elementleri bolıp tabıladı, sonın` menen birge olar sol sistemanın` jeke elementleri sıpatında ayrılıp turatug`ın diskretli qa`siyetke iye. Sonday-aq usı tarawlardın` (tarmaqlardın`) ha`r qıylısı o`z gezeginde sa`ykes o`z-ara baylanısta. Qatnasta birinshi, bir pu`tindi quraytug`ın ob`ektten turadı. Demek, tildin` fonetikalıq sisteması da, leksikalıq sisteması da, so`z jasaw sisteması da, morfologiyalıq ha`m sintaksislik stilistikalıq sisteması da o`z gezeginde diskretli degen so`z. Tildin` sisteması menen qurılısı biri-biri menen tıg`ız baylanısta ha`m g`a`rezlilikte. Qurılıs degende sistemanın` ja`ne elementlerinin` biri-biri menen turaqlı tu`rde baylanısıw birligin ko`rsetetug`ın quralı, onın` ishki sho`lkemlesiw formasın tu`siniw kerek. Bılayınsha aytqanda, qurılıs tu`sinigi elementlerdin` jaylasıw forması, olardın` anau ya mınau ta`replerinin` o`z-ara ha`reket etiw xarakteri ha`m qa`siyeti degendi an`latadı. Usı ma`nide sistemanın` qurılısı ishki sistemalıq baylanıslardın` jıynag`ı bolıp tabıladı.

Ko`pshilik jag`daylarda til sisteması degendi til birliklerinin` kategoriyaları, yaruslarg`a tiplik qatnasları boyınsha ja`mlesiw dep bahalaydı, ol til qurılısı bolsa sol yaruslar menen bo`leklerdin` o`z-ara qatnasın payda etedi.

Al, til kategoriyaları degenimiz neW Ma`selen, seplik kategoriyası tiykarınan atlıq so`zler toparına ta`n kategoriya bolıp tabıladı. Ol so`z dizbegi ha`m ga`plerde atlıqlardın` basqa so`zlerge qatnasın an`latadı, siktaksislik xızmetine baylanısına qarap anaw yamınaw seplik formasın qabıl

etedi. Aytayıq,qaraqalpaq tilinde altı seplik forması bar  ataw, iyelik, barıs, tabıs, shıg`ıs, orın. Olardın` ha`r qaysısı o`zine ta`n atlıq so`zdin` basqa so`zler menen ga`p ishinde qatnasına, baylanısına, sintaksislik xızmetine qaray, sa`ykes formalarına(jalg`awlarına) iye:  bala, balanın`, balag`a, balanı, baladan, balada.

Usı seplik forma-n o`zlerinin` tildegi bir tipli qubılıs sıpatında o`z aldına basqa bir tiples birliklerden ayrılatug`ın kategoriyanı quraydı. Bunı seplik kategoriyası dep ataymız. Al ko`plik kategoriyası bolsa bir predmet penen ko`p predmetti qarama-qarsı qatnasta qoyıw arqalı tu`siniledi.

Til sistemasın payda etiwshi onın` qurılısına ta`n yaruslar boladı. Til degenimiz-tildin` bir tilles birlikleri ha`m kategoriyalarının` jıyındıg`ı, ha`r qanday yarus o`zine ta`n qurılısına, o`zinin` sa`ykes birliklerine ha`m kategoriyalarına iye.

A`dette til qurılısında onın` tarmaqları sıpatında fonetikalıq, leksikalıq, morfologiyanı, sintaksisti o`z aldına ayrım ko`rsetiw ha`m u`yreniw praktikası bar. Durısında da olar til sisteması menen qurılısındag`ı tiykarg`ı qospalı sostav elementlerinen ibarat. Solay da til sistemasın payda etiwshi baylanıslı ha`m ishki sho`lkemlesken elementlerdi payda etiwshi elementlerdi tildegi bir tiples birliktin` ha`m kategoriyalardın`  jıyındıg`ı sıpatında, yag`nıy til yarusları sıpatında u`yreniw maqetke muwapıq keledi.

Bunday yaruslar retinde til bilimi fonetikalıq-fonologiyalıq, morfemalıq - morfologiyalıq, so`z jasaw, sintaksislik yaruslar so`zde tutıladı.

Fonetikalıq- fonologiyalıq yarus.

Adamzat tilinin` qurılısındag`ı en` kishi birlik til sesi bolıp tabıladı. Seslerdi-so`zler, so`zlerdi-so`z dizbekleri, ga`p jasaladı. Til birliklerinin` nominativlik ha`m kommunikativlik birlik retinde ga`pti tappaydı.

So`ylew sesleri de bir-biri menen baylanısta, qatnasta o`mir su`retug`ın pu`tin bir sistemanı quraydı. So`ylew sesi til iliminde ha`r ta`repleme u`yreniledi. Ol ja`miyetlik xızmeti ko`z-qarastsn da, jasalıwına baylanıslı akustikalıq ha`m fiziologiyalıqko`z-qarastan da qaraladı. Fonetika so`ylew sesinin` payda bolıwı, jasalıwı usag`an ma`selelerdi u`yretse, olardın` xızmetine baylanıslı ta`repi fonologiyag`a tiyisli.

So`ylew seslerinin` jasalıw jolları olardın` akustikalıq qa`siyetin u`yrenetug`ın til iliminin` bir tarawına fonetika dep ataydı da, ol fonologiya bolsa so`ylew sesleri so`zler ha`m morfemalıq seslik qabıg`ın ayırıw quralı retinde u`yrenip, sesler, ses birikpelerinin` funktsionallıq qa`siyeti ha`m ma`nilik jaqtan ayırıwshı belgileri haqqındag`ı ma`selelerdi izertleydi. Onda tiykarg`ı birlik fonema bolıp tabıladı. Fonema so`z ha`m morfemalardın` seslik qabıg`ın ayırıwg`a uqıplı, differentsionallıq belgilerdin` iske asıw ko`rinisin an`latadı ha`m seslik tildin` jasalıw sistemasında en` kishkene birlik esaplanadı. Onın` ma`ni ayırıwshı xızmeti tiykarg`ı belgilerdin` biri bolıp tabıladı.

Leksikalıq-semantikalıq yarus.

Tildin` so`zlik quramın u`yretetug`ın ilim leksikologiya dep ataladı da, ol so`z ma`nilerine baylanıslı ma`seleler semasiologiyalıq ob`ekti boladı. Leksikalıq-semantikalıq yarus bir-biri menen og`ada baylanıslı bolg`an leksikologiya ha`m semasiologiyanı o`z ishine aladı.

Semasiologiya tiykarınan alg`anda leksikologiyanın` ajralmas bir tarawı bolıp esaplanadı.

Leksikologiya jeke so`zlerdi g`ana emes al olardı so`zlik quramın ishinde qarap, so`zler jıynag`ın belgili bir nızamlıq tiykarında payda bolg`an ha`m rawajlanatug`ın pu`tin bir sistema sıpatında u`yretedi. Al, semasiologiya bolsa so`zlik quramdı ma`nilik jaqtan u`yretedi. Onı so`zdin` leksikalıq ma`nileri qızıqtıradı. So`zdi so`zlik quramının` bir elementi sıpatında tu`rli planlarda bahalaw a`lbette onın` ma`nilik xarakteristikasına baylanıslı. Sonlıqtan leksikalıq birlik o`zine ta`n ma`nilik te baha aladı. Bul jag`day leksikologiya menen semasiologiya arasındag`ı birlikten, jaqınlıqtan, o`z-ara qatnaslı baylanıstan derek beredi.

Semasiologiyanın` leksikologiyanın` ishinde qaralıwı da usıdan kelip shıqqan.

Morfemalıq-morfologiyalıq yarus.

So`z qurılısına itibar bersek, olar bir-neshe ma`nili bo`leklerden turatug`ınlıg`ın ko`remiz. Usı ma`nili bo`lekler til biliminde morfemalar dep ataladı. Morfemalar so`z formasın quraydı. Ol tildin` morfolgiyalıq qurılısına tiykarg`ı birlik sıpatında ko`rinedi. Morfema grammatikalıq formanı, yag`nıy so`z formasın jazıwg`a xızmet etedi. Olar tildin` morfemalıq-morfologiyalıq yarusında paradigmatikalıq qatnasqa tiykarlanadı, yag`nıy ulıwmalıq yamasa usaslıq belgileri arqalı tolıqtırıladı ha`m ayrıladı. Mine, sonlıqtan da morfemalıq-morfologiyalıq yarusta tiykarg`ı belgilerdin` tu`rleri retinde morfemalar menen so`z forması na`zerde tutıladı. Eger balalıqta degen formanı ma`nili bo`leklerge ajratsaq, onda bala-lıq -ta degen ma`nili elementler, yag`nıy morflar ayrılıp turadı. So`zdin` bo`leginde predmetlik - zatlıq ma`ni bar, al ekinshi bo`limde grammatikalıq ma`ni.

So`z jasaw yarusı.

Jaqın uaqıtlarg`a shekem til iliminde so`z jasaw tildin` morfologiyası tariyxında qaralıp keldi. Son`g`ı da`wirlerde so`z jasaw til iliminin` ayrıqsha bir bo`limi, basqa yaruslarg`a qarag`anda o`zine ta`n belgilerine iye, yag`nıy sa`ykes qatnaslı baylanısqa iye bir tiples elementlerden turadı. So`z jasaw ha`zir til iliminde so`zlik quramında bar so`zlerden ekinshi bir so`zlerdi jasawdın` usılları ha`m quralları, do`retiwshi ha`m do`rendi so`zler arasındag`ı o`z-ara baylanıs haqqındag`ı ilim tarawı. Bul tarawdın` tiykarg`ı wazıypası morfemalardın` xızmetin u`yreniw. So`z forması tu`bir ha`m affiks morflarınan turadı: barıw (bar-ıw) barlıq (bar-lıq) t.b. Affiks morflar degende prefiks - suffiks jalg`awların ko`zde tutamız. Suffiks morfları so`z jasaw xızmetin atqarsa, jalg`aw morfları so`z tu`rlendiriwshiler bolıp tabıladı. Ma`selen, orıs tilinde prefiks morfı aktiv: vıpisat`, pripisat`, zapisat`, perepisat`, propisat`, t.b. Tu`rkiy tillerine prefiksler ta`n emes.

Sintaksislik yarus.

Tildin` kommunikativlik xızmeti til birliklerinin` belgili bir mazmung`a baylanıslı logikalıq jaqtan nızamlı tu`rde qa`liplesiwi arqalı iske asadı. Sintaksisliq yarustın` tiykarg`ı birlikleri so`z dizbegi ha`m ga`p. So`z dizbegi ga`pti du`ziwge qatnasadı. So`z dizbegi so`zge uqsap polinatsiyalıq xızmet atqarıwg`a uqıplı. Olar grammatikalıq jaqtan sho`lkemleske ma`nili so`zlerdin` birigiwinen jasaladı. Ga`p qurılısı boyınsha ja`ma`a`t sanasındag`ı qatnas, oy-pikirdi an`latıwdın` u`lgisi retinde ko`rinedi.

Tildin` yarusları til biliminde sa`ykes ilim tarawlarının` ob`ektin quraydı. Usıg`an qaray til biliminin` bir neshe tarawları bar: fonetika, leksikologiya, grammatika, so`z jasaw, stilistika, semasiologiya, frazeologiya, leksikografiya, etimologiya ha`m t.b.

A`debiyatlar.

1. E. Berdimuratov., A. Dauletov. Til bilimine kirispe. No`kis 1988,12-38- betler.
2. Axanov K. Til biliminin` negizderi. Almatı. 1993 38-68 betler.
3. V.I.Koduxov Vvedenie v yazıkoznanie. M. 1997 40-46 betler.
4. Kuchkortoev M., Kuchkortoeva R. Tilshunoslikka kirish. T. 1976.

Fonetika ha`m fonologiya.

JOBA

1. Fonetika-til sesleri haqqındag`ı ilim.
2. Fonetikanın` lingvistikalıq ha`m lingvistikalıq emes ilimler menen baylanısı.
3. Fonetikanın` tarawları.
4 . Fonema haqqında tu`sinik.

Fonetika grekshe rone-»ses», «dawıs» degen ma`nini bildiredi. Fonetikada seslerdin` jasalıwı, esitiliwi, tildin` seslik quramı ha`m sisteması, seslik nızamlar ha`m olardın` rawajlanıwı izertlenedi. Sonday-aq buwın, pa`t, intonatsiya sesler arqalı ju`zege asatug`ınlıqtan, olarda usı fonetika tariyxında qaraladı.

Fonetikalıq qubılıslar menen jazıw ma`selesi de tıg`ız baylanıslı. Tildin` awızsha so`ylew normaları (orfoepiya). Jazıw qa`deleri tikkeley fonetika ilimine tiykarlanıp du`ziledi. Sonlıqtan tildin` awızsha ha`m jazba ta`repleri tildin` fonetikanın`
birden-bir izertlew ob`ekti bolıp esaplanadı.

Belgili bir ses-fonema tu`rli fonetikalıq jag`day-da so`zdin` tu`rli pozitsiyalarında ha`r qıylı sesler menen tu`rli kombinatsiyalarda og`ada ko`p so`z-de azlı ko`pli o`zgeshelikler menen jumsaladı.Mısalı,tu`rkiy tillerindegi sesler u`nlesligin ko`rsetiwge boladı.

Qap-qabı, kitap-kitabı, terek-teregi, bilek-bilegi, azıq- azıg`ı.

Fonetika iliminin` praktikalıq a`hmiyeti ha`m og`ada u`lken. Durıs jazıwg`a, oqıwg`a u`yreniw metodikası, shet tilin u`yreniw fonetikasız sheshilmeydi.

Fonetika til biliminin` basqa tarawları ushın da og`ada u`lken a`hmiyetke iye. Sebebi sesler arqalı adamnın` oyı so`ylew protsessinde jarıqqa shıg`adı.

Bul fonetikalıq mag`lıwmatlardı esapqa almay turıp tildi izertlewge bolmaytug`ınlıg`ın ko`rsetedi.

Fonetika lingvistikalıq ilimnin` bir tarawı bolıp, ol leksikologiya, morfologiya ha`m sintaksis sıyaqlı lingvistikalıq ilimler menen tıg`ız baylanıslı. Sebebi barlıq fonetikalıq qubılıslar ha`m protsesslerde so`zlerde, so`z dizbeginde, ga`p ishinde boladı.

Leksikologiya ilimi menen fonetikanın` baylanıslı bolıwı leksikologiyanın` tiykarg`ı izertlew ob`ekti bolg`an so`zler bir-birinen sesler arqalı, seslik o`zgeshelikleri arqalı ayrılıp turadı.

Fonetika morfologiya menen tıg`ız baylanısındag`ı o`zgerislerdi anıqlawda ko`rinedi. Morfologiya bul ma`selede fonetikalıq qa`delerge su`yenedi.

Fonetika sintaksis penen de tıg`ız baylanıslı. Sintaksistin` izertlew ob`ekti bolg`an ha`r bir ga`p o`zinin` intonatsiyalıq o`zgesheligi menen aytıladı. Xabar, soraw, u`ndew, bu`yrıq sıyaqlı ga`ptin` ha`r tu`ri o`zlerine ta`n bolg`an intonatsiyasına iye.

Seslik o`zgerislerdi ha`m olardın` nızamların esapqa almay turıp leksikalıq grammatikalıq qubılıslardın` kelip shıg`ıwın anıqlawg`a bolmaydı. Solay etip, tildin` tariyxıy da`wirler dawamında rawajlanıw tu`rli basqıshlarındag`ı seslik o`zgerislerdi
ha`m olardın` sebeplerin izertlew ma`selesi, til biliminin` barlıq tarawları ushın da u`lken a`hmiyetke iye.

Fonetika lingvistikalıq emes ilimler menen de baylanısadı. Solardın` ishinde fonetika akustika ha`m fiziologiya ilimleri menen ko`birek baylanıslı. Sebebi ta`biyattag`ı basqa barlıq sesler sıyaqlı til sesleride fizikalıq (akustikalıq ) qubılıs bolıp, ol haua boslıg`ının` qozg`alısı arqalı jetkeriledi ha`m adamnın` esitiw ag`zaları arqalı qabıl etiledi.

Til seslerin teren` u`yreniw ushın adamzat tiline ortaq seslik qubılıslardı da, jeke tilge ta`n bolg`an seslik qubılıslardı da izertlew kerek boladı. Izertlenetug`ın ob`ektlikke baylanıslı fonetika ilimi eki tarawg`a bo`linedi: ulıwma fonetika ha`m jeke fonetika. Ulıwma fonetika pu`tkil adamzat tiline yamasa bir topar du`n`ya tillerine ulıwmalıq sıpatqa iye bolg`an lingvistikalıq qubılıslardı izertleydi.

Jeke fonetika konkret bir tildi seslik nızamların so`z etedi. Ma`selen, qaraqalpaq tilinin` tillik nızamları qaraqalpaq tilinin` fonetikasında rus tilinin` seslik nızamları rus tilinin` fonetikasında so`z etiledi.

Jeke fonetikanın` o`zi izertlew ob`ektlerinin` xarakterlerine baylanıslı sıpatlama fonetika, tariyxıy fonetika, salıstırma fonetika bolıp bo`linedi.

Sıpatlama fonetika ha`zirgi tildin` seslik sistemasın, fonetikalıq quramın ha`m ha`zirgi qa`lpindegi tildin` barlıq seslik nızamların izertleydi.

Tariyxıy fonetikada tildin` seslik qurılısının` tu`rli tariyxıy da`wirlerde rawajlanıwı, o`zgerislerge ushırawı so`z etiledi.

Salıstırma fonetika konkret tildin` seslik qubılısların basqa tillerdin` seslik qubılısları menen salıstıra otırıp olar ortasındag`ı uqsaslıq ha`m ayırmashılıqlardı anıqlaytug`ın fonetikanın` ayrıqsha bir tarawı bolıp sanaladı.

Tillerdin` seslik sisteması ha`r qıylı. Olardag`ı seslerdin` sapasıda birdey emes. Gey bir seslerdin` yamasa olardın` o`zgesheliklerinin` bir til ushın ju`da` a`hmiyetli bolsa, al ekinshi bir til ushın a`hmiyeti bolmaydı.

Ma`selen, anglichan, nemets, frantsuz, qırg`ız, tu`rkmen, oyrot tillerinde dawıslı seslerdin` qısqa ya sozılınqı aytılıwı so`z ma`nisin ajratıwg`a ta`sir etedi. Rus, qazaq, tatar tillerinde olardın` qısqa yamasa sozılınqı aytılıwının` ma`nige hesh qanday ta`siri bolmaydı. Ma`selen, nemets tilinde stat- (qala) degendi bildirse staat (ma`mleket) degendi bildiredi.

Fonema degenimiz de til sesleri, olar so`z ma`nisin o`zgertip, morfemalardı ajıratatug`ın ses.

So`ylew waqtında artikulyatsiyalıq ha`m akustikalıq qa`siyetlerine qaray otırıp so`zlerdi dara-dara seslerge ayırıw mu`mkin emes. Ma`selen, Qulan degen so`zdi aytıwg`a barlıq so`ylew ag`zaları qatnasadı. Bul so`zdi aytıwda so`ylew ag`zalarının` izbe-iz qatnasına qaray onı bo`lek-bo`lek seske bo`liw ha`m ol seslerdin` arasınan anıq shegara belgilew mu`mkin emes.

Seslerdin` klassifikatsiyası.

J O B A

1. Til sesleri ha`m olardı izertlewdin` akustikalıq, artikulyatsiyalıq ha`m lingvistikalıq aspektleri.

2. Seslerdin` klassifikatsiyası.

3. Dawıslı sesler ha`m olardın` klassifikatsiyası.

4. Dawıssız sesler ha`m olardın` klassifikatsiyası.

Til seslerin u`yreniw og`ada quramalı qubılıs. Sonlıqtan seslerdi ha`r tu`rli ko`z-qarastan izertlew talap etiledi.Birinshiden, en` aldı menen til seslik til bolg`anlıqtan ta`biyattag`ı tolıp atırg`an basqa sesler sıyaqlı til sesleri de o`zinin` fizikalıq ta`biyatına iye boladı ha`m ol fizikada u`yreniledi. Ekinshiden, so`ylew ha`m qabıl etiw adam ta`repinen iske asırılatug`ın qubılıs. So`ylew belgili da`rejede adam organiziminin` atqaratug`ın xızmeti bolg`anlıqtan ol anatomiyalıq fizilogiyalıq ko`z-qarastan da izertlenedi. U`shinshiden til seslerinin` en` a`hmiyeti tag`ı sonda, olardın` ja`rdeminde adam o`z pikirin bayanlaydı.Basqasha aytqanda, til sesleri,ja`miyette qatnas quralı xızmetin atqaradı. Bul seslerdin` en` baslı ta`repi, sonlıqtan fonetika seslerdin` sotsiallıq ta`repine ko`birek itibar beredi. Sonın` menen birge fonetika anaw ya mınaw seslik qubılıstı durıs ha`m teren`irek u`yreniw ushın fizikalıq,fiziologiyalıq materiallardan da paydalanıladı.

Ta`biyattag`ı seslerdin` teoriyası fizikanın` akustika bo`liminde izertlenedi.

Til sesleri ta`biyattag`ı tolıp atırg`an basqa sesler sıyaqlı hawanı ta`rbeltip, onı tolqın ta`rizli ha`reketke keltiriw na`tiyjesinde jasaladı.

Til sesleri dawıs shımıldıg`ının` dirildewi ha`m hawa ag`ımının` so`ylew ag`zaları diywallarına ta`sir etiwi na`tiyjesinde payda boladı.

Seslerge akustikalıq jaqtan sıpatlama beriwde ses ırg`ag`ı, ses ku`shi, ses tembri, seslerdin` sozımlılıg`ı menen birlikte rezonanslıq qubılıslar ko`zde tutıladı. Ses ırg`ag`ı (vısota zvuka) belgili waqıt birligindegi payda etilgen dirildinin` mug`darına baylanıslı boladı.

Ses ırg`ag`ı gerts penen o`lshenedi. Adamnın` qulag`ı shama menen 16 gertsten 20 mın` gerts aralıg`ındag`ı jiyliktegi seslerdi esitiw uqıpına iye boladı. 16 dan to`meni intra ses, 20 mın`nan joqarısı ul`tra ses, sekundına bir tolıq terbelis 1 gerts (gts) boladı.

Sesler ton (dawıs) ha`m shawqımnan jasaladı. Periodlı terbelis na`tiyjesinde payda bolg`an ses ton, al periodlı emes terbelis na`tiyjesinde payda bolg`an ses shawqım dep ataladı. Dawıslı sesler tonnan, al dawıssız sesler tiykarınan shawqımnan ibarat boladı.

Ses ku`shin o`lsheytug`ın birlik detsibel (db) boladı. Ses ku`shi terbelistin` ken`ligine baylanıslı o`lshenedi. 1 db 1 sekundta 1 $m^2$ maydansha menen o`lshenedi. Adamnın` esitiwinin` shegarası 0 db-130 db.

Fonetikanın` anatomiyalıq-fiziologiyalıq ta`repi degennen so`ylew ag`zalarının` qurılısı ha`m olardın` xızmeti tu`siniledi.Tildegi sesler jo`ninde aytqanımızda aldı menen ol seslerdin` artikulyatsiyalıq sıpatlamasın biliwimiz za`ru`r. Artikulyatsiyası jag`ınan ha`r qıylı bolg`anı ushın sesler ha`r tu`rli akustikalıq sıpatlamag`a iye boladı. Solay etip seslik ayırmashılıqlar artikulyatsiyalıq ayırmıshılıqlardan kelip shıg`adı.

Til, erin ha`m kishkene til jaylasqan awız boslıg`ı, murın boslıg`ı, jutqınshaq boslıg`ı, dawıs shımıldıg`ı jaylasqan tamaq ha`m o`kpe so`ylew ag`zaları bolıp esaplanadı.

Til seslerin payda etiw de so`ylew ag`zalarının` ha`mmesi birdey xızmet atqara bermeydi. Sonın` ushın so`ylew ag`zaları eki tu`rge bo`linedi: (Ha`reketshen` (aktiv) so`ylew ag`zaları, ha`reketshen` emes (passiv) so`ylew ag`zaları).

Ha`reketshen` so`ylew (aktiv) ag`zaları-dawıs shımıldıg`ı, til, erin, kishkene til menen qosa jumsaq tan`lay.

Ha`reketshen` emes (passiv) so`ylew ag`zaları-tisler, qattı tan`lay. Adamnın` dawıs shımıldıg`ı shama menen 40 gts 1700 gts aralıg`ındag`ı terbelisti payda ete aladı. Erlerdin` dawıs shımıldıg`ı 80-200 gts g`a shekem, hayallar 160-340 gts terbelisti payda ete aladı.

Fonetikanın` sotsiallıq ilim bolg`an lingvistikanın` bir tarawı ekenliginin` baslı sebebi tildin` ja`miyetlik qubılıs bolıwında. Tildin` ma`ni an`latatug`ın birlikleri bolg`an so`zler, ga`pler seslerden quraladı. Til seslerinin` qarım-qatnas quralı wa`ziypasın atqarıwg`a qatnası olardın` en` baslı xızmeti bolıp tabıladı. Sesler artikulyatsiyalıq - akustikalıq jaqtan so`z etilgende de olardın` lingvistikalıq xızmetin ha`r ta`repleme anıqlaw ko`zde tutıladı.

So`ylewde so`zlerdi jeke jeke seslerge ajratıw artikulyatsiyalıq jaqtan da, akustikalıq jaqtan da mu`mkin emes. Tek lingvistikalıq jol menen g`ana so`zlerdi dara-dara seslerge ajıratamız. Mısalı: sına degen so`zde to`rt fonema bar. Sebebi olardın` ha`r biri ma`ni menen tikkeley baylanıslı bolıp, morfema bola aladı.

Fonetika iliminin` tariyxında birinshi bolıp akadem. L.V. Sherba fonemanın` «ma`ni ayırıwshılıq» qa`siyetin atap ko`rsetken edi.

So`zler bir-birinen aldı menen ma`nisi boyınsha ha`m onan son` fonemalıq qurılısı boyınsha ayrıladı. Qaraqalpaq tilindegi tas, tes tıs, tis,tos, to`s,tu`s so`zleri ba`rinen burın ha`r tu`rli tu`siniklerdi an`latqanı ushın ha`r tu`rli so`zler bolıp tur.

Sonday-aq bulardın` ayırmashılıg`ı ol so`zlerde ha`r tu`rli d-lardın` bolıwına baylanıslı. Bul mısalda dawıslı fonemalar so`zdi olardın` ma`nilerin ayırıp tursa, atam, atan`, so`zlerinin` negizi bir bolıp m, ha`m n` dawıssızlardı so`zdi tu`rlendirip, ha`r tu`rli forma jasap tur. Seslerdin` bunday

xızmet atqarıwı olardın` fonemalıq funktsiyası boladı. Yag`nıy fonema so`zlerdi, olardın` ma`nilerin ha`m formaların ayırıwshılıq xızmetin atqaradı.

Fonema tilde sesler arqalı o`mir su`redi. Tildegi sesler anaw ya mınaw fonemanın` jasaw forması boladı.

Fonema dep artikulyatsiyalıq ha`m akustikalıq jaqtan o`zgeshelikke iye bolg`an, tag`ı da mayda bo`lekke bo`liwge bolmaytug`ın, so`z ma`nisin ajıratıw maqsetinde jumsalatug`ın seslik birliklerge aytıladı.

Fonema ha`r tu`rli fonetikalıq jag`daylarda ushrasadı. Tu`rli fonetikalıq jag`daylar fonemanın` aytılıwına ta`sir etip, belgili da`rejede og`an qosımsha tu`r beredi. Usınnan fonemanın` ottenokları kelip shıg`adı. Ma`selen: «d» fonemasının` birde juwan, birde jin`ishke birde juwan ha`m erkinlik, birde jin`ishke qım erkinlik halda aytılıwınan onın` ottenokları payda boladı. Qaraqalpaq tilinde «d» dawıssızı o`z aldına fonema dep tanılatug`ın bolsa konkret so`zlerdegi (dala, da`n, dos,do`n` t.b.) d,d,d,d sesleri «d» fonemasının` tildegi ottenokları so`zlerde jumsalatug`ın wa`killeri bolıp sanaladı. Sonlıqtan da L.V.Sherba fonemanı «seslik tip» dep ataydı. Solay etip fonema tilde o`zlerinin` ottenokları menen o`mir su`redi. Bul jag`ınan fonemanın` ottenokları menen tildin` sesler haqqındag`ı tu`sinikler birdey tu`sinikler bolıp esaplanadı.

Ha`r tu`rli fonetikalıq jag`daylarg`a baylanıslı payda bolg`an ottenoklar fonemanın` minnetli ottenokları delinedi. Sonın` menen birge tildin` fonetikalıq o`zgesheliklerine baylanıslı bir fonema birdey fonetikalıq jag`dayda bolıwına qaramastan belgili fonemada ha`r qıylı bolıp aytılıwı mu`mkin. Ma`selen jol-djol, jaqsı-djaqsı so`zlerindegi j ha`m dj sesleri bunday bolıp tilde bir fonemanın` (ma`selen j fonemasının` ) ha`r tu`rli ottenoklarına iye bolıwı fonemanın` fakultativ ottenokları delinedi.

Fonemanın` minneti ottenogi fonetika ushın og`ada a`hmiyetli. Fonetikalıq sebeplerge baylanıslı bul ottenoklar kombinatorlıq ha`m pozitsiyalıq ottenoklar bolıp bo`linedi.

Kombinatorlıq ottenoklar qon`sılas fonemalardın` bir-birine tiygizgen ta`sirinen payda boladı qaraqalpaq tilinde juwan dawıslılarg`a qon`sılas bolıp kelgen dawıssız sesler juwan-jin`ishke dawıslılarg`a qon`sılas bolıp kelgende sol dawıssız sesler jin`ishke bolıwı (tas so`zinde t ha`m s fonemanın` juwan, to`s so`zinde t s fonemanın` jin`ishke bolıwı) einlik dawıslılarg`a qon`sılas bolıp kelgende dawıssızdın` erinlik tu`r alıwı (ma`selen, tu`s so`zinde t ha`m s fonemasının` kombinatorlıq ottenokların payda etedi.

So`zdin` basında, ortasında, aqırında keliwine baylanıslı bolıwının` xarakterine, pa`tke baylanıslı bir fonemanın` belgili da`rejede tu`rlishi aytılıwınan fonemanın` pozitsiyalıq ottenokları jasaladı.

Til seslerin dawıslılar ha`m dawıssızlar dep eki toparg`a bo`liw erte da`wirlerden baslap-aq til biliminde da`stu`rge aylang`an.

Seslerdi klassifikatsiyalawda ba`rinen de burın olardın` so`ylewde jumsalıw o`zgesheligi, fonetikalıq qa`siyetleri, buwındag`ı tutqan ornı tiykarg`ı o`lshem (kriteriya) boladı. Sonın` menen birge dawıslılar menen dawıssızlar artikulyatsiyalıq ha`m akustikalıq jaqtan da belgili da`rejede o`zgesheliklerine iye bolıp, seslerdi klassifikatsiyalawda bul ta`repine de kewil awdarıw za`ru`r.

A`dette fonetikalıq a`debiyatlarda fiziologiyalıq (artikulyatsiyalıq) jaqtan dawıslı yamasa dawıssız dep seslerdi eki u`lken toparg`a bo`liwde o`kpeden shıqqan hawa ag`ımının` so`ylew ag`zalarının` bir jerinde tosqınlıqqa ushıraw ya ushıramaw jag`dayı esapqa alınadı. So`ylew ag`zalarının` tosqınlıg`ına ushırag`an sesler dawıssız sesler, al tosqınlıqqa ushıramag`an sesler dawıslı sesler dep tanıladı. Prof. L.R.Zinderdin` ko`rsetiwi boyınsha dawıslı ha`m dawıssız seslerdin` ayırmashılıg`ın belgilewde o`kpeden shıqqan hawa ag`ımının` pa`ti de esapqa alınıwı tiyisli. Dawıslılardı aytqanda o`kpeden shıqqan hawa ag`ımının` pa`ti ku`shsiz o`lpen` boladı, dauıssız seslerdi aytqanda kerisinshe hawa ag`ımı ku`shli boladı. Dawıssızlardı aytqanda hawa ag`ımının` ku`shli bolıwı olardın` jasalıwındag`ı so`ylew ag`zaları payda etken tosqınlıqtı jen`iw za`ru`rliginen, bolıwı mu`mkin. Na`tiyjede anaw ya mınaw dawıssız seske ta`n bolg`an shawqım payda etiledi.

Dawıslılar menen dawıssızlar artikulyatsiyasındag`ı en` ulıwmalıq ayırmashılıq belgi olardın` aytılıwında so`ylew ag`zaları muskullarının` qansha energiya jumsaw da`rejesi ha`m tosqınlıqtı payda etiw yamasa etpew qa`siyeti menen baylanıslı boladı. Anaw ya mınaw dawıssız sesti aytqanda so`ylew ag`zalarının` bir jerinde tosqınlıq payda etilip, muskullardın` keriliwi, ko`birek energiya jumsalıwı da sol dawıssız sestin` jasalg`an ornına tuwra keledi. Al onnan basqa so`ylew ag`zalarının` muskulları a`dettegi bosan qa`lpinde ku`sh tu`spegen halda turadı. Dawıslı seslerdi aytqanda tutas barlıq so`ylew ag`zalarına ku`sh tu`sip, olardın` muskulları tartılıp, kerilip turadı. Na`tiyjede ko`birek energiya jumsaladı. Dawıslı ha`m dawıssız seslerdi ajratıwdag`ı joqarıdag`ı ko`rsetilgen kriteriya en` da`slep I.A. Boduen de Kurtene ta`repinen aytılg`an edi.

Bul kriteriya dawıslılar menen dawıssızlardı ayırıwdag`ı en` ulıwmalıq kriteriya bolıp esaplanadı.

Solay etip, dawıslılar menen dawıssızlardın` klassifikatsiyalawında artikulyatsiyalıq belgiler, sonın` ishinde tosqınlıqtın` bolıw yamasa bolmaw, hawa ag`ımının` ku`shli yamasa o`lpen` bolıwı tosqınlıq etilgen ornında g`ana ko`birek energiya jumsalıw yamasa tutas so`ylew ag`zasında energiya jumsaw belgili da`rejede a`hmiyetke iye boladı.

Dawıslı ha`m dawıssız sesler akustikalıq jaqtan da o`zimshelik o`zgesheliklerge iye boladı. Dawıslı sesler o`zlerinin` anıq fomatlıq etiw strukturasına iye boladı. Dawıssızlarg`a ol xarakterli emes. Dawıslılardı ton, dawıssızlarda shawqım basım boladı.

Dawıslılardın` fonemalıq quramı ha`r tu`rli tillerde ha`r qıylı boladı. Ma`selen, qaraqalpaq tilinde tog`ız dawıslı fonema bolsa, qırg`ız tilinde onto`rt dawıslı fonema, al anglichan, rus, o`zbek tillerinde altı-altıdan fonema bar. Til biliminde dara dawıslılar monoftong, al quramalı dahıslılar diftong yamasa triftong dep aytıladı.

Dawıslı seslerdi klassifikatsiyalawdag`ı birinshi ko`z-qaras boyınsha tildin` gorizontal` jag`dayı boyınsha aldıng`ı, ortan`g`ı ha`m artqı dawıslar bolıp, tildin` vertikal` jag`dayı boyınsha joqarg`ı, to`mengi ha`m ortan`g`ı dawıslılar bolıp, erinnin` qatnası jag`ınan erinlik ha`m eziwlik dawıslılar bolıp bo`linedi.

Dawıssız sesler sisteması lingvistikalıq a`debiyatlarda konsonantizm dep te ataladı. Dawıssız sesler ya tek shawqımnan, yamasa shawqım menen birgelikte dawıstın` qatnasınan jasaladı. Dawıstın` qatnası jag`ınan dawıssız sesler u`nli ha`m u`nsizler dep bo`linedi.

Dawıssız sesler tiykarınan akustikalıq ha`m artikulyatsiyalıq belgileri boyınsha klassifikatsiyalanadı. Akustikalıq belgileri boyınsha dawıssız sesler sonorlar ha`m shawqımlılar bolıp bo`linse, artikulyatsiyalıq belgileri boyınsha eki tu`rli bolıp-jasalıw ornı ha`m jasalıw usılı jag`ınan klassifikatsiyalanadı.

Solay etip, dawıstın` qatnasıw da`rejesine qaray dawıssız seslerdi sonorlar ha`m shawqımlılar dep eki toparg`a, al shawqımlardın` o`zin u`nli, u`nsizler dep tag`ı da ekige bo`liw ko`pshilik tillerde qabıl etilgen.

Paydalanılg`an a`debiyatlar.

1. E. Berdimuratov., A. Da`wletov. Til bilimine kirispe, N., 1988, 49-94 betler.

2. Da`wletov A. Ha`zirgi qaraqalpaq tili fonetika, N., 1999. 75 -218 betler.

3. Zinder L.R. Obshaya fonetika. M.,1979,111-120 betler.

4. I.A. Boduen de Kurtene. Izbranie trudı po obshemu yazıkozaniyu, M., 1963, 262-270 betler.

5. Reformatskiy A.A. Vvedenie v yazıkoznaniya. M. 1967.

Buwın, pa`t ha`m onın` tu`rleri.

J O B A

1. Buwın ha`m onın` tu`rleri
2. Pa`ttin` ta`biyat ha`m onın` tu`rleri
3. So`zlik pa`ttin` tu`rleri ha`m olardın` rawajlanıwı.

So`ylew ag`ımı ta`biyiy tu`rde buwınlarg`a bo`linip aytıladı. So`ylewdin` en` kishkene artikulyatsiyalıq birligi buwın bolıp, ol bir sesten yamasa bir-neshe sesler dizbeginen de turıwı mu`mkin. Qa`legen ses buwın quray bermeydi. Ko`pshplik tillerde buwın jasaytug`ın sesler - dawıslılar bolıp esaplanadı. Dawıslılar o`z aldına turıp ta, dawıssızlar menen dizbeklesip te buwın jasay beredi. Du`n`ya tillerinin` ishinde ayrımlarında, ma`selen, arab, chex tilinde dawıssızlarda buwın quraydı. Serp tilinde pret (palets-barmaq) degen so`z  tek dawıssızlardan turıp, bir buwınlı so`z dep esaplanadı.

Ha`r bir buwın neshe sesten turıwına qaramastan artikulyatsiyalıq jaqtan u`sh basqıshtan turadı: energiya jumsawdın` baslanıw (o`sip barıw) basqıshı, shın`ı ha`m tamamlanıw (pa`sen`lew) basqıshı. Buwınnın` quramına kirgen dawıssız sesler mudamı energiya jumsawdın` o`siw yamasa pa`sen`lew basqıshına tuwra keledi. Al, dawıslı ses mudamı buwınnın` shın`ına tuwra keledi. Eger buwın tek jalg`ız dawıslıdan tursa, onda u`sh basqısh sol dawıslı sestin` o`zine tuwra keledi.

So`ylew ag`ımın dara seslerge bo`liw artikulyatsiyalıq belgiler tiykarında emes al tek lingvistikalıq belgiler tiykarında mu`mkin boladı. Artikulyatsiyalıq jaqtan so`ylew ag`ımı jeke seslerge emes, al buwınlarg`a bo`linedi. Sonlıqtan so`ylewdin` en` kishi artikulyatsiyalıq birlik buwın boladı.

So`zler morfologiyalıq qurılısına qaray tu`bir ha`m qosımtalarg`a bo`linse, fonetikalıq qurılısına qaray olar buwınlarg`a bo`linedi. So`zlerdin` buwınlarg`a bo`liniwi menen olardın` morfologiyalarg`a bo`liniwi mudamı sa`ykes kele bermeydi. Ma`selen: ju`r-di, gu`l-ler, o`z-lik t.b. So`zlerde buwınnın` shegarası menen morfemanın` shegarası bir jerden o`tip, sa`ykes kelip tur.

Al, gu`lim, sanas, -bul so`zlerde sa`ykes kelmeydi. Du`n`ya tillerinin` ishinde bir buwınlı yamasa monosillabikalıq tiller dep atalatug`ın tiller bar. Mine bunday tillerde tu`bir so`zler buwınlı bolıp keledi. Sonlıqtan bunday tillerdin`, so`zlerdi buwınnın` shegarası menen morfemalardın` shegarası sa`ykes keledi. Monosillabikalıq tilleri qıtay, tibet, tay tilleri.

Buwındı sho`lkemlestiriwshi dawıslı menen dawıssız sestin` ornalasıw ta`rtibine qaray buwınlar ashıq, tuyıq, qamaw bolıp u`sh tu`rge bo`linedi.

1. Ashıq-tek dawıslıdan, yamasa dawıssızdan baslanıp dawıslıg`a pitken buwın a-na, a-ta.
2. Tuyıq-dawıslıdan baslanıp, dawıssızg`a pitken az,at,ur,o`rt.

Qamaw-dawıslı ses dawıssızlardın` qorshawında kelgen buwın: jaz-dıq, gu`l-ler.

So`zdin` quramındag`ı buwınlardın` aytılıwı birgelikli bola bermeydi. Ko`p buwınnın` ishinde birewi basqalarına qarag`an da ayqınıraq ajıratılıp, ko`terin`ki aytıladı. Bunday qa`siyetke a`dette pa`t tu`sken buwın iye boladı. Bunday pa`t tu`sken buwındı pa`tli buwın dep aytamız.

Pa`t tu`sken buwın basqa buwınlardan u`sh tu`rli usıl arqalı ajraladı.

1. Buwınnın` birewi basqa buwınlardan ayrıqsha ku`shli aytılıwı arqalı ajraladı.

Pa`ttin` bul tu`ri dinamikalıq pa`t dep ataladı. Dinamikalıq pa`tke slovyan tilleri, tu`rkiy tilleri, german tilleri iye.

2. Basqa buwınlardın` ishinen bir buwın aytılıw dawıs ırg`ag`ı ku`shinin` (vısota tona) arqalı o`zgesheliligi, dawıs shımıldıg`ının` dirildisinin` jiyileniwi arqalı ajıraladı.

Pa`ttin` bul tu`ri tonikalıq yamasa muzıkalı pa`t delinedi. Bunday pa`tke qıtay, koreya, dungan, yapon, serb, litva t.b. tilleri iye.

3. Basqa buwınlardın` ishinde bir buwın o`zinin` quramındag`ı dawısının` sozılınqı aytılıwı arqalı ajıraladı. Bul kvantativ pa`t dep ataladı.

Taza kvantativ pa`tke iye til ha`zirgi jan`a grek tili.

Tilde pa`ttin` tu`rleri aralasıp keledi, solardın` ishinde birewi basım boladı.

Geybir tillerde dinamikalıq pa`tte kvantativ pa`t qosılıwı mu`mkin. Ma`selen orıs tili dinamikalıq pa`tke iye tillerdin` toparına kiredi. Sonın` menen birge bul tilde kvantativ pa`ttin` qatnası bar ekenligin ko`riwge boladı.

Nemets tili de - dinamikalıq pa`tke iye tildin` biri. Sonın` menen birge bul tilde pa`ttin` muzıkalıq (tonikalıq) sıpatı bar.

Geybir tillerde mısalı orıs tilinde pa`t so`zlerdin` ha`r buwınına - da`slepki, ortadag`ı, son`g`ı buwınına tu`se beredi.

Pa`ttin` bunday arnawlı bir buwıng`a baylanbaq, ha`r buwıng`a tu`se beriwge jıljımalı pa`t dep ataladı (erkin pa`t).

Al, ayrım tillerde, mısalı tu`rkiy tillerinde, pa`t ko`binese arnawlı bir buwıng`a baylanısıp, basqa buwınlarg`a jıljımaydı. Bunday pa`ttin` tu`ri bekitilgen pa`t turaqlı pa`t dep ataladı. Tu`rkiy tilleri sonın` ishinde qaraqalpaq tilinde pa`t ko`binese so`zdin` son`g`ı buwınına tu`sedi. Frantsuz tilinde de pa`t son`g`ı buwıng`a tu`sedi, polyak tilinde son`g`ı buwınnın` aldındag`ı buwıng`a, chex tilinde birinshi buwıng`a tu`sedi.

Erkin jıljımalı pa`tke iye tillerde pa`t grammatikalıq ta, semantikalıq ta xızmet atqarıwı mu`mkin.

Ma`selen orıs tilinde zamok (qorg`an) -zamok (qulıp) muka-azap, muka-un.

Al, pisha-as, pisha--tamaq, (pishat`-shırıldaw).

Tu`rkiy tillerinde pa`t turaqlı boladı. Bul tillerde pa`t son`g`ı buwıng`a tu`sedi degen edik. Izertlewshilerdin` pikirinshe tu`rkiy tillerinde de so`zdin` geyde son`g`ı buwıng`a tu`spey aldın`g`ı buwıng`a tu`siw qubılısı ushrasadı.

N.A.Baskakov ha`m A.N.Kononovtın` pikirinshe tu`rkiy tillerinde (qaraqalpaq, o`zbek) tu`bir so`zlerdin` to`mendegidey tu`rlerinde pa`t birinshi buwıng`a tu`sedi.

1. sanaq sanlarda (eki, altı, jeti)

2. logikalıq jaqtan ayrıqsha intonatsiya menen aytılatug`ın soraw almasıqlarında qaysıW qaydaW qashanW

3. buyrıq intonatsiyası menen aytılatug`ın feyildin` II bet formasında (otır, oyla, tın`la).

4. Ayrıqsha intonatsiya menen aytılatug`ın qaratpa so`zlerdin` tu`rlerinde (janım, ku`nim).

Tu`rkiy tillerinde so`z jasawshı, so`z tu`rlewshi affikslerdin` basım ko`pshiligi pa`tti o`zine tartadı. Al pa`tti o`zine tartpaytug`ın affiksler sanawlı g`ana.

Usı bir o`zgeshelikti basshılıqqa ala otırıp ayrım tyurkologlar tu`rkiy tillerinde pa`t te omonimles formalardın` jigin ajratatug`ın morfologiyalıq usılg`a aytıladı dep esaplaydı. (N.A.Baskakov).

Olardın` pikirinshe to`mendegishe omoformalar bir-birinen pa`ttin` almasıp tu`siwine qaray ajratıladı.

a) atlıq jasawshı  -ma, -me, -pa, -pe, -ba, -be qosımtaları o`zine pa`tti qabıl etedi, al onın` menen omoformalas (bir formadag`ı) feyildin` bolımsız tu`rin jasawshı qosımta pa`tti qabıl etpeydi. Ma`selen, shıg`arma (pa`t shıg`arma (feyil tartpa(et)-tartpa/feyil)).

b). tartım jalg`awına  pa`t tu`sedi, betlik jalg`awına tu`speydi. (bizin`) oqıwshımız- (biz) oqıwshımız.

Tu`rkiy tillerinde pa`ttin` biren`-saran` jag`dayda jıljımalı bolıwının` so`z ma`nisine tiygizetug`ın ta`siri da`l orıs tilindegidey, sonın` menen bara bar dep tu`sinbew kerek. Tu`rkiy tillerinde pa`t geyde almasıp tu`sken menen so`z ma`nisi orıs tilindegidey o`zgere qoymaydı.

Tilde so`zlik pa`tten basqa frazalıq pa`tte boladı. So`zler dizbegi bir pa`t penen aytılsa.

So`ylew protsessinde dizbeklesip aytılg`an so`zdin` birewi o`zinin` pa`tinen ayrılıp, o`zinen aldın`g`ı yamasa keyingi so`zdin` jetegine erip sonın` menen birge qosılıp aytılıwı mu`mkin. Aksentuatsiyalıq jaqtan jigi ajramay, bir g`ana pa`t penen aytılıwı
mu`mkin. Pa`t tu`spegen so`z pa`tti o`zine tartıp alg`an so`zdin` aldında tursa proklitika dep ataladı, al son`ında tursa enklitiks dep ataladı. Mısalı, jo`n-josaq, mal-mu`lik, qol qoyıw, so`z dizbeklerindegi aldın`g`ı sın`arları o`z aldına pa`tke iye bola almay proklitikag`a aylanıp tur.

Tilde ko`binese epkliptikag`a ko`mekshi so`zler aylanadı. Mısalı: sen g`ana, u`yge deyin, ko`re g`oy so`zleri epkliptikag`a aylanıp tur.

Tu`rkiy tillerinde ku`sheytkish so`zler menen ku`sheytkish buwınlar o`zinen keyingi so`zdi epkliptikag`a aylandıradı. Mıs: Dım jaqsı, qap-qara, qıp-qızıl, jap-jaqsı.

So`zde belgili bir buwınnın` pa`t tu`sip, o`zgeshelenip aytılatug`ınday, geyde ga`ptin` ishinde bir so`zge ayrıqsha kewil bo`linip aytıladı. Bul so`z basqa so`zlerge qarag`anda ayrıqsha aytıladı. Bunday pa`tti logikalıq pa`t dep ataymız.

Tu`rkiy tillerinde sonın` ishinde qaraqalpaq tilinde logikalıq yaki sintaksislik pa`t ko`binese bayanlawıshtın` aldındag`ı so`zde boladı. Ma`selen, to`mendegi ga`plerdin` mazmunın anıqlap ko`reyik.

1. Apam awıldan keshe keldi.
2. Awıldan keshe apam keldi.
3. Apam keshe awıldan keldi.

Birinshi ga`pte is-ha`rekettin` ayrıqsha kewil bo`lingen, ekinshide is-ha`reket kim ta`repinen islengeni, u`shinshide is-ha`rekettin` ornına ayrıqsha kewil bo`lingen.

Seslik qubılıslar.

1. So`z qurılısındag`ı ayrım seslik qubılıslar. Reduktsiya ha`m eliziya.
2. Seslerdin` qosılıp aytılıw qubılısları. Epenteza, proteza, epiteza.
3. Seslerdin` orın almasıp aytılıw qubılısı. Metateza.

Ayrım fonetikalıq jag`daylarda seslerdin` artikulyatsiyalıq jaqtan a`dettegisinen qısqa ha`m ha`lsirep aytılıwı reduktsiya qubılısı delinedi.

Al geybir fonetikalıq jag`daylarda seslerdin` bir jola tu`sip qalıwı da mu`mkin. Bul qubılıs eliziya dep ataladı. Eliziya reduktsiya menen tıg`ız baylanıslı. Eliziyanı reduktsiyanın` na`tiyjesi dep aytıwg`a da boladı. Yag`nıy seslerdin` tu`sip qalıwı olardın` ha`lsirep aytılıwının` na`tiyjesinde boladı.

Dawıslılardın` ishinde reduktsiyag`a qısıq dawıslılar ushraydı. A`sirese olar pa`tsiz buwında kelgende ko`birek reduktsiyag`a ushraydı. Mısalı: tın-tınısh, bir-biri-birinshi, tu`n-tu`nek t.b.

A`dette, reduktsiya ushraytug`ın-pa`t tu`spegen buwındag`ı dawıslılar. To`mendegidey tu`bir so`zlerge affiksler jalg`ang`anda, tu`birdin` son`g`ı buwındag`ı qısıq dawıslı pa`ttin` affikske o`tiwine baylanıslı reduktsiyalanıp, birotala tu`sip qaladı:

a) sonorlardın` aralıg`ında qısıq dawıslılar: orın+ı> ornı, erin+i>erni, murın+ı> murnı, qarın+ı>qarnı.

a`) sonor menen u`nli dawıssızdın` aralıg`ındag`ı qısıq dawıslılar: o`zbekshe ug`il+i>ug`li, bag`ir+i> bag`ri, sariq+ai> sarg`ai, qaraqalpaqsha awız+ı>awzı.

b) sonor menen u`nsiz dawıssızlardın` arasındag`ı qısıq dawıslılar: ko`rik+i>ko`rki, xalıq+ı>xalqı, erik+i> erki.

Dawıslılardın` eliziyası so`z dizbeklerinin` aralıg`ında da ushrasıwı mu`mkin. Mısalı: torı at> torat, altı ay> altay, ayta almadı>aytalmadı, qıyın ag`a>qaynag`a t.b.

Tu`rkiy tillerindegi sonor r, l,n sesleri turaqsız dawıssızlar qatarına kiredi. Ma`selen: tu`rkmen tilinin` tekin dialektinde feyildin` ma`ha`l formasın jasawshı affikstin` quramındag`ı r dawıssızı saqlanbag`an. Ma`selen, bolya Haitılıwı: bol`ya)< a`debiy tu`ri bolyar(bolar); gezie< a`debiy tu`ri gezier(gezer).

Qumıq tilinde ko`plik jalg`awının` quramında r sesi iyelik, tabıs, barıs sepliklerinde tu`sip qaladı. Mısalı, yollar (jollar), tiller (tiller) degen ko`plik jalg`awı so`zler mına tu`rde seplenedi. yol-la-nı, til-le-ni, yol-la-g`a, til-le-ge. Al qarachay-balqar tilinde sepliktin` birlik tu`rlerinde ko`plik jalg`awının` quramındag`ı r sesi tu`sirilip aytıladı.

Epenteza. So`zdin` basında kelgen eki dawıssızdın` aralıg`ına dawıslılar u`nlestigine sa`ykes qısıq ı, i, u, u` seslerinin` birewinin` qosılıp aytılıwı epentiza qubılısı delinedi. qosılg`an dawıslı sesti epentizalıq dawıslı dep ataladı. Mısalı,plenum-pilenum, traktor-tıraqtır, tramvay-tıramvay, trolleybus- turolleybus.

So`z basında bir neshe dawıssızdın` qatarlasıp keliwi ulıwma tu`rkiy tilleri ushın ta`n jag`day emes. Sonlıqtan basqa tillerden kirgen so`zlerdin` basında qatara kelgen dawıssızlardın` aralıg`ına epentezalıq dawıslılar qosılıp aytıladı. Biraq bul jazıwda esapqa alınbaydı.

Sonday-aq so`zdin` aqırındag`ı dawıssızlar dizbeginin` aralıg`ında dawıslı sestin` qosılıp aytılıwı da epenteza qubılısı delinedi. Mısalı, metr-metir, litr-litir, shifr-shifir.

Proteza. So`zdin` basındag`ı dawıssız sestin` aldına dawıslı ses qosılıp aytıladı. Mısalı, ret-iret, ras-ıras, raxmet-ıraxmet, radio-ıradio, reforma-ireforma, stol-ustol, shkaf-ishkap, spravka-ıspravka.

Epeteza. Proteza boyınsha ses so`zdin` aldında qosılsa, epiteza boyınsha ses so`zdin` son`ına qosıladı. Ma`selen, orıs tilinen kirgen kiosk, tank, propusk degen so`zler kioska, tanka, propuski, diski tu`rinde aytıladı.

Bunday epitezalıq qubılıslar orıs tilinen kirgkn so`zlerge ta`n boladı.

Metateza. So`zdin` qurılısındag`ı geypara seslerdin` orın almasıp aytılıwı til bo`liminde metateza qubılısı delinedi. Metateza tu`rkiy tillerinen ko`plegen mısallar keltiriwge boladı. O`zbekshe deraza, tatarsha tera`za`, qaraqalpaqsha tereze tu`rinde aytılatug`ın so`z bashqurt tilinde ta`zra` tu`rinde aytıladı.

O`kpe degen so`zdin` quramındag`ı p menen k sesinin` ornı ko`plegen tu`rkiy tillerinde awmasıp aytıladı:

Altay tilinde o`kpe-qırg`ız tilinde o`pke, qazaq tilinde o`kpe- qumıq tilinde o`pge, nog`ay tilinde o`kpe- o`zbek tilinde upka, tuva tilinde o`kpe- uyg`ır tilinde o`pka`, kakas tilinde o`kpe- tatar tilinde upka`.

Izertlewler metateza qubılısı tu`rkiy tillerinin` ishinde a`sirese tuva tilinde jiyi ushrasıwı dep esaplaydı. Tu`rkiy tillerindegi metateza qubılısına ko`birek kewil bo`lip izertlegen alım akademik V.V. Radlov ses dizbeklerinin` orın almasıwının` mınanday tu`rlerin ko`rsetedi:

1) pk, bg sesler dizbeginin` ornına kp,gb seslerinin` dizbegi qollanıladı. Mısalı, o`pke=o`kpe; a`pke(<alıp kel)=a`pkel.

2) altay, xakas, tuva t.b. Shıg`ıs tu`rkiy tillerindegi mm sesleri dizbeginin` ornına mg, n`m, n`b sesleri dizbegi qollanıladı. Mısalı, yag`mır, jag`bır=yamg`ır, d`an`mır, jan`bır.

3) lt seslerinin` dizbeginin` ornına tl sesleri dizbegi qollanıladı. Mısalı, mıltıq=mıtlıq.

4) g`l seslerinin` dizbeginin` ornına lg` sesler dizbegi qollanıladı. Mısalı, og`lan=olg`an.

5) rb (rp) sesler dizbeginin` ornına br sesler dizbegi qollanıladı. Mısalı, arba-abra, tobrok-topıraq=torboq,turpoq.

Qaraqalpaq tilinde qaqpan dewdin` ornına qapqan, tu`pkir dewdin` ornına tu`kpir dep aytıwda usı metateza qubılısının` na`tiyjesi.

A`debiyatlar.

1. Berdimuratov E., Dauletov A. Til bilimine kirispe. N. 1988. 83-88 betler

2. Dauletov A. Ha`zirgi qaraqalpaq tili. Fonetika, N. 1999. 340-347-betler

3. Axanov K. Til biliminin` negizderi. A. 1987. 248-266-better.

4 . Koduxov V.I. Vvedenie v yazıkoznanie. M. 1979. 138-145-betler.

Jazıw ha`m onın` tu`rleri.

J O B A

1. Jazıw ha`m onın` a`hmiyeti.
2. Jazıwdın` tariyxı.
3. Jazıwdın` tu`rleri.
4. Grafika, a`lipbe, imla (orfografiya).

Biz o`zimizdin` oy-pikirimizdi awızsha so`ylew arqalı yamasa jazıw arqalı basqalarg`a bildiremiz ha`m basqalardın` oy-pikirlerin tın`lawımız arqalı yamasa oqıwımız arqalı bilemiz. Awızsha so`ylewde, jazıw da a`lbette tillik qurallar arqalı iske asadı. Awızsha so`ylew menen jazba so`ylewdi birdey dep esaplawg`a bolmaydı. Awızsha so`ylewde so`ylew ag`zaları esitiw ag`zaları qatnasadı ha`m so`ylew sol payıtta iske asadı. Sonday-aq awızsha so`ylewde so`ylewshini ha`m tın`lawshının` qatnasıwı sha`rt. Jazba so`ylewde qag`azg`a yamasa qa`legen materialg`a tu`sirilgen, ko`riwmiz arqalı qayta tiklenetug`ın (oqılatug`ın) tan`balar qatnasadı.

Awızsha so`ylewdin` de, jazba so`ylewdin` de o`zlerine ta`n artıqmashılıqları bar. Awızsha so`ylewde adam o`z pikirin ha`r qıylı intonatsiyalıq qubılıslar ja`rdeminde tag`ı da anıg`ıraq jetkeriw mu`mkinshiligine iye boladı.

Jazba so`ylewdin` en` a`hmiyetli ha`m artıqmash ta`repi-jazba so`ylew waqıt ha`m ken`islik jag`ınan sheklenbeydi.

Jazıwsız ilim haqqında ha`tte oylaw da mu`mkin emes. Ha`zirgi da`wirde jazıwdın` og`ada ken` tarawı, baspa islerinin` ko`rilmegen da`rejede rawajlanıwı jazıwdın` og`ada u`lken a`hmiyetke iye ekenin tolıq tastıyqlaydı. Til o`zinin` kommunikativlik xızmetin awızsha tu`rde de, jazba tu`rde de atqara aladı.

Jazba til awızeki so`ylew tilinen a`dewir keyin payda bolg`anlıg`ı so`zsiz. Adamzat tilinin` payda bolıwı degennen biz mudamı so`ylew tilinin` payda bolıwın tu`sinemiz. Jazba til jazıwdın` payda bolıwı menen qa`liplesti. Jazıw til arqalı an`latılatug`ın oy-pikirdi, birinshiden uzaq waqıtlar dawamında saqlaw maqsetinde, ekinshiden, qa`legen alıslıqlarg`a jetkeriw maqsetinde payda boladı. Tildin` o`zinin` payda bolıwı sıyaqlı jazıwdın` payda bolıwı da za`ru`rlikten kelip shıqtı.

Jazıw arqalı awız eki so`ylewdegi kemshilikler saplastırıladı.

Jazıwdın` payda bolıwı adamzat ja`miyetinin` rawajlanıwının` og`ada ullı tabısı boladı. Ja`miyettin` rawajlanıwı menen jazıw kem-kemnen jetilisip rawajlanıp bardı, jazıwdın` jan`a tu`rleri payda boladı ha`m atqaratug`ın xızmeti u`lkeyip, jumsalıw sferası ken`eyip bardı.

Ha`ripler, sanlar, irkilis belgileri, basqa da jazıwda jumsalatug`ın belgiler, tan`balar jazıw quralları bolıp sanalanadı. Jazıwda jumsalatug`ın ha`r bir tan`ba konkret jazıw sistemasının` bir

elementin quraydı. Ol jazba tekstte mudamı takirarlanıp jumsaladı. Olardı til biliminde grafema dep ataydı. Grafemalar ko`binese bir elementli bolıp keledi. (a, b, sh, s  t.b.) eki, u`sh elementli bolıp ta keledi. sh (x), sh (ssh). Grafemalardın` jazıwda baspa-qol jazba, bas ha`rip ha`m kishi ha`rip variantlarında keliwin allografemalar dep ataydı.

Jazba tan`balardın` rawajlanıw tariyxına, qaysılarının` en` a`yyem, al a`aysılarının` son`ıraq payda bolıw izbe-izligine qaray ja`ne til birliklerin abstrakt ha`m konkret tu`rde ko`rsetiwine qaray qanday til birligin an`latıwına qaray h.t.b. kompleks jag`daylarg`a baylanıslı jazıwdın` tu`rlerin to`rtke bo`lip ko`rmetiw mu`mkin.

1. Piktografiyalıq jazıw. (piktas-su`wret latınsha). Jazıwdın` en` a`yyemgi tu`ri piktografiyalıq jazıw bolıp, onı su`wret jazıwı dep te ataydı. Piktografiyalıq jazıwda jeke so`zler tan`balanbaydı, al tutas oy-pikir shamalap, siltep, dusmallap abstrakt tu`rinde bildiriledi. Piktografiyalıq jazıw-piktogramma delinedi.

Piktogammalar-seslik tildegi so`zlerdi emes, tikkeley zatlar menen is ha`reketti su`wretleytug`ın tan`balar (su`wretler) bolg`anlıqtan, piktogrammalardın` ma`nisin ha`r tu`rli tilde so`yleytug`ın adamlar tu`sine alatug`ın bolg`an. Piktografiyalıq jazıw menen oydı tolıg`ı menen jazıp jetkeriw mu`mkin bolmadı. Piktografiyalıq jazıwdın` ayrım elementleri ha`zirgi ku`nge shekem saqlang`an. Mısalı: jol qa`delerin bildiretug`ın belgiler, qasıq ha`m vilkanın` su`wreti (asxana). Rim tsifrları I, II, III, V, X piktografiyalıq jazıwdan keyin ideografiyalıq jazıw payda boldı. .  2. Ideografiyalıq jazıw. idea-tu`sinik (grek). Jazıwdın` bul tu`rinin` payda bolıwı piktografiyalıq jazıwdan keyingi da`wirge tuwra keledi. Ideografiyalıq jazıw-ideogramma delinedi. Ideogrammada tan`balar tu`siniklerdin` simvolı, sha`rtli belgisi retinde jumsaladı. Ideogrammalardı oqıw ushın aldın-ala tayarlıq kerek boladı.

Ideografiyalıq jazıwdın` ko`rinisleri ha`zir de ushırasadı: 2, 3, +, --, x, belgileri. Jol ha`reketi belgileri, grb, flag t.b.

3. Sillabografiyalıq jazıw. (sullabe- buwın grek).

Bunday jazıwda ha`r bir buwın ayırıqsha tan`ba menen belgilenedi. Solay etip sha`rtli tan`balar olar an`latatug`ın so`zdin` seslik ta`repine jaqınlasadı. Sillabiografiyalıq jazıw u`lgilerine eski hind G`divanagariG` jazıwı, tibet, efiop jazıwları jatadı. Bunday jazıwdın` ayırım ko`rinisleri ha`zir de bar. Mısalı: ya, yu, §.

Fonografiyalıq jazıw. (phone-ses grek). Jazıwdın` en` jetilisken tu`ri fonografiyalıq jazıw. Bul jazıw arqalı so`zlerdin` fonetikalıq quramı, grammatikalıq qurılısı anıq an`latıladı. Seslik jazıw boyınsha ha`r bir seslik tiptin` (fonema) o`zinin` sha`rtli tan`bası boladı, olardı ha`ripler deydi.

Izertlewshiler en` a`yyemgi seslik jazıw dep finikiy jazıw menen grek jazıwın ataydı.

Rimliler grek alfavitin o`z tiline sa`ykeslendirip latın alfavitin du`zdi. Bul alfavit frazeologiya, ispanlarg`a, nemetslerge, shved, finlerge, vengerlerge, latısh, estonlarg`a, chex, slovak, polyaklarg`a h.t.b. taradı.

Slavyan xalıqlarının` gey birewleri grek alfavitinin` negizinde glagolitsa ha`m kirillitsa dep atalatug`ın eki tu`rli alfavit jasadı. Orıs alfaviti usı kirillitsanın` negizinde jasaldı.

Jazıwlar tan`balardın` ornalasıw bag`ıtına qaray da bir-birinen ajratıladı. Qıtay jazıwlarındag`ı ideogrammalar joqarıdan to`menge qaray ornalasadı. Orıs, gruzin, armyan,o`zbek, qazaq, qaraqalpaq jazıwları soldan on`g`a qaray bag`ıtlansa arab jazıwı kerisinshe on`nan solg`a qaray bag`ıtlanadı.

Grafika.

Jazıwdag`ı barlıq tan`balar ha`m olardın` til seslerine qarım-qatnası o`z-ara u`ylesip, sa`ykeslenip keliwi grafika tarawında so`z etiledi.  A`lipbedegi (alfavittegi) ha`ripler grafikanın` negizin quraydı. Sonın` menen birge grafikada jumsalatug`ın ko`p g`ana basqa tan`balar ushrasadı. Ma`selen, irkilis belgileri, arab ha`m rim tsifraları, formulalar, transkriptsiyalıq tan`balar t.b. grafikalıq tan`balar qatarına kiredi.

Ha`zirgi jazıwda usı da`wirge shekemgi jazıwdın` tariyxında toplang`an barlıq ta`jriybelerdin` en` jaqsıları jumsaladı. Ha`r bir xalıq o`zinin` ayrıqsha grafikalıq sistemasına iye bola beriwi mu`mkin. Bir topar xalıqlar ayrım o`zgerisleri menen bir grafikalıq sistemanı qabıl etedi, sonnan jazıwda paydalanıw mu`mkin.

Grafikalıq qa`deler boyınsha jazıwda tildin` ha`zirgi seslik jag`dayı g`ana esapqa alınıwı kerek. Bunda jazıwdın` tariyxıy etimologiyalıq, morfologiyalıq printsipler esapqa alınbaydı. Sonlıqtan da tek grafikanı jaqsı bilgen menen a`lipbeni bilgen menen so`zlerdi orfografiyalıq jaqtan durıs jazıw mu`mkin emes.

Orfografiya jazıwda grafikalıq qurallardı jolg`a salıp, nızamlı tu`rde tastıyqlaydı.

Alfavit. A`lipbe. Jazıwda jumsalatug`ın barlıq ha`riplerdin` qabıl etilgen qatan` ta`rtip penen izbe-iz jaylastırılıwı a`lipbe (alfavit) dep ataladı.

Jazıwdın` ta`rtibinde ken`nen taralg`an fonografiyalıq a`lipbeler finikiy, aramey, grek, latın, slavyan a`lipbeleri bolıp tabıladı. Ha`r tu`rli xalıqlarda ol a`lipbelerge ayrım o`zgerisler kiritiliwi arqalı paydalanılıp otırıladı.

Orıs tilinin` fonetikalıq qurılısına sa`ykes keletug`ın 33 ha`ripten turatug`ın orıs a`lipbesiqaraqalpaq tiline qabıl etilgende, birinshiden orıs a`lipbesindegi bar ha`riplerge qosımsha qaraqalpaq tilinin` spetsifikalıq seslerin an`latıw maqsetindejan`a ha`ripler -u`, a` qosa qabıl etildi. Ekinshiden, qaraqalpaq tilinin` spetsifikalıq seslerin bildiriw ushın orıs alfavitindegi  k, g, x, n, o, u ha`riplerine qosımsha belgiler qosılıp na`tiyjede jan`a ha`ripler q, g`, h, n`, o`, u`, w jasaladı.

Sonday-aq 1960 jılg`a shekem qaraqalpaq a`lipbesindegi bir sesti (o` sesin) an`latıw ushın eki tan`badan turatug`ın ha`ripte (ng) jumsaladı. Kerisinshe eki u`sh sesti bildiriw ushın bir ha`ripte jumsaladı: ya-ya, e-ye, o-wo, o`-wo`, e-yo, yu-yuu yamasa yu. Sesti an`latatug`ın ha`ripler jin`ishkertiw (`) ha`m ayırıw (`) belgileri a`lipbede berilgen. Solay etip a`lipbenin` quramındag`ı ha`riplerdin` sanı 41 ge jetkerildi.

1993-jılı latın jazıwına tiykarlang`an jan`a o`zbek a`lipbesinin` qabıl etiliwi, basqada tu`rkiy tilles respublikalardın` latınlastırılg`an jan`a a`lipbege o`tiw, solay etip du`n`ya ju`zlik standartlarg`a jaqınlasıwg`a umtılıw ha`reketleri Qaraqalpaqstanda da latın jazıwı tiykarında jan`a a`lipbege o`tiwge sebepshi boldı.

32 ha`ripten quralg`an latın jazıwı tiykarında jan`a qaraqalpaq a`lipbesi 1995-jılı 29-dekabr`de Qaraqalpaqstan Joqarı Ken`esinin` besinshi sesiyasında qabıl etildi.

---

Jan`adan qabıl etilgen ha`zirgi qaraqalpaq tilinin` ha`rekettegi a`lipbesindegi dawıslı seslerdi bildiriw ushın 9 ha`rip (a, a`, o, o`, u, u`, i, ı, e dawıssız seslerdi bildiriw ushın 23 ha`rip -b, v, d, f, g, g`, h, x, j, k, l, m, n, n`, p, r, s, t, v, w, y, z, sh) qabıl etildi.

Orfografiya. Imla. So`zlerdi durıs jazıwda olardın` aytılıwı ha`m esitiliwi esapqa alınıp g`ana qoymastan, sonın` menen birge basqada ayrım jag`daylar ko`zde tutıladı. Ayrım seslerdin` grafikalıq qa`deler itykarında aytılıwınday jazıla bermewi tildin` tariyxına, jazıwdın` etimologiyalıq, morfologiyalıq, traditsiyalıq printsiplerine yag`nıy imla qa`delerine baylanıslı boladı.

Imla ilimiy a`debiyatlarda orfografiya dep aytıladı. Orfografiya so`zlerdegi dawıslı ha`m dawıssız seslerdin`, tu`bir ha`m qosımtalardın`, ko`meshi ha`m qospa so`zlerdin` bir qıylı durıs jazılıwı haqqındag`ı o`tkerme ha`m bas ha`riplerdin` durıs qollanılıwı tuwralı qag`ıydalardın` jıynag`ı.

Imla qag`ıydaların du`zgende fonetikalıq, morfologiyalıq (etimologiyalıq), tariyxıy (tarditsiyalıq) printsiplerge tiykarlanadı.

Fonetikalıq printsip orfoepiyag`a su`yenedi. So`zler ko`binese qalay aytılsa solay jazıladı. (tor, qala, tan`la) Morfologiyalıq printsip, a`lbette, fonetikalıq printsipke qarama-qarsı qoyıladı. Bul printsip boyınsha so`zdin` tu`birinin` ha`m qosımtalardın` da`slepki pu`tinliginin` saqlanıp jazılıwı ko`zde tutıladı. Morfologiyalıq printsip boyınsha seslerdin` almasıwı jazıwda sa`wlelenbeydi. Mısalı, orıs tilinde voda (bada)

qaraqalpaq tilinde basshı-bashshı, tu`ngi-tu`n`gi, isenbedi-isembedi tu`rinde tu`birler saqlanıp jazıladı.

Ha`zirgi tilge sa`ykeslespewin fonetikalıq jaqtan da, mofologiyalıq jaqtan da da`lilewge bolmaytug`ın jazıwda burınnan a`detke aylanıp ketiwi boyınsha jazılıw tariyxıylıq printsip bolıp

sanaladı. Bug`an mısal etip orıs tilindegi moloko, korova so`zlerinin` birinshi buwınlarındag`ı o ha`ribinin` jazılıwı ko`rsetiwge boladı.

Qaraqalpaq tilindegi samal - shamal, salı-shalı tipindegi prallel` jumsalatug`ın so`zlerdin` aldın`g`ıları jazıwda a`debiy norma retinde qabıl etilgen. Du`n`ya tillerinde en` ken` taralg`an jazıwlar qatarına kiretug`ın fonografiyalıq jazıwdın` ko`pshiliginde tiykarg`ı orfografiyalıq printsip fonetikalıq ha`m morfologiyalıq printsipler bolıp sanaladı.

Transkriptsiya (transkripsid-` ko`shirip jazıw).

Tildin` barlıq seslik o`zgesheliklerin alfavittegi ha`ripler menen tolıq an`latıp shıg`ıw mu`mkin emes. Jazıwda onın` za`ru`rligi de joq. Biraq ayırım jag`daylarda belgili bir maqsetler ushın so`zlerdi aytılıwı ha`m esitiliwi boyınsha jazıw, elespesiz seslik qubılıslardı da ko`rsetiw kerek boladı. Sol ushın a`dettegi grafikalıq alfavitten tısqarı til biliminde transkriptsiya qollanıladı.Transkriptsiya eki tu`rli boladı:

1. fonematikalıq.

2. fonetikalıq.

Bulardın` birinshisi fonema tu`sinigi menen ekinshisi ottenok tu`sinigi menen baylanıslı. Fonematikalıq transkriptsiya boyınsha fonemanın` barlıq ottenokları bir tan`ba menen belgilenedi. Ha`r bir tilde qansha fonema bolsa, sonsha transkriptsiyalıq tan`ba bolıwı kerek. Tildin` fonemalıq sostavın anıqlawda ha`m onın` fonemalıq sistemasın u`yreniwde transkriptsiyadan paydalanıladı. Sebebi orfografiyası menen aytılıwı sa`ykes kelmeytug`ın so`zler ushırasadı.

Mısalı: eki /jeki/, oq /woq/, yaki /jaki/, moloko /malako/ t.b.

Fonetikalıq transkriptsiya boyınsha fonemanın` ha`r tu`rli fonetikalıq jag`daylarg`a baylanıslı belgili da`rejede ha`r tu`rli bolıp aytılıwı (ottenoki) esapqa alınadı.

Mısalı: tis [tis], tas [tas], tus [$t^0us^0$], tu`s [$t^{0/}$ u`$s^{/}$] t.b.

Fonetikalıq transkriptsiya qosımsha diakritikalıq tan`balar qollanıladı. i- jin`ishke, o-erinlik. diakritikas -ayırıwshı (grek).

Solay etip so`zlerdegi seslerdin` ottenokların beretug`ın bolsaq fonetikalıq transkriptsiyadan, al fonemalıq sostavın anıqlaytug`ın bolsaq fonematikalıq transkriptsiyadan paydalanamız. Fonetikalıq transkriptsiya kvadrat skobka menen [ ], fonematikalıq transkriptsiya jatıq qıya skobka / / menen jazıladı.

Transkriptsiya (lat. trans- arqalı, litera- ha`rip, ha`rip arqalı ko`shirip jazıw).

Bir grafikalıq sistemadag`ı tillerdin` ayırım so`zlerin basqa bir grafikalıq sistemag`a iye bolg`an tillerdin` jazıwında qollanıw transkriptsiya delinedi.

Mısalı: Henri- Anri, Huge- Gyugo t.b.

A` debiyatlar.

1. E. Berdimuratov, A. Dauletov Til bilimine kirispe N. 1988. 97-113 betler.

2. Yu.S. Maslov. Vvedenie v yazıkoznanie. M. 1975.

3. K. Axanov. Til biliminin` negizderi. A. 1993.

4. Dawletov A. Ha`zirgi qaraqalpaq tili. Fonetika N. 1999.

# L E K S I K O L O G I Ya

J O B A

1. Leksikologiya ha`m onın` izertlew ob`ekti.
2. co`zlerdin` tipleri ha`m variantları.
3. So`zdin` ma`nisi haqqında
4. Leksikalıq ma`nilerdin` tipleri
5. So`zdin` ko`p ma`niligi. So`z ma`nisinin` awısıw usılları

Leksikologiya til biliminin` baslı tarawlarının` biri. Onda tildin` leksikası haqqındag`ı ma`seleler u`yreniledi. Leksika grektin` lexikos so`zlik degen so`zinen kelip shıqqan. Leksika degende anaw ya mınaw tilde  so`ylewshi ja`ma`ttin` ku`ndelikli pikir alısıwında paydalanıp kiyatırg`an so`zlerdin` jıyıntıg`ın tu`sinemiz. Til biliminde belgili bir tildin` so`zlik baylıg`ı sol tildin` leksikası dep ataladı. Al leksikologiya bolsa lexikos ha`m losos (ilim) degen eki so`zden quralıp so`zlik quram haqqındag`ı ilim degendi bildiredi. Til biliminde tildin` so`zlik quramı ha`m onın` rawajlanıw nızamlıqların u`yretetug`ın taraw leksikologiya tarawı retinde qa`liplesken. Leksikologiya jeke so`zdi emes, al pu`tin bir sistemanı-so`zlik sistemanı izertleydi, so`zge usı sistemanın` ishinde ha`r ta`repleme baha beredi.

Leksikologiyanın` tiykarg`ı ob`ekti so`z bolıp esaplanadı, al so`z bolsa til biliminin` basqada bir neshe tarawları ta`repinen u`yreniledi, ma`selen, so`z jasaw ha`m grammatika.  Bulardın` ha`r qaysısı so`zdi o`zlerinin` aldına qoyılg`an talaplarına sa`ykes belgili bir ta`repinen alıp izertleydi. So`z jasawda so`z jasaw u`lgileri tiykarında burınnan bar so`zlerdin` barısında jan`a so`zlerdin` payda bolıw usılları ko`z-qarasınan qarastırsa, morfologiya qurılısı, qatnası, grammatikalıq baylanısı o`zgeriwi ta`repinen so`zge baha beredi.  Al leksikologiyada so`z ha`m so`zlik sistemanın` o`zi u`yreniledi.

Qatnas quralı retinde tildin` so`zlik quramına ja`ne leksikalıq birlik retinde so`zdin` ta`biyatına baylanıslı ulıwma lingvistikalıq ma`seleler bar. Olardın` qatarına tildin` leksika-semantikalıq sisteması ma`selesi, til birlikleri ishinde so`zdin` tutatug`ın ornı, so`zge ta`n ulıwma belgiler, so`z ha`m ma`ni, so`zdin` leksikalıq ma`nilerinin` tu`rleri, so`zdin` leksikalıq ha`m grammatikalıq ma`nilerinin` baylanısı ma`seleleri kiredi. Bul ma`seleler leksikologiya teoriyasının` ulıwma ma`seleleri retinde ulıwma leksikologiyada qarastırıladı. Al belgili bir tildin` leksikası ha`m onın` o`zgeshelikleri jeke leksikologiyada qarastırıladı.

Ha`r bir tildin` leksikologiyası (jeke leksikologiya) ulıwma leksikologiyanın` ulıwma teoriyalıq jag`daylarına tiykarlanıp, belgili bir tildin` leksikasın izertleydi.

Jeke leksikologiya belgili bir tildin` so`zlik quramının` payda bolıwı menen tariyxıy da`wirler dawamında rawajlanıw barısı ta`repinen, yamasa tildin` so`zlik quramı, sol tildin` belgili bir da`wirdegi mısalı ha`zirgi da`wirdegi jag`dayı qarastırılıwı mu`mkin. Usıg`an baylanıslı leksikologiya tariyxı (diaxroniyalıq leksikologiya) ja`ne sıpatlama leksikologiya (sinxroniyalıq) bolıp bo`linedi.

Tariyxıy leksikologiyanın` bir tarawı- etimologiya. Etimologiya so`zlerdin` kelip shıg`ıwın izertlep, olardın` en` da`slepki ma`nilerinin` qanday bolg`anlıg`ın anıqlaydı. Tildin` tariyxı menen ondag`ı so`zlerdin` tariyxı xalıqtın` tariyxı menen tıg`ız baylanıslı. Sonlıqtan so`zlerdin` kelip shıg`ıw haqqındag`ı etimologiyalıq izertlewler tariyxıy ja`ne etnogenetikalıq ma`selelerdi qarastırıp sheshiwde de ayrıqsha a`hmiyetke iye boladı.

Leksikologiyanın` ja`ne bir tarawı-salıstırma leksikologiya tuwısqan tillerdin` so`zlik quramın bir-biri menen salıstıra otırıp izertleydi. Salıstırma leksikologiya tuwısqan tillerdin` leksikasın salıstırıp g`ana qoymay olardı tariyxıy jaqtan rawajlanıwı, o`zgeriwi ta`repinen de qarastıradı. Sonlıqtan salıstırma leksikologiya a`dette salıstırma-tariyxıy leksikologiya dep ataladı.

Tildin` leksikasındag`ı ha`r bir so`zde belgili bir ma`ni bar. So`zlerdin` ma`nilik ta`repi semasiologiyada u`yreniledi. Semasiologiya so`zlerdin` ma`nilerin ha`m olardın` o`zgeriw jolların, semantikalıq nızamlardı izertleytug`ın arnawlı bir taraw bolıp esaplanadı.

Leksikologiyanın` semasiologiya tarawı menen tıg`ız baylanıslı bir tarawı-onomosiologiya dep ataladı. Semasiologiya so`zlerdin` ma`nileri, semantikalıq nızamlardı izertlese, onomosiologiya zat yamasa qubılıs, ug`ımnın` belgili bir so`z benen atalıwının` sebebin anıqlaydı.

Onomosiologiyanın` ayrıqsha bir tarawı-onomastika. Onomastika o`z ishinde eki tarawg`a bo`linedi: antroponimika-adam atların izertleytug`ın bo`limi, ekinshisi-toponimika geografiyalıq atamalardı izertleydi.

Leksikologiya ma`nisi jag`ınan dara so`zler menen sa`ykes keletug`ın frazeologiyalıq so`z dizbeklerinin` tu`rleri, olardın` quramı jasalıw jolların izertleytug`ın leksikologiyanın` arnawlı tarawın frazeologiyanı da o`z ishine aladı.

Tildin` ha`r tu`rli ta`repleri (fonetikalıq, leksikalıq ha`m grammatikalıq) bir-biri menen o`z-ara qarım-qatnasta, baylanısta bolatug`ınlıg`ı sıyaqlı, olardı izertleytug`ın til biliminin` de ha`r tu`rli tarawıları bir-biri menen o`z-ara baylanıslı boladı. Ma`selen, qa`legen so`z so`zler dizbegi menen aytılıp, belgili bir ma`ni bildiredi. Tilde so`zdin` seslik quramının` o`zgeriwi menen, pa`ttin` o`zgeriwi menen so`z ma`niside o`zgeredi.

Leksikologiya grammatika menen de tıg`ız baylanıslı. Tildegi so`zler nominativlik xızmet penen birge grammatikalıq xızmette atqaradı. So`zdin` belgili bir grammatikalıq xızmeti onın` ma`nisine de ta`sir etedi.

Juwmaqlap aytqanda, til biliminin` leksikologiya tarawı so`zdi birinshiden-ma`nisi jag`ınan, ekinshiden-kelip shıg`ıwı jag`ınan, u`shinshiden-qarım-qatnas jasawda qollanılıwı jag`ınan, to`rtinshiden-ekspressivlik-stillik sıpatı menen xızmeti jag`ınan qarastırıp izertleydi. Demek, leksikologiya so`zdi tildin` birligi sıpatında qarastırıp otırıp, onı jan-jaqtan u`yrenedi. Sonın` menen birge leksikologiya tildegi so`zlerdin` jıyıntıg`ı-so`zlik quram tuwralı, onın` jasalıwı, qa`liplesiwi ha`m rawajlanıwı tuwralı ilim bolıp esaplanadı.

So`z ha`m onın` ma`nileri.

So`z og`ada qospala til birligi. Sonlıqtan da usı bu`gingi ku`nge shekem til biliminde so`zge tu`rlishe anıqlamalar berilip kelmekte. Ol birde bizdi qorshg`an ob`ektiv shınlıqtın` tildegi konkret sa`wlesi delinse, ekinshide predmet ha`m qubılıslardın` atamaları, u`shinshi bir jag`daylarda ma`nige iye sesler jıyıntıg`ı tu`rinde sıpatlanadı.

So`z arqalı ob`ektiv predmetler menen qubılıslar, olardın` belgilerinin` ulıwmalasqan obrazı, yag`nıy predmet ha`m qubılıslardın` ulıwmalasqan sa`wlesi jasaladı, bul onın` mazmunlıq belgisi bolıp tabıladı. Ekinshiden, ol sho`lkemlesken seslik qurılısına iye, u`shinshiden so`z o`zinin` tan`balıq ta`biyatına baylanıslı predmet ha`m sesler kompleksi arasındag`ı sha`rtli qatnas tiykarında sol predmet haqqındag`ı ug`ımdı payda etiwge uqıplı, to`rtinshiden, ha`r qanday so`z tek g`ana sho`lkemlesken sesler kompleksi bolıp qalmastan, predmetlik zatlıq mazmung`a, yag`nıy belgili bir ma`nige iye, seslik kompleksi ha`m ma`nisi arasındag`ı birlik onın` ha`mme ushın ortaq ja`ma`a`t sanasında qa`liplesken nominatsiyalıq xızmetti atqarıwın ta`miyin etedi, besinshiden, so`z ma`nilik pu`tinligi sıpatı jag`ınan belgili bir til yarusına kiredi, leksikalıq-grammatikalıq jaqtan anaw ya mınaw so`zler toparının` qaramag`ında turadı. Altınshıdan, so`z qurılısı jag`ınan turaqlılıg`ı, bekkemliligi menen sıpatlanadı.

So`zlerdi belgili bir tiplerge ajratıwda a`sirese olardın` anaw ya mınaw ug`ımdı an`latıwı yaki an`latpawı na`zerde tutıladı. Usıg`an qaray so`zler eki tipke ajraladı: ma`nili ha`m ko`mekshi so`zler. O`zinin` real` semantikasına iye, belgili bir ug`ımdı an`latatug`ın so`zler toparı ma`nili so`zlerdi quraydı da, al real semantikag`a iye emes, anaw ya mınaw ug`ımdı bildirmeytug`ın so`zler ko`mekshi so`zler dep tabıladı.

Ma`nili so`zler toparına atlıqlar, kelbetlikler, sanlıq, almasıq, feyiller ha`m ra`wish so`zler jatadı da, al ko`mekshi so`zler toparına predloglar, da`nekerler, tirkewishler ha`m jan`apaylar kiredi. Ma`nili so`zler leksikalıq ha`m grammatikalıq ma`nilerge iye bolsa, ko`mekshi so`zler tek grammatikalıq ma`nileri menen sıpatlanadı. Birinshileri leksikologiya tarawında u`yreniledi de, al ko`mekshi so`zler, tiykarınan, grammatikanın` ob`ektin quraydı.

Tildin` so`zlik quramında modal` so`zler de eliklewish ha`m tan`laq so`zlerde so`zlerdin` tiplik toparları retinde ayrılıp turadı. Bulardın` ma`nili so`zlerge de, ko`mekshi so`zlerge de jaqınlıq

belgileri bar. Olar ko`mekshi so`zlerge qarag`anda derlik ayrıqsha jeke leksikalıq ma`nige iye so`zler sıpatında qollanıladı.

So`z predmettin` o`zi emes, onın` materiallıq seslik aytılıwı tu`rindegi tan`bası. Tu`rli tillerde anaw ya mınaw predmet birdey ug`ınlıwına qaramastan tu`rlishe ataladı.

Al ma`ni bolsa, sol materiallıq quram yamasa so`z benen predmettin` sa`wleleniwi arasındag`ı baylanıs ha`m birlik bolıp tabıladı.

A`dette so`z ma`nisi degende onın` predmetlik -zatlıq mazmunı, basqa so`zler menen baylanısıw ha`m iske asıw forması tu`siniledi. Onı so`z semantikası dep te ataydı.

Til biliminde leksikalıq ma`ninin` payda bolıw ha`m funktsional`lıq jaqtan iske asıwına g`a`rezli tu`rli ta`replerin esapqa ala otırıp, jıynaqlang`an tu`rde olardın` tiplerin to`rt tu`rge ajıratıladı.

1. <u>Nominatsiyalıq usıl boyınsha leksikalıq ma`nilerdin` ajratılıwı.</u> Bunda leksikalıq ma`ninin` predmetke tikkeley qatnası tiykarında tuwra aytılıwı yamasa usaslıq belgilerine qaray ekinshi predmetti awısa ataw protsessi iske asadı. Ma`selen, <u>G`awızG`</u> jeke turg`anda adam organizminin` bir bo`legin bildiredi, predmetke tikkeley qatnasta onı tuwra ataydı. Al qoranın` <u>awzı</u>, qaptın` <u>awzı</u> degen so`z dizbeklerindegi awız so`zi da`slepki predmetti emes, al sa`ykes ekinshi bir predmet penen qanday da bir uqsaslıq belgilerine qaray sol predmettin` awısqan ataması xızmetin atqarıp tur. Usıg`an qarap leksikalıq ma`niler tuwra ma`niler ha`m awısqan ma`niler dep ekige bo`linedi.
So`zlerdin` awısqan ma`nisi ko`p ma`niliktin` (polisemiyanın`) bir ta`repin quraydı. O`ytkeni so`z ma`nisinin` awısıwı arqalı ma`ni o`risi ken`eyip otıradı.

<u>2. Semantikalıq baylanıs da`rejesine qaray leksikalıq ma`nilerdin` ajıratılıwı.</u>

Bunda so`zdin` semantikalıq qatnasında ko`rinetug`ın predmetlik baylanıs esapqa alınadı. Usı ko`z-qarastan so`zdin` da`slepki ma`nisi tiykarg`ı ma`ni boladı da, al ma`niler arqalı seziletug`ın predmetler qatnasına negizlengen leksikalıq ma`ni do`rendi ma`ni dep esaplanadı. Ma`selen <u>da`sturxan</u> so`zi a`dette nan-pan, shay, awqat qoyılatug`ın ıdıs ma`nisin an`latadı. Al, <u>dasturxan</u> jayıw, <u>da`sturxang`a</u> mira`t etiw so`z dizbeklerinde ıdısqa degendi emes, al as duzg`a ma`nisin an`latadı. Solay etip tiykarg`ı ha`m do`rendi ma`niler ajıratıladı.

3. <u>Leksikalıq birlesiwshiligi, yag`nıy sintagmatikalıq qatnası boyınsha leksikalıq ma`nilerdin` ajıratılıwı.</u>

Bul klassifikatsiyanın` negizi V.V.Vinogradovtın` leksikalıq ma`nilerdin` tipleri haqqındag`ı teoriyasına qurılg`an. Bul jag`day ko`pshilik leksikalıq ma`nilerdin` ekinshi bir ma`niler menen birlesiwshilik ken` ha`m erkin tu`rde, birazları sheklengen ha`m turaqlı, u`shinshileri sintaksislik xızmetine qaray sha`rtli sıpatqa iye bolıwınan g`a`rezli.

Ken` semantikalıq birlesiwshilikke iye leksikalıq ma`niler erkin ma`niler delinedi. Mısalı: kitap oqıw, sabaq oqıw delinedi paxta oqıw, jol oqıw delinbeydi. Leksikalıq ma`nilerdin` ekinshi tu`ri frazeologiyalıq so`z dizbeklerinde ko`rinedi. Turaqlı sheklengen ma`ni de, so`z dizbegi an`latqan pu`tin ma`ninin` bir bo`legi retinde tanıladı. Bunday ma`niler frazeologiyalıq baylanısqan ma`niler dep ataladı: Jıs tog`ay, Asqar taw.

Sintaksislik xızmetine qaray sha`rtli tu`rde ma`ni awısıwınan do`regen ma`nilerdi sintaksislik sha`rtli ma`niler deymiz. Ma`selen, ol da bir ju`rgen haywan. Bul ga`ptegi haywan so`zi ga`ptin` bayanlawıshı xızmetinde jumsalıp awısqan ma`nini bildirip tur. Ol qatardag`ı nar edi.

4. Leksikalıq ma`nilerdin` xızmetine qaray ajratılıwı. Bul jag`day ko`pshilik leksikalıq ma`nilerdin` predmetler menen qubılıslardın` tuwra ataması - sıpatında, ekinshi birewlerdin` ekspressivlik - sinonimlik ma`nige iye bolıp keliwine baylanıslı. Bazı bir so`zler predmettin` yaki qubılıstın` atın an`latıp kelse, ekinshi birewleri sa`ykes birlikler arqalı belgili bir so`ylew situatsiyasında qosımsha ma`nilik boyawlar menen qollanılıwı jag`ınan sıpatlanadı. Ma`selen, toqtaw-irkiliw, u`lken-gidiman, ashıw-qa`ha`r. Predmet yaki qubılıstın` atın bildiretug`ın leksikalıq ma`niler nominativlik ma`niler delinedi de, olardın` qosımsha boyawlarg`a iye sın`arları an`latqan ma`nilerdi ekspressivlik-sinonimlik ma`niler dep ataymız.

So`zlerdin` ko`p ma`niligi.

Tildin` so`zlik quramında bir emes, bir neshe leksikalıq ma`nileri bar so`zler jiyi ushrasadı. Ma`selen, ko`z, ayaq, ju`rek so`zlerinin` da`slepki payda bolg`an waqıttag`ı ma`nileri tek g`ana adam organiziminin` belgili bir bo`legine baylanıslı bolg`anlıg`ı haqıyqat. Al, bul so`zlerdin` tildin` ha`zirgi jag`dayındag`ı ma`nilik ayırmashılıqları pu`tkilley o`zgeshe. Ma`selen, bulaqtın` ko`zi, ko`zin`nin` tirisinde, ku`nnin` ko`zi, ilimnin` ko`zi, ko`zge tu`siw, ko`zine sho`p salıw, ko`zge ıssıq, ko`zge ko`riniw, ko`z jumıw ha`m t.b.

So`zlerdin` belgili bir toparı, kerisinshe turmıstın` anaw ya mınaw tarawına ta`n ug`ımnın` ataması retinde sheklengen leksikalıq ma`nige iye, yag`nıy bir ma`nige iye: baslawısh, bayanlawısh, shabdal, jiyde, tarı, piyaz, bel, ketpen t.b.

Usıg`an qaray so`zler bir ma`nili ha`m ko`p ma`nili bolıp ajratıladı. Bir ma`nige iye so`zler toparı monosemantikalıq, ko`p ma`nili so`zlerdi polisemantikalıq so`zler dep ataydı. Al bir ma`ni an`latıwshı semantikalıq qubılıs monosemiya delinedi de, al ko`p ma`ni an`latıw uqıplılıg`ına baylanıslı qubılıs polisemiya dep ataladı.

So`zdin` ko`p ma`niligin payda etiwge tu`rli faktorlar sebepshi boladı. Aytayıq adamlardın` bizdi qorshag`an ob`ektiv shınlıqtag`ı predmetler, qubılıslar haqqındag`ı bilimnin` ken`eyiwi tiykarında jan`a ug`ımlar do`reydi.

Bul tilde bar so`zlerge qosımsha ma`ni beriwdi talap etedi. Na`tiyjede so`z ekinshi ma`nige iye boladı: o`tkir pıshaq, o`tkir jigit, o`tkir qıyal, jumısqa barıw, jumısı shıg`ıw, jumısı bar.

Ko`p ma`nilik ulıwma tilge ta`n nızamlı qubılıs. Ma`selen,orıs tilinde idti so`zinin` 25 ma`nide, frantsuz tilindegi ju`riw, ketiw degendi an`latatug`ın aller so`zinin` 15 ten artıq ma`nide, anglichan tilindegi islew, orınlaw ma`nisindegi do so`zinin` 16 dan artıq ma`nide qollanılatug`ınlıg`ı belgili.

Ko`p ma`nilik pu`tkil du`n`ya tillerine ta`n qubılıs. Ol ha`r bir tildin` ma`nilik jaqtan rawajlanıw protsessinde u`lken rol` atqaradı.

So`z ma`nisinin` awısıw usılları. So`z ma`nisinin` awısıwı a`ytewir bola beretug`ın qubılıs emes, onda sa`ykes nızamlılıq o`mir su`redi. Bul semantikalıq protsess bir neshe usıllar tiykarında a`melge asadı.

1. Metaforalıq usıl. Grekshe: orın awısıw. Bul usıl arqalı so`z ma`nisi awısqanda so`z bir predmetten ekinshi predmetke qanday da bir uqsaslıq belgileri arqalı, yag`nıy metaforalıq uqıplılıg`ı arqalı o`tedi. Usının` na`tiyjesinde sol predmetti an`latıwshı so`zde ekinshi ma`ni payda boladı. Ma`selen, tawdın` etegi, suwdın` beti, qazannın` qulag`ı.

2. Metonimiyalıq usıl. (qayta ataw). Sol baylanısqa qaray bir predmet yaki qubılıs penen ekinshi predmet yaki qubılıs arasındag`ı baylanıs so`z ma`nisinin` awısıwına tiykar boladı. Bir predmettin` ataması menen keyingi predmet yaki qubılıs qayta ataladı. Ma`selen, U`yler jatıp qalg`an. Zal siltidey tındı.

3. Sinekdoxalıq usıl. Pu`tinnin` ornına bo`lsheginin`, bo`lsheginin` ornına pu`tinnin`, jalpının` ornına birliginin`, birliginin` ornına jalpının` aytılıwı arqalı so`z ma`nisi awısadı. Ma`selen, Basın` neshewW depte qollanıladı.

Solay etip, so`z ma`nisinin` awısıwı belgili bir nızamlılıqqa, semantikalıq u`lgige tiykarlanadı.

Omonimler. Tilde ko`p g`ana so`zler seslik qurılısı jag`ınan birdey, al an`latatug`ın ma`nileri ya jaqın, ya pu`tkilley basqasha boladı. Ma`nilik jaqtan jaqın bolıp kelgenleri ko`p ma`nili so`zlerge kiredi. Al, seslik qurılısı jag`ınan jaqınlıq, mına so`zlerde onday ma`nilik jaqınlıq, birinin` negizinde ekinshisinin` do`regenligi hesh qanday sezilmeydi, jaz-ma`wsimnin` birewi, jaz-ha`reketti bildiretug`ın so`z. Oy-adamnın` oyı, oy-jerdin` oyı, shuqır.

Bunday aytılıwı boyınsha birdey, ma`nisi jag`ınan ha`r qıylı, bir-birinen pu`tkilley alıs bolg`an so`zlerdi ha`m so`z formaların omonimler dep ataymız.

Aytılıwı jag`ınan birdeyligi boyınsha omonimiya polisemiya menen sırttan qarag`anda birdey seziledi. Omonimiyalıq qubılıs ma`nilik jaqtan ha`r qıylı, bir-biri menen hesh qanday semantikalıq jaqınlıg`ı ha`m baylanısı joq so`zlerdin` arasında ko`rinse, polisemiyalıq qubılıs ma`nilik jaqtan biri ekinshisinin` bazasında ko`p ma`nili so`zge tiykarlanadı. Omonimler eki tu`rde ushrasadı:  Leksikalıq omonimler ha`m leksika-grammatikalıq omonimler yamasa omoformalar. Barqulla ortaq formag`a iye bolg`an omonimlerdi-leksikalıq omonimler deymiz yamasa sap omonimler dep te ataladı.

Seslik qurılısı, aytılıwı jag`ınan birdey, al ma`nisi ha`m forması boyınsha pu`tkilley basqasha so`zler omoformalar boladı: qala-hal feyil, qala-atlıq.

Omofonlar. Jazılıwı ha`r qıylı aytılıwı birdey. Duzshı-dushshı, jaza aladı-jazaladı. t.b.

Omograflar. Jazılıwı birdey bolg`an menen pa`ttin` o`zgeriwi menen ha`r qıylı aytılatug`ın so`zler. zamok-zomok.

Sinonimler. Til biliminde semantikalıq kategoriyalardın` biri retinde sinonimiya ayrıqsha orıng`a iye.  Tilde ha`r tu`rli predmetler menen qubılıslardı qurılısı boyınsha olardın` belgilerin o`z-ara qatnasın seslik qurılısı jag`ınan tu`rlishe bolg`an so`zlerdin` ja`rdemi menen de an`latıladı. Bunday semantikalıq qubılıstı sinonimiya dep ataymız. Sinonimler o`z-ara ma`nilik uqsaslıqqa iye bolg`anı menen ha`r qaysısı o`zine ta`n ma`ni ayrıqshalıqlarına iye.  Ma`selen, u`lken, iri, gidiman, na`ha`n, taynapır.

Bulardın` ha`r qaysısının` tilde o`z ornı, qollanıw o`risi, o`zgesheligi bar. Sinonimler oy-pikirdin` anıqlıg`ın, ta`sirliligin, obrazlılıg`ın payda etiwde u`lken rol` atqaradı. Sonlıqtan olar so`ylew protsessinde tu`rli formalarında, a`sirese ko`rkem a`debiyatta, ko`rkem su`wretlewdin` tildegi tiykarg`ı qurallarının` biri retinde jiyi paydalanıladı.

Antonimler. Semantikalıq qubılıslardın` ken` tarqalg`an tu`rlerinin` biri antonimiya. Bul so`zlerdin` en` baslı ha`m ulıwma semantikalıq belgilerinin` bir-birine qarama-qarsı qoyılıwı bolıp tabıladı. Antonimler seslik qurılısı jag`ınan o`zgeshe bolıp qoymastan, ma`nilik jaqtan pu`tkilley qarama-qarsı so`zlerden ibarat.

Til biliminde ha`r qıylı tu`birlerden turatug`ın qarama-qarsı ma`nili so`zler leksikalıq antonimler delinedi, al tu`birge ma`ni o`zgertiwshi affikisler qosılıw arqalı payda bolg`an jubaylardı leksikalıq-grammatikalıq antonimler dep ataydı.

Tildin` so`zlik quramı ha`m onın` rawajlanıw jolları.

J O B A

1. Tildin` so`zlik quramı.
2. So`zlik quramnın` o`zgeriwi.
3 . So`zlik quranın` rawajlanıwının` tiykarg`ı usılları.

Qaysı tildi alıp qarasaqta onda adamlar o`zinin` tariyxıy ku`n ko`risinin`, o`mir su`riwinin`, rawajlanıwının` barısında payda etken ha`m qollanılıp kiyatırg`an so`zlik baylıg`ına iye ekenligin ko`remiz. Usı ha`mme ushın ortaq so`z baylıg`ı arqalı olar pikir alısadı, qatnasadı, miynet etedi.

Qaysı tildin` so`zlik quramı bolmasın, ol kelip shıg`ıwı ha`m tariyxıy rawajlanıwına qaray tu`rli leksikalıq qatlamlardan turadı. Bul tildin` onın` so`zlik quramının` uzaq da`wirler dawamında rawajlanıwının` na`tiyjesi,uzaq tariyxıy da`wirlerdin` jemisi ekenliginen da`rek beredi.

So`zlik quramg`a tilde paydalanılatug`ın so`zlerdin` barlıg`ı kiredi. Sonlıqtan so`zlik quramda tu`sinikli so`zler menen birge basqa tillerden kirip kelgen so`zlerdi de ilimiy texnikalıq terminlerdi de, frazeologiyazmlerdi de ko`riwimizge boladı.

Ha`r qanday tildin` so`zlik quramının` tiykarın quraytug`ın sol tildin` o`z so`zleri boladı. Olar sol xalıqtın` pu`tkil rawajlanıw tariyxı menen birge jasap kiyatırg`an onın` milliy o`zgesheliginin` so`zlik quramdag`ı tiykarg`ı ko`rinisinen derek beretug`ın leksikalıq birliklerdin` toparınan turadı. Tildin` so`zlik baylıg`ının` da`slepki irgesi usı so`zlerden quralg`an, onın` kelesi rawajlanıwı da usı so`zlerdin` do`gereginde boladı. Bunday so`zlerge bas, ko`z,ku`n, taw, jer, suw, sıyır, quwanısh, jaqsı,jaman, al,ber, kel, ket, kesh, erte, sen, men, ata, ana, qız, ul, altı, ju`z usag`an so`zler. O`z so`zlik qatlamının` birlikleri. O`z so`zlik qatlamg`a kiriwshi so`zlerdi bir tilde so`ylewshi adamlardın` barlıg`ı qollanadı.O`z so`zlik qatlamdag`ı so`zler adamlardın` ka`sibi menen mamanlıg`ına ja`ne bilim da`rejesine baylanıslı bolmay, Olardın` barlıg`ına qarım-qatnas jasawda, pikir almasıwda birdey da`rejede za`ru`rli bolg`an so`zler bolıp esaplanadı.

Tildin` so`zlik quramı xalıqtın` ekonomikalıq, ma`deniy ha`m siyasiy turmısının` o`zgeriwi ha`m rawajlanıwı menen tikkeley baylanısta boladı. Usıg`an baylanıslı tildin` ishki rawajlanıw nızamları arqalı ishki ha`m sırtqı da`rekler tiykarında jan`a tu`siniklerdi an`latatug`ın jan`a so`zler so`zlik quramg`a enip, al turmıs qa`jetliliginen ayrılg`an tu`siniklerdi bildiretug`ın so`zler go`nerip, geyparaları ha`tteki so`zlik quramınan shıg`ıp qalıp ta otıradı.

Qaysı tildi alıp qarasaq ta, onda so`zlik quramnın` rawajlanıwı, jan`a so`zlerdin` payda bolıwı, bazı bir leksikalıq birliklerdin` qollanılıwı jiyiliginin` joytılıwı ya shıg`ıp qalıwı, sonday-aq so`z ma`nisindegi o`zgerisler tu`rinde u`sh bag`darda iske asatug`ınlıg`ın ko`riwge boladı.

Til biliminde so`zlik quramda jan`adan payda bolg`an so`zlerdi neologizmler (grektin` neos-jan`a, logos-so`z degen so`zlerinen kelip shıqqan) dep ataydı.

Tilde neologizmlerdin` payda bolıwı ob`ektiv shınlıqtı tanıw tiykarına qurılg`an adam sanasının` barlıq waqıtta o`sip, rawajlanıp barıwına baylanıslı. Ol belgili bir da`wirde payda bolıp, so`zlik quramnın` siyrek (passiv) toparına kelip qosıladı, kem-kem sa`ykes ug`ımnın` turmıslıq za`ru`rligi ken`nen tanımalılıqqa iye bolıwı, jiyi (aktiv) qollanılıwı na`tiyjesinde jedel leksikag`a awısıp otıradı.Tildin` belgili bir da`wirinde neologizm sıpatında ko`ringen so`z son`g`ı da`wirde jan`alıq belgisin birotala joyıtqan bolıwı mu`mkin.Ma`selen, mashina, traktor, universitet, televizor, akter, teatr t.b. so`zler qaraqalpaq tilinin` ha`zirgi rawajlanıw da`wirinde jedel (jedel) leksikalıq birliklerden ibarat,. Olardın` neologizmlik belgisi hesh qanday sezilmeydi.

Neologizmler jan`a ma`ninin` jasalıw ayrıqshalıqlarına qaray tu`rli-tu`rli bolıp keledi. Birinde turmısta payda bolg`an zatlar, qubılıslar ha`m olardın` belgilerin an`latıwshı jan`a so`zlerdin` do`rewi tiykarında iske asadı: lektsiya, komp`yuter, monitor, poligon, deputat, stadion t.b. Ekinshide tilde bar so`zlerdin` bazasında jan`a ma`ni do`reydi, yag`nıy so`zdin` a`dettegi ma`nilerine qosımsha ekinshi ma`ni payda boladı: baha, qun, jarıs, gu`res t.b.

Neologizmlerdin` bul eki tu`ride leksikalıq-semantikalıq neologizmler delinedi.

Neologizmlerdin` ekinshi tu`ri leksikalıq-grammatikalıq neologizmlerden ibarat. Ma`selen, basla so`z tu`birinen-ma affikslerinin` ja`rdeminde baslama, ko`r so`z tu`birine -gizbe affiksinin` qosılıwı menen ko`rgizbe neologizmler payda bolg`an.

So`zlik quramdag`ı o`zgeris so`zlerdin` go`neriwi a`dette jedel qollanıw qa`siyetine iye so`zlerdin` siyrek qollanılıwı, ha`tteki qollanıwdan shıg`ıwı, arqalı da boladı. Mine, usınday qollanılıw jedelliginen ayrılg`an so`zlerdi go`nergen so`zler dep ataydı. Til biliminde go`nergen so`zlerdi eki toparg`a bo`ledi: istorizmler ha`m arxaizmler.

Istorizmler xalıq turmısında ja`miyettegi rawajlanıwdın` anaw ya mınaw da`wrinde belgili bir ug`ımnın` ataması retinde o`mir su`rip tilde jedel leksikalıq birlik xızmetin atqarıp kelgen. Biraq sol ug`ımlardın` go`neriwi, turmıs ha`jetliligin joyıltıwı sebepli tilde qollanılıwı pa`sen`lewi na`tiyjesinde go`nergen o`zlerden ibarat: moyıntırıq, sawıt, bolıs, biy, qazı, medrese, da`wish, qul, suq, malay t.b.

Al, arxaizmler bolsa ha`zirde jedel sıpatg`a iye predmet ha`m qubılıslardın` da`slepki atamaları bolıp tabıladı. Ma`selen, mo`r-pechat`, jasawıl-orınlawshı, no`ker-a`sker-soldat t.b.

Istorizmler menen arxaizmler so`zlik quramnın` jedel toparınan shıg`ıp qalg`an ku`ndelikli qarım-qatnas jasawda qollanılmaytug`ın so`zler bolıp esaplanadı. Olar qollanılg`an jag`dayda da, o`tken da`wirdegi qubılıs, waqıyalardan xabar, mag`lıwmat beriw maqsetinde yamasa belgili bir stillik maqsette ko`rkem shıg`armalarda g`ana qollanıladı.

Til o`zgeshe ja`miyetlik, qubılıs sıpatında o`zine ta`n rawajlanıw nızamlarına iye. Bul nızamlılıq onın` pu`tkil mazmunı menen bir qatarda ishki qurılısında o`z ishine aladı. Tildegi ha`r qanday o`zgeris ha`m jetilisiw tek g`ana sol ob`ektiv nızamlıqlar tiykarında lingvistikalıq ha`m ekstralingvistikalıq dereklerge sa`ykes a`meliy iske asıp otıradı. Ha`r qanday o`zgeris ha`m rawajlanıw tilde ob`ektiv o`mir su`retug`ın, qa`liplesken nızamlıqlarg`a su`yenedi, tildin` ishki qurılısında sa`ykes usıllar ha`reket etedi.

Lingvistikalıq ha`m ekstralingvistikalıq faktorlardın` tiykarında so`zlik quramnın` rawajlanıwı belgili usıllardın` tiykarında a`meliy iske asıp baradı. Olar tiykarınan alg`anda grammatikalıq, fonetikalıq, semantikalıq ha`m so`z awısıw usıllarınan ibarat.

Grammatikalıq usıl. Bul usıl arqalı so`zlik quramnın` rawajlanıwı tildegi qa`liplesken so`z jasaw u`lgileri tiykarında boladı. Bunda ha`r tildin` o`zine ta`n so`z jasawshı quralların` bolıwına baylanıslı anaw ya mınaw tildegi so`z jasaw faktleri salıstırg`anda bazı bir ayırmashılıqlar boladı. Ma`selen, orıs tilinde prefikslardın` ja`rdemi menen jan`a so`z jasaw jedel sıpatqa iye: postavit`-vıstavit`, stroika-nadstroika, nesti-snesti, strax-besstranenie t.b.

Al, tu`rkiy tillerinde prefikc arqalı so`z jasaw jedel qubılıs emes. Grammatikalıq usıl arqalı so`zlik quramnın` jan`a so`zler menen tolıg`ıwı bir neshe tu`rde boladı. Birinde so`zlerdin` birigiwi, dizbeklesiwi arqalı jan`a so`z jasalsa, ekinshisinde so`z jasawshı affikslerdin` so`z tiykarına qosılıwı arqalı ekinshi so`z do`reydi. Usıg`an qaray tilde so`zlerdin` birigiwi ha`m dizbeklesiw usılı, qısqarıw usılı, suffiksatsiyalıq usıl, prefiksatsiyalıq usıl usag`an tu`rleri bar.

Fonetikalıq usıl. Fonetikalıq usıl arqalı so`z quramındag`ı seslerdin` o`zgeriwi, pa`ttin` ornının` o`zgeriwi menen so`z jasaladı: alma-alma, terme-terme, o`tkerme-o`tkerme. Bul usıl o`nimli usıl emes.

Semantikalıq usıl. So`zlik quramdı bayıtıwda jedel usıllardın` biri. So`zlik quram tek jan`a so`zlerdin` esabınan emes, sonın` menen birge tilde bar so`zdin` ma`nilerinin` ken`eyiwi, tarayıwı esabınan da rawajlanadı. Ma`selen, Xojalıq so`zinin` ha`zirgi ma`nilerine itibar berip qarayıq. Bul so`z tek sem`ya, u`y-degen ma`niler menen birge o`ndiris, taraw ma`nilerinde de jumsaladı.

So`zlerdin` awısıw usılı. Ha`zirgi zaman tillerinin` so`zlik quramına na`zer awdarsaq, olardın` so`zlik quramında o`zge tillerden awısqan so`zlerdin` bar ekenligin na`tiyjede bul protsesstin` sa`ykes tillerdin` so`zlik quramın bayıtıwg`a sebepshi bolg`anlıg`ın ko`riwge boladı.

A`debiyatlar.

1. Berdimuratov E., Dauletov A. Til bilimine kirispe. N. 1988.
2. Koduxov V.I. Vvedenie v yazıkoznanie M. 1979.
3. Berdimuratov E. Ha`zirgi qaraqalpaq tili. Leksikologiya. N. 1994.

Frazeologiya. Frazeologiyalıq so`z dizbeklerinin` klassifikatsiyası.

J O B A

1. Frazeologiyalıq so`z dizbeklerinin` tiykarg`ı belgileri.
2. Frazeologiyalardın` so`z shaqabına qatnasına qaray tu`rleri.
3. Qurılısı boyınsha tu`rleri.
4. Frazeologiyalardın` semantikalıq birigiwshiligi jag`ınan tu`rleri.
5. Leksikografiya haqqında tu`sinik.
6. Entsiklopediyalıq ha`m lingvistikalıq so`zlikler.

Tildin` so`zlik sistemasında pu`tin bir nominatsiyalıq birlik sıpatında tek so`zler g`ana emes, al eki ya onnan da ko`p so`zler dizbeginen turatug`ın qospalı nominatsiyalıq atlar da bar. Olar da jeke so`z uqsap tilde tayar tu`rinde ushırasadı. Ma`selen, albıraw, <u>sasıw</u> degen jeke nominatsiyalıq xızmetin atqarıp turg`an bolsa, tu`yenin` <u>u`stinen iyt qabıw</u> degen to`rt so`zden turatug`ın so`z dizbegi jıynalıp barıp bir nominatsiyanı qurap tur.

Bul frazeologiyalıq so`z dizbegi jeke so`zlerden o`zinin` quramalı bolg`an qurılısı arqalı ayrıladı. Tilde bunday tayar tu`rinde ushrasatug`ın turaqlı quramına iye, pu`tin bir nominatsiyalıq xızmet atqarıwshı o`zgeshe so`z dizbekleri tu`rindegi qospalı birliklerdi frazeologizmler dep ataymız.

Frazeologiya-til iliminin` belgili tarwlarının` biri. Bul terminnin` o`zi tiykarınan grektin` phrazis (fraza) ha`m logos (ilim) degen so`zlerinen kelip shıqqan. Tildegi frazeologiyalıq so`z dizbekleri frazeologiyanın` u`yrenetug`ın ob`ektleri bolıp tabıladı. So`zlik quramda tek jeke so`zler g`ana emes, jeke so`zlerdey pu`tin bir ma`ni an`latıwshı bir neshe so`zler dizbeginen quralg`an turaqlı so`z dizbekleri de belgili orındı iyeleydi. Sonın` menen birge bul leksikalıq qatlam o`zgeshe sıpatqa, ayrıqshalıqlarg`a iye so`zlik quramının` bir toparın quraydı.

Frazeologiyalıq so`z dizbeklerinin` belgili tu`rlerinen esaplanatug`ın naqıllar, maqalalar, ideomalar, sonday-aq onın` basqa da tu`rleri bizin` ku`ndelikli tilimiz arqalı qatnas jag`dayımızda pikirimizdi tolıq o`zine ta`n barlıq ma`nilik boyawları menen jetkeriwde ayrıqsha xızmet atqaradı. Frazeologiyalıq so`z dizbekleri mine usı ko`z-qarastan tildin` qaymag`ı sıpatında ko`rinedi. Onda xalıqtın` a`sirler boyı payda etken, jıynag`an ushqır qıyallarının`, danalıg`ının` so`z do`retiwshiliginin` a`jayıp u`lgileri jatır. Frazeologiyalıq so`z dizbekleri arqalı beriletug`ın ma`ninin` ekinshi bir so`z penen da`l sol o`zgesheliklerin saqlag`an halında almastırıw mu`mkin emes.

Mısalı: <u>Ko`z ushında</u> buldırap ko`ringen adamlardın` hayal yamasa erkek ekenin ayıra almadıq.

Biren`-saran` oqıp, ko`zi ashılg`an hayal bolmasa, ko`pshiligi elegen deyin oshaqtın` basınan shıg`a almay otır (B.M.).

Ata ko`p jrip tu`yenin` tuyag`ı tu`setug`ın jer eken, usı jolg`a o`zin`iz barıwın`ız kerek eken-depti (Q.E.).

ko`z ushında-alısta, uzaqta

ko`z ashıldı-sanasın, kewilin oyattı

o`mirdi bildi, tanıdı.

tu`yenin` tuyag`ı jetken jer-uzaq dım ju`da` alıs jer.

Frazeologiyalıq so`z dizbekleri bir neshe komponentlerdin` jıynag`ınan turıp, olar dara-dara so`zler sıpatında qaralmaydı, al pu`tin bir ma`nini an`latıp keledi.

So`z dizbekleri erkin ha`m turaqlı bolıp keledi. Jeke komponentleri aytılayın degen pikirdin` ma`nisine, uslub o`zgesheliklerine qaray o`zgere beretug`ın so`z dizbeklerin erkin so`z dizbekleri dep ataymız. Mısalı, jasıl japıraq, qalın` tog`ay.

Al jeke komponentleri leksikalıq grammatikalıq jaqtan turaqlı tu`rde birlesken, qa`liplesken, o`zgeris kiritiwge bolmaytug`ın, eger bolsada sheklengen da`rejede g`ana bolatug`ın so`z dizbekleri turaqlı so`z dizbekleri dep ataladı. Mısalı: qabag`ın u`yiw, awzın ashpaw, til qatpaw. Mine usınday turaqlı tu`rde baylanısqan so`z dizbekleri frazeologiyalıq so`z dizbekleri yamasa frazeologizmler dep ataladı.

Frazeologiyalıq so`z dizbekleri o`zine ta`n ayrıqsha belgilerge iye, yag`nıy olar to`mendegilerden ibarat:

1). Frazeologiyalıq so`z dizbekleri tilimizdegi jeke leksikalıq birlik sıpatında tayar tu`rinde qa`liplesip ketken so`z dizbeklerinen esaplanadı.

2) Frazeologiyalıq so`z dizbekleri ma`nilik jaqtan ko`binese emotsionallıq-ekspressivlik boyawg`a, obrazlılıqqa iye bolıp keledi.

3) Frazeologiyalıq so`z dizbegin quraytug`ın jeke komponentler o`zlerinin` qa`liplesken turaqlı ornına iye.

4) Frazeologiyalıq so`z dizbeklerin quraytug`ın jeke komponentler jıynalıp, bir sintaksislik xızmet atqaradı.

5) Frazeologiyalıq so`z dizbegin bo`leklerge bo`liwge bolmaydı.

6) Frazeologiyalıq so`z dizbeklerin basqa tilge so`zbe-so`z awdarıwg`a bolmaydı.

Mine usı belgiler frazeologizmlerdi anaw ya mınaw so`z shaqabına qatnası tiykarında qarawg`a mu`mkinshilik beredi. Olar ga`p ishinde qollanıwına qaray belgili bir so`z shaqabı ma`nisinde keliwi mu`mkin.

1) Feyil ma`ni frazeologizmler :qabag`ınan qar jabıw, tırnaq astınan kir izlew t.b.

2) Substantivlik frazeologizmler: til ushı, man`lay teri, miynet haqı t.b.

3) Ad`ektivlik frazeologizmler: qolı jen`il, aq ko`rirek t.b.

4) Ra`wishlik frazeologizmler: ko`zdi ashıp jumg`ansha, ko`z ushında, iyt o`lgen jerde t.b.

Qurılısı boyınsha frazeologizmler jeke so`z dizbegi jay ga`p ha`m qospa ga`p tu`rinde ushrasadı. Ma`selen, u`skini qwyılıw frazeologizmi so`z dizbegi tu`rinde bolsa den saw, isler bes-ayrım jay ga`pke ten` al qazan da may, sho`mishte may barlıg`ı jıynalıp barıp ko`p mol degen ma`nini an`latadı. Qurılısı boyınsha qospa ga`p tu`rinde payda boladı.

Frazeologiyalıq so`z dizbekleri o`zlerinin` an`latılatug`ın ma`nisine, quramındag`ı jeke komponentlerdin` sol pu`tin ma`nige qatnasına, baylanısı boyınsha ha`r tu`rli bolıp keledi. Mine usıg`an baylanıslı ulıwma frazeologiyalıq so`z dizbekleri frazeologiyalıq o`tlesiw, frazeologiyalıq birlik, frazeologiyalıq dizbekler, frazeologiyalıq so`zler bolıp 4-ke bo`linedi.

1) Frazeologiyalıq o`tlesiw bulardı hesh qanday bo`leklerge bo`liwge bolmaydı, quramındag`ı komponentleri o`zinin` tiykarg`ı leksikalıq ma`nisin derlik joyıltıp jibergen so`z dizbekleri. Mısalı: tu`ye u`stinen iyt qabıw, ko`z benen qastın` arası, iyt o`lgen jer, tayag`ın iyt g`ayzag`an, ala jipti kesisiw, murnın balta shappaw, beline tebiw, til menen oraq orıw, eki ko`zi to`rt bolıw, salısı suwg`a ketiw h.t.b.

2) Frazeologiyalıq birlikler - bular frazeologiyalıq o`tlesiwge qarag`anda biraz jumsarg`an so`z dizbekleri bolıp tabıladı. Bo`leklerge bo`liwge bolmaytug`ın, semantikalıq jaqtan tutas, quramındag`ı komponentlerdin` jeke ma`nileri jıynalıp barıp pu`tin bir ekinshi ma`nini payda etetug`ın so`z dizbekleri frazeologiyalıq birlik dep ataladı. Mısalı: o`kshe ko`teriw, qulaq tu`riw, ko`zdi ashıp jumg`ansha, ayag`ı jerge tiymew, qızıl qanat bolıw, awzına qum quyıw, ko`z jumıw h.t.b.

3) Frazeologiyalıq dizbekler Qaraqalpaq tilinde quramındag`ı komponentlerdin` jeke ma`nileri ju`da` anıq, ulıwma ma`nige tikkeley baylanıslı, solayda turaqlı sıpatqa iye so`z dizbeklerinin` tu`rine aytıladı. Mısalı, ko`zge tu`siw, bas iyiw, boy jazıw, kewlin ko`teriw, asqar taw, bas iyzew, ko`zi masaladay janıw h.t.b.

4) Frazeologiyalıq so`zler naqıl-maqallar, sonday-aq qollanılıwı jag`ınan ken` o`ris alg`an, bo`leklerge bo`liwge bolmaytug`ın ushırma so`zler: «Jaqsının` jatı bolmas, jamannın` uyatı bolmas», «Ustalı el du`zeler», «Adam tilinen, mal shaqınan», Ko`z qorqaq, qol batır», «Et etke, sorpa betke» h.t.b.

Til biliminin` leksikografiya tarawı so`zliklerdi izertleydi.

So`zlerdi sistemalastırıw, belgili bir ta`rtipke jaylastırıw, olardı bahalaw ma`seleleri leksikografiyanın` u`yreniw ob`ekti bolıp esaplanadı. Ol so`zliklerdi du`ziwdin` a`meliy ta`repleri menen shug`ıllanıp qoymastan, sol ta`jriybeler izleniwler tiykarında do`regen teoriyanı jıynaqlastıradı ha`m usınadı.

Leksikografiya bir yamasa bir neshe tillerdegi so`zlerdi tu`sindiriw, salıstırıw, tariyxıy ko`z-qarastan u`yreniw, ma`nilerin tu`sindiriw t.b. ma`selelerdi qarastıradı, so`zliklerdin` tu`rleri ha`m olardın` du`ziliw rejelerin belgileydi.

So`zlikler du`ziw praktikası tildegi durıs paydalanıwdın` turmıslıq za`ru`rligi tiykarında erte zamanlardan-aq baslandı. Ma`selen, tu`rkiy tilleri boyınsha birinshi ret leksikografiyalıq ilimiy miynet do`retken ullı ilimpaz Maxmud Qashg`ariy bolıp esaplanadı. Ol du`n`yag`a o`zinin` «Devonu lug`atit tu`rk» degen miyneti menen belgili. Bul so`zlik IX a`sirde, 1068 jılı jazıp tamaladı. Jumıs u`sh tomnan turadı. 1960-jılı bul so`zlik o`zbek tiline S.M.Mutal`bov ta`repinen awdarıldı. Maxmud Qashg`ariydin` bul so`zligi tu`rkiy tillerinin` birewine g`ana ta`n so`zlik dep qarawg`a bolmaydı. Ol ortaq so`zlik. So`zlikte tu`rkiy tilleri boyınsha tek leksikografiyalıq g`ana emes, al fonetikalıq, grammatikalıq mag`lıwmatlar bar.

Til biliminde so`zliklerdin` xarakteri, aldına qoyg`an wazıypaları mazmunı boyınsha eki tu`ri bar.

1. Entsiklopediyalıq (ug`ımlar so`zligi)

2. Filologiyalıq.

Entsiklopediyalıq so`zliklerde so`z arqalı an`latılatug`ın ug`ım ja`n-jaqlı, tariyxıy kelip shıg`ıwı, ol tuwralı ilimiy pikirler ha`m t.b. sa`ykes mag`lıwmatlar konkret faktler menen beriledi.

Al, filologiyalıq so`zlikler filologiyalıq ma`selelerdi o`z ishine aladı, yag`nıy so`zlerdi frazeologiyalıq so`z dizbeklerinin`, o`z ma`nilerinin` baylanıslı kategoriyalardı ilim ha`m texnika terminleri, morfemalardı ha`m t.b. dı sistemalastırıp anıqlawg`a, sıpatlawg`a arnalg`an.

Filologiyalıq so`zlikler bir tillik , eki ha`m ko`p tillik so`zlikler bolıp keledi.

Filologiyalıq so`zliklerdin` ishinde en` a`hemiyetlisi-tu`sindirme so`zlik. Onda so`zge ha`r ta`repleme sıpatlama beriledi. Ma`selen, grammatikalıq forması, qollanılıwı, rawajlanıwı boyınshada ta`ripleme beriledi.

Tariyxıy-etimologiyalıq so`zlikler so`zlerdi tariyxıy rawajlanıwına baylanıslı ma`selelerge arnaladı. Onda so`zge tariyxıy ko`z-qarastan talıqlama jasaladı.

E.V. Sevortyan «Entsiklopedicheskiy slovar` tyurkskix yazıkov», M. Fasmer «Entsiklopedicheskiy slovar`» t.b.

Salıstırma so`zlik. Bunda bir tilden so`zge ekinshi bir til yaki tillerdegi sa`ykeslik ayırmashılıg`ı tiykarında salıstırma baha beriledi.

V.V. Radlovtın` «Opıt slovarya tyurkskix narechiya».

1. Budagovtın` «Sravnitel`nıy slovar` turetsko-tatarskix narechiy» atlı so`zlikleri salıstırmalı so`zlikler qatarına kiredi.

Bunday salıstırma so`zliklerde tuwısqan tillerdegi ortaq tu`birles so`zler beriledi: bunday so`zlerdin` ha`r tu`rli tuwısqan tillerdegi uqsas ta`repleri menen ayırmashılıg`ı ko`rsetiledi.

Tuwısqan tillerdi salıstırmalı -tariyxıy metod arqalı izertlep, olardın` rawajlanıw nızamların anıqlawda salıstırma so`zlikler bahalı materiallar beredi.

Tu`sindirme so`zlikler. Filologiyalıq so`zliklerdin` ishinde en` a`hmiyetli so`zliklerdin` tipi tu`sindirme so`zlik. Onda ha`r ta`repleme sıpatlama beriledi. Ma`nisi, grammatikalıq forması, qollanılıwı , sa`ykes uqsaslıqları bazı bir jag`daylarda rawajlanıwı boyınshada sıpatlama beriledi. Tu`sindirme so`zlikler ko`p tiller boyınsha do`retilgen. Orıs til iliminde V.I.Dal` ta`repinen du`zilgen «Tolkovıy slovar` jivoyu velikogo russkogo yazıka», D.I.Ushakovtın` redaktorlıg`ında to`rt tomlıq «Tolkovıy slovar` russkogo yazıka», S.I.Ojegovtın` bir tomlıq «Slovar` russkogo yazıka» usınday so`zliklerden esaplanadı. Son`g`ı jılları tu`rkiy tiller boyınsha tu`sindirme so`zlikleri du`zildi.

Qaraqalpaq tilinin` to`rt tomlıq tu`sindirme so`zligi du`zildi. Tu`sindirme so`zliklerdi so`zler semantikalıq, grammatikalıq ja`ne stilistikalıq ta`repten tu`sindiriledi. Sonın` menen birge onda a`debiy tildegi so`zlerdin` durıs jazılıwı menen aytılıwı da ko`rsetiledi.

So`zlikte ma`nisi tu`sindiriletug`ın so`z restor so`z dep ataladı. Ha`r bir restor so`zden keyn sol so`zdin` so`z shaqabına qatnaslı ekenligin ko`rsetetug`ın belgiler qoyıladı. Geyde so`zdin` leksikalıq ma`nisi onın` sinonimi arqalı beriledi.

So`zlikte ko`p ma`nili so`zdin` en` da`slep tiykarg`ı nominativlik ma`nisi, onnan son` awısqan ma`niler beriledi.

Dialektologiyalıq so`zlikler a`debiy tildin` leksikasınan orın almaytug`ın biraq milliy tildin` jergilikli tarmaqları bolıp esaplanatug`ın dialektler menen govorlarg`a ta`n so`z dizbeklerin qamtıydı. Millet tilinin` ishindegi jergilikli dialektlerge ta`n ha`r tu`rli o`zgesheliklerdi salıstırıw tildin` tariyxıy rawajlanıwın u`yreniw, bili ushın ja`rdem beredi.

Awdarma so`zlikler.

Ha`r tu`rli tillerde jasalg`an so`zlikler ishinde en` ko`p ushrasatug`ının eki tillik awdarma so`zlikler. Awdarma so`zlikler shet tildi u`yreniwde, sol tildin` leksikasın men`geriwde, basqa tilde jazılg`an a`debiyatlardı awdarıwda ayrıqsha xızmet atqaradı.

Terminologiyalıq so`zlikler. Ilim menen texnikanın` t.b.tarawlarg`a baylanıslı terminlerdi qamtıp, olardın` ma`nilerin tu`sindiriwdi maqset etedi.

Terminologiyalıq so`zlikler bir tillik tu`sindirme so`zlik tu`rinde de, eki tillik awdarma so`zlik tu`rinde de jasalıwı mu`mkin. Bir tilde jasalg`an terminologiyalıq so`zliktin` tu`rine O.S.Axmanovanın` «Lingvistikalıq terminler so`zligi». (M.1966) aytsaq boladı.

A`debiyatlar.

1. E.Berdimuratov, A.Dawletov Til bilimine kirispe. N. 1988. 175-182 betler.
2. Axanov K. Til biliminin` negizderi. A. 1993 165-182 betler

3. Eshbaev J. Qaraqalpaq tilinin` qısqasha frazeologiyalıq so`zligi. N. 1985jıl.

4. Ken`esbaev I. Qazaq tilinin` frazeologiyalıq so`zligi. A. 1977.

5. V.I.Koduxov. Vvedenie v yazıkozaniya. M. 1979. 224-231 betler.

## Grammatika. Morfologiya

### J O B A

1. Grammatikanın` izertlew ob`ekti ha`m tarawları.
2. Morfema
3. Tu`bir ha`m affiks
4. Grammatikalıq ma`ni bildiriw usılları.

So`z grammatikanın` qaramag`ında tu`rli o`zgeriske ushırawı arqalı ga`ptin` qurılısında iykemlesip, beyimlesip turadı. Tildegi so`zlerdin` tu`rleniwi, olardın` qurılısı, tu`rli o`zgerislerge ushıraw qa`deleri, ulıwmalıq belgilerine qaray so`zlerdi so`z shaqablarına klassifikatsiyalaw printsipleri, so`z dizbegi ha`m ga`pler, olardın` tu`rleri haqqındag`ı ma`selelerdi grammatika ilimi izertleydi. Grammatika o`z-ara tıg`ız baylanıslı eki tarawdan turadı: morfologiya ha`m sintaksis. Morfologiya so`zlerdin` morfologiyalıq qurılısın, morfemalardın` tu`rlerin, grammatikalıq ma`ni an`latıw usılların, so`zlerdin` leksika-grammatikalıq toparların (so`z shaqapların) izertleytug`ın grammatikanın` ayrıqsha bir tarawı.

Morfologiya tarawının` izertleytug`ın ma`selelerinin` biri so`zlerdin` morfologiyalıq qurılısı.

So`zdin` morfologiyalıq qurılısına durıs tallaw jasaw ushın en` aldı menen so`zdin` qurılısına tikkeley qatnası bar tiykarg`ı morfologiyalıq tu`siniklerdi anıqlap alıw kerek.

So`zlerdin` morfologiyalıq qurılısı, morfemalıq quramı jag`ınan ha`r tu`rli bolıp keledi: olar bir morfemadan (bas, qol) eki ha`m onnan da ko`p morfemadan da (basla, qolla), (bas-la-w-shı, qol-la-n-ıs), quralıwı mu`mkin. Morfema degenimiz tag`ıda mayda bo`lekke bo`liwge bolmaytug`ın ma`ni an`latıwshı til birligi. So`z - ataw ma`nisin bildirse, ga`p -qatnas (kommunikativ) ma`nisin, morfema tilde «qurılıs materialı» xızmetin atqaradı. Morfema tu`sinigi lingvistika ilimine I.A. Boduen de Kurtene ta`repinen engizilgen.

Morfemalar so`z qurılısındag`ı ma`nisi ha`m atqaratug`ın xızmeti jag`ınan negizgi (tu`bir) ha`m ko`mekshi morfemalar bolıp bo`linedi. Tu`bir morfema leksikalıq ma`ni bildirse, ko`mekshi morfema grammatikalıq ma`ni an`latadı. Tu`bir morfema tu`bir, ko`mekshi morfema affiks dep ataladı.

So`zlerdin` morfologiyalıq qurılısı tu`bir ha`m affiksten turadı. Affiks o`z aldına turıp leksikalıq ma`ni shıg`armaydı. Tu`birden tısqarı o`z aldına jumsalmaydı. Affikstin` ma`nileri ha`r qıylı. Sonda da a`debiyatlarda onı u`sh tu`rli toparg`a bo`lip qaraydı. Atap aytqanda leksika-grammatikalıq affiks, sap grammatikalıq affiks, formal`-strukturalıq affiksler.

1. Leksiko-grammatikalıq affikslerdi so`z jasawshı yamasa derivatsiyalıq affiksler dep te, suffiksler dep te ataydı: suwshı, balası, sana t.b.

2. Sap grammatikalıq affikslerdi relyatsiyalıq affiksler dep te ataydı. Bunday affikslerdin` qatarına jalg`awlar kiredi.

Jalg`awlar tu`birdi semantikalıq jaqtan o`zgertpesten, og`an grammatikalıq ma`ni qosadı: kitaplar, kitabım, kitapta t.b. san grammatikalıq affikslerdi so`z o`zgertiwshi, relyatsiyalıq affiksler dep te ataydı.

3. Formal`-strukturalıq affiksler yamasa forma jasawshı affiksler.

Forma jasawshı affiksler so`zlerge qosılg`anda onın` leksikalıq ma`nisin pu`tkilley o`zgertip kete almaydı. Mısalı: jaqsı-jaqsıraq, kitap-kitapsha, eki-ekinshi, oqı-oqıma t.b.

Tilde en` ko`p jumsalatug`ın o`nimli affiksler leksiko-grammatikalıq ha`m sap grammatikalıq affiksler bolıp tabıladı. Ayırım tillerde qosımsha strukturalıq xızmet atqarıwshı ko`mekshi grammatikalıq affiksler de ushrasadı. Bulardın` qatarına orıs tilindegi baylanıstırıwshı a, o, e affikslerin jatqarıwg`a boladı. Mısalı: aviabilet, samoobslujivanie, kinematografiya t.b.

Affiksler tu`birdin` basında, ortasında ha`m aqırında jumsala beredi.

Tu`birdin` basında jumsalatug`ın affiksti prefiks yamasa pristavka deymiz. Prefiksler orıs tilinde ko`birek jumsaladı.

Mısalı: razgovor, priexal t.b.  Tu`rkiy tillerde sonın` ishinde qaraqalpaq tilinde siyrek ushrasadı.

Tu`rkiy tiller agglyutinativ tiller qatarına jatatug`ın til bolg`anlıqtan affiksler tu`birdin` aqırına jalg`anadı.  Til biliminde tu`birdin` aqırına qosılg`an affikslerdi postfiks dep ataydı.

Affikslerdin` tu`bir menen, tu`birdin` arasında keliwin interfiks, tu`birdin` o`zinin` ishinde keliwin infiks dep ataydı.

Tu`bir so`z aldına turıp ta, eki tu`bir qosılıp ta, ko`p morfemalı so`zlerdin` qurılısında da kele beredi.  Barlıq jag`dayda da oraylıq orındı tu`bir morfema iyeleydi. Al affiksler bolsa ko`mekshi xızmet atqaradı.

So`zdin` leksikalıq ma`nilerinen basqa ha`r tu`rli grammatikalıq ma`nileri boladı. Grammatikalıq ma`nileri seplik, betlik, san, ma`ha`l h.t.b. grammatikalıq kategoriyalarlı o`z ishine aladı.Bul kategoriyalardın` grammatikalıq ma`nileri tu`birdin` leksikalıq ma`nilerin anıqlaydı yamasa so`zlerdin` leksikalıq ma`nilerinin` bir-birine qatnasın bildiredi. Grammatikalıq ma`niler tilde ha`r qıylı usıllar menen bildiriledi. Atap aytqanda affiks jalg`anıw usılı  (affiksatsiya) ishki flektsiya usılı, juplasıw usılı (reduplikatsiya), birigiw usılı. Sonday-aq ko`mekshi so`zler, so`zlerdin` orın ta`rtibi, pa`t intonatsiyalardı da grammatikalıq ma`ni bildiriw usıllarına jatqarsaq boladı.

Tiller grammatikalıq usıllardı paydalanıw jag`ınan da ha`r tu`rli bolıp keledi. Geybir tiller usı atalg`an usıllardın` ko`pshiliginen qollansa, geybirewleri tek ayrım grammatikalıq usıllardan g`ana paydalanadı. Bunday bolıwı ha`r tu`rli tillerdin` grammatikalıq qurılısının` o`zgesheligine baylanıslı boladı.

1. Affiksatsiya usılı. Tu`birge affiksler jalg`aw arqalı grammatikalıq ma`ninin` beriliw usılı affiksatsiya usılı dep ataladı. Bul usıl grammatikalıq usıldın` ishinde en` ko`p taralg`an tu`ri. Bul a`sirese tu`rkiy tillerinde ju`da` jiyi qollanıladı. . Affiksatsiya usılı tu`rkiy tillerde derivatsiyalıq ma`ni de, relyatsiyalıq ma`ni de beredi. Demek affiksatsiya usılı grammatikalıq ma`nilerdi bildiriw ushın suffikslerdi de, jalg`awlardı da paydalanadı. Grammatikalıq ma`ninin` bir tu`ri - derivatsiyalıq ma`ni suffiksler arqalı berilse, ekinshi tu`ri relyatsiyalıq ma`ni jalg`awlar arqalı beriledi.

Affiksatsiya usılı tu`rkiy tillerinen basqa indoevropa tilleri menen ibero-kavkaz tillerinde de qollanıladı. Biraq affikslerdin` so`z quramında ornalasıw ta`rtibi jag`ınan ma`ni olardın` qollanıw tillerdin` ba`rinde birdey emes. Ma`selen, orıs tilinde affiksatsiya usılının` to`mendegidey usılı bar.

1. So`zler seplengende ko`pshilik jag`dayda tu`birdin` fonetikalıq quramı o`zgerip ketedi.

Mısalı: son-sna

Xodit-xoju

Tu`rkiy tillerde sonın` ishinde qaraqalpaq tilinde so`zdin` sepleniwi betleniwi tu`birdin` fonetikalıq quramına ta`sirin tiygize almaydı.

2. Orıs tilinde ko`plegen affiksler ha`r qaysısı bir ma`nini eme, al bir neshe ma`nini bildiredi.

Ms. orıs tilindegi gosti (qonaqlar) degen so`zdin` barıs seplik jalg`awı (datel`nıy padej) -yam (gostyam). Bir g`ana jalg`aw ha`m barıs sepligi ha`m ko`plik jalg`awlarının` ma`nisin bildirip tur.

Tu`rkiy tillerinde, sonın` ishinde qaraqalpaq tilindegi ko`plik ma`ni menen barıs sepligi o`z aldına bo`lek-bo`lek affiksler menen beriledi ha`m olar birinen son` biri jalg`ana beredi.

Sonda da, tu`rkiy tillerinde de bir neshe grammatikalıq ma`nini bildiretug`ın affikslerdin` bar ekenligin ko`rsetiwge boladı.

Mıs: oqı-dı-q, q-ko`plik jalg`aw.

Biraq bunday eki tu`rli xızmetti atqaratug`ın affiksler orıs tiline qarag`anda ju`da` siyrek.

Tu`rkiy tillerdegi affiksatsiya usılının` ja`ne bir o`zgesheligi -bir so`z ishinde affiksatsiya usılı bir neshe ret qaytalanadı. .Mıs: salı-kesh-ler-imiz-ge.

Tu`rkiy tillerinde affikslerdin` birinen son` biri dizbeklesip jalg`ana beriwi ondag`ı affikslerdin` ko`binese dara ma`nini bildiriw menen ja`ne tu`rkiy tillerinin` morfologiyalıq qurılısı jag`ınan agglyutinativ tiller bolg`anı menen de baylanıslı.

Ishki fleksiya usılı.

Grammatikalıq ma`ni bildiriw usılının` biri ishki fleksiya usılı.

Tu`birdin` fonetikalıq quramın o`zgertiw menen grammatikalıq ma`ni an`latıw ishki flektsiya delinedi.

Agglyutinativ tillerge singarmonizm xarakterli bolsa, flektiv tillerge fuziya xarakterli. fusis (lat)- eritindi, quyma (splav)

Bul usıl semit tillerinde (arab,evrey, t.b.) mısalı, arab tilinde so`zdin` tu`biri tek dawıssız seslerden quraladı da, sol dawıssızlardın` aralıg`ına dawıslı sestin` qosılıwı arqalı so`z grammatikalıq ma`nisi menen forması jag`ınan tu`rlenip otıradı. Mıs: ktb degen tu`bir jazıw degendi bildiredi. Usı tu`birden katib kitub, kutab

katib - jazıp otırıwshı

kitab - kitap

kataba - jazdı

kitabu - jazılg`an

Ishki fleksiya german tillerinde de ushırasadı.Ma`selen anglichan tilinde foot-ayaq, but ayaqlar.

Orıs tilinde izbegat`- izbejat`, nazıvat`,nazvat`, sobirat`-sobrat` degen so`zler feyildin` vid kategoriyasın bildiriw ushın jumsalıp tur.

Juplasıw usılı. (reduplikatsiya (lat.))- re- tazadan, qaytadan ha`m eki ese.

So`zlerdi juplastırıp, ta`kirarlap aytıw ko`pshilik tillerde ushırasadı. Bul leksiko-grammatikalıq ma`ni bildiriwdin` ayrıqsha usılı bolıp esaplanadı. Juplasıw usılı tu`rkiy tillerden tarqalg`an. Bul tillerde jup so`zler tiykarınan eki tu`rli jol menen jazılg`an. Bir so`zdin` qaytalanalıwı arqalı: qora-qora, taw-taw, so`yley-so`yley, eki-ekiden, 2-eki tu`rli so`zdin` juplasıp keliwinen: ag`ayin-tuwg`an, ata-ana, bes-altı t.b.

<u>Birigiw usılı</u>. Bul usıl boyınsha o`z-ara tu`bir morfemalar qosılıp jan`a so`z jasaladı. Demek birigiw usılı so`z jasaw xızmetin atqaradı.

Mıs: asqazan, tasbaqa,qurbaqa,shegara,bilezik.

Bul so`zlerdin` ha`r qaysısı eki so`zdin` birigiwinen jasalg`an. Komponenttin` ma`nileri birikken so`zlerde tolıq saqlang`an.

So`zlerdin` orın ta`rtibi, ko`mekshi so`zler pa`t leksikalıq ma`ni bildiriw menen birge grammatikalıq ma`nisti de atqaradı.Sonlıqtan, olardı da grammatikalıq ma`ni bildiriw usıllarına jatqaramız.

Qıtay tili menen anglichan tilinde so`zlerdin` orın ta`rtibi grammatikalıq ma`ni bildiriw usıllarının` biri.Mısalı:anglichan tilinde The son loves the father- bala a`kesin su`yedi.

The father loves the son -a`ke balasın su`yedi.

Bul mısalda grammatikalıq affiksler arqalı emes, so`zlerdin` ga`ptegi orın ta`rtibi arqalı berilgen.

So`zlerdin` morfologiyalıq qurılısının` o`zgeriwi.

Tildin` a`sirler dawamında rawajlanıw barısında so`zlerdin` qurılısında da ayırım o`zgerisler ju`zege keledi. Bul o`zgeris belgili bir grammatikalıq protsesslerdin` ta`sirinen boladı. Ko`rnekli lingvist V.A. Bogorodinskiy so`zlerdin` morfologiyalıq qurılısının` o`zgeriwine sebepshi bolatug`ın protsesslerdin` qatarına sin`isiw (oproshenie) qubılısı menen jılısıw (pererazlojenie) qubılısın jatqızadı.

1. Sin`isiw qubılısı. Geybir so`zlerdin` quramındag`ı morfemalar tildin` rawajlanıw barısında ma`nilerinen ayırımları, bunday so`zler morfemalarg`a ajratılmaytug`ın so`zler retinde tanıladı.

So`z quramındag`ı morfemalardın` ma`nileri joyılıp, olardın` bir-birine sin`isip ketiwine, sonın` na`tiyjesinde, so`zdin` morfemalarg`a bo`linbewinpayda etiwshi protsess sin`isiw qurılısı dep ataladı. Ma`selen, ha`zirgi qaraqalpaq tilindegi toqsan- (tog`ız, on) seksen-()segiz on so`zleri, a`kel, (alıp kel), apar (alıp bar).

2 Jılısıw qubılısı. Tildin` rawajlanıw barısında so`z quramındag`ı morfemalardın` birinshi elementi ekinshisine awısıp, ol morfemalardın` burıng`ı jiginin` o`zgeriwi jılısıw qubılısı dep ataladı.

Ma`selen, menin`-(mennin`), senin`-(sennin`), sarg`ay- sarıg` ay.

So`z shaqapları

J O B A

1. So`z shaqaplarına bo`liw printsipleri
2. Ma`nili so`z shaqapları
3. Ko`mekshi so`z shaqapları

Tildegi so`zlerdin` ma`nileri ha`r qıylı bolıwı menen birge bir qatar so`zler ortasında ma`ni jaqınlıg`ı da boladı. Sonday-aq ma`nilik jaqtan ortalıqqa iye so`zler grammatikalıq jaqtan da ulıwmalıq qa`siyetke iye boladı. Tildegi bunday qubılıslar barlıq so`zlerdi leksiko-grammatikalıq jaqtan toparlarg`a bo`lip, klassifikatsiyalawg`a mu`mkinshilik beredi. So`z shaqapları degennen biz tildin` leksikalıq birliklerinin` grammatikalıq toparlarg`a bo`liniwin tu`sinemiz. Tildegi qa`legen so`z leksiko-grammatikalıq jaqtan belgili bir so`zlerdin` toparına, anaw ya mınaw so`z shaqabına tiyisli boladı.

Jeke tillerdin` morfologiyasında so`z shaqapları ma`selesin sheshiwde, olardı klassifikatsiyalawda so`zsiz ulıwma so`z shaqapları teoriyasına tiykarlanadı.

So`z shaqaplarının` tariyxı a`yyemgi zamannan baslanadı. Bizin` eramızdan burıng`ı IV a`sirde Aristotel` so`z shaqapların atawısh, feyil, ha`m jan`apaylar dep u`shke bo`lgen. Jan`apaylardın` qatarına barlıq ko`mekshi so`zlerdi ha`m almasıqlardı kirgizgen.

So`z shaqaplarına klassifikatsiyalaw kem-kemnen teren`lestirildi, ilimiy jaqtan ja`n-jaqlı u`yrenildi.

Orıs lingvistikası iliminin` ko`rnekli ua`killeri F.F. Fortunatov, D.I. Ushakov, M.N. Peterson so`z shaqaplarına klassifikatsiyalawda tek formal` grammatikalıq belgilerge su`yeniwdi usındı. Olardın` ko`rsetiwine barlıq so`zler so`z o`zgeriwshi formalarg`a iye (tu`rleniwshi) so`zler ha`m so`z o`zgertiwshi formalarg`a iye emes (tu`rlenbewshi) so`zler bolıp bo`linedi. So`zler bir qıylı grammatikalıq belgilerdin` ha`r tu`rli tillerde ha`r qıylı formalarda ko`riniwi so`z shaqapların klassifikatsiyalawda formal` grammatikalıq kriteriyanın` jaramsız ekenin bildiredi.

Du`n`ya tillerinde so`z shaqaplarına klassifikatsiyalawda ulıwmalıq grammatikalıq ma`nis en` tiykarg`ı sheshiwshi faktor bolıp tabıladı ha`m barlıq tillerge ortaq sıpatqa iye boladı.

So`z shaqaplarına klassifikatsiyalawda semantikalıq belgiler menen birge morfologiyalıq ha`m sintaksislik belgilerde so`zsiz esapqa alınadı. Ha`r bir so`z shaqabına ta`n so`z jasawshı, so`z tu`rlendiriwshi affiksleri boladı.

So`z dizbegi ha`m ga`pte atqaratug`ın xızmeti boyınsha da so`zlerdi klassifikatsiyalaw mu`mkin. Ayırım so`zlerdin` toparı basqa bir topardag`ı so`zler menen dizbeklesiwge beyim boladı. Ma`selen, kelbetlik so`zler menen atlıqlar, ra`wishler menen feyiller t.b.

Bir so`z shaqabına kiretug`ın so`zler ga`ptegi xızmetine qaray ha`r tu`rli ga`p ag`zası bola beredi. So`z shaqablarına bo`liwdin` to`mendegi printsipleri bar:

1. Leksika-semantikalıq printsip. Ha`r bir so`z o`zinin` leksikalıq ma`nisi jag`ınan basqa so`zlerden ajıralıp turg`anı menen semantikası boyınsha bir topardı quraydı: zattı, ha`reketti, belgini t.b. bildiriwshi.

2. Morfologiyalıq printsip. Bul boyınsha tildegi ha`r bir so`zdin` formalıq o`zgeriske tu`se alıw mu`mkinshiligi tiykar etip alınadı. Ma`selen, ha`r bir so`z shaqabının` o`zinin` formaları boladı.

3. Sintaksislik printsip. Bunda so`zlerdin` o`z ara dizbeklesiwi ha`m atqaratug`ın xızmeti tiykar etip alınadı. Mısalı, feyil, ko`binese bayanlawısh, pısıqlawısh, kelbetlik, anıqlawısh h.t.b.

Til faktlerine su`yene otırıp so`zlerdi en` aldı menen ma`nili so`zler ha`m ko`mekshi so`zler dep u`lken toparg`a bo`liwge boladı. Ma`nili so`zlerdi atawısh so`zler almasıqlar, tan`laq so`zler dep bo`lemiz.

Tilde jumsalıw o`risi jag`ınan da sanı jag`ınan da en` ko`bi atawısh so`zler bolıp esaplanıladı.

Ma`nili so`zlerdin` ishinde tan`laq so`zler ayırıqsha orındı iyeleydi. Olar adamnın` sezimin, emotsiyasın bildiriw ushın jumsaladı.

Atlıq so`zler.

Atlıq so`z shaqabına ja`mlesetug`ın so`zlerdin` ha`mmesine ortaq grammatikalıq belgilerdin` zatlıq ma`nisi. Aralıq so`zlerdin` sintaksislik ayırıqshalılıg`ı en` aldı menen ga`pte baslawısh ha`m tolıqlawısh xızmetinde jumsalıwınan ko`rinedi. Sonday-aq atlıq so`zler atawısh-bayanlawısh xızmetinde de (men oqıwshıman), atlıq so`zden jasalg`an basqa ag`za menen baylanısa otırıp, anıqlawısh xızmetinde de (ol oqıwshının` kitabı) jumsalıwı mu`mkin. Ko`pshilik du`n`ya tillerinde ushrasatug`ın en` tiykarg`ı bolg`an kategoriyalar atlıqtın` seplik ha`m san kategoriyaları bolıp tabıladı.

Atlıq so`zlerdin` bulardan basqa grammatikalıq kategoriyaları bar. Ma`selen, anıqlıq-anıqsızlıq kategoriyası anglichan, frantsuz, nemets, grek, arab tillerinde ko`mekshi so`zler tu`rindegi artikil`ler arqalı, skandinaviya tillerinde, rumın, bolgar, alban, tillerinde affiksler tu`rindegi artikl`lar menen an`latıladı. Janlılıq-jansızlıq kategoriyaları orıs tiline ta`n, al tu`rkiy tillerine ta`n emes.

Kelbetlik so`zler - qa`siyeti, sananı bildiretug`ın so`z shaqabı. Al qa`siyet, sapa zatlarda boladı. Sonlıqtan kelbetlik so`zlerdin` grammatikalıq ma`nileri atlıq so`zler menen baylanısqanda anıq ko`rinedi. Kelbetlikler atlıq so`zlersiz jumsalsa, zatlardın` atamasına -atlıqlarg`a uqsaydı.

Kelbetlik so`zler tek o`zlerine ta`n bolg`an ayırıqsha grammatikalıq kategoriyalarına iye. Bug`an sapa kelbetliklerdin` da`reje kategoriyasın ko`rsetiwge boladı.

Kelbetliktin` tiykarg`ı sintaksislik xızmeti ga`pte anıqlawısh yamasa bayanlawısh bolıp keliwi.

Feyil so`zler. Tilde jumsalıwı jaqtan mug`darı boyınsha so`zlik quramnan u`lken orın iyeleydi. Feyil so`zlerdi semantikalıq-grammatikalıq belgileri boyınsha eki u`lken toparg`a bo`liwge boladı: tu`p feyil ha`m ha`r ta`rep feyiller.

Feyil so`z shaqabının` barlıq tiykarg`ı qa`siyetlerin boyına sin`irip morfologiyalıq jaqtan ma`ha`l, miyil, da`reje kategoriyalarına iye bolg`an, sintaksislik jaqta predikativlik (bayanlawıshlıq) xızmet atqaratug`ın feyil so`zlerdin` u`lken bir toparın tu`p feyiller deymiz. Tu`p feyiller u`sh ma`ha`ldin` (o`tken, keler, ha`zirgi) ha`m u`sh bettin` birewine tiyisli bolg`an ha`reket protsesslerine bildiredi.

Ha`r ta`rep feyiller bir jag`ınan feyillik grammatikalıq ma`niske iye bolsa, ekinshi jag`ınan basqa so`z shaqaplarına ta`n bolg`an grammatikalıq ma`niske iye boladı. Mısalı, oqıw (oqımaq), oqıg`an.

Tu`p feyillerge ta`n kategoriyalar ma`ha`l, meyil, da`reje kategoriyaları.

Ra`wish so`zler belginin` belgisin, is-ha`rekettin` belgisin, qa`siyetin an`latadı. Solay etip, ra`wishler kelbetlikke, feyilge baylanısadı.

Ra`wish so`zler feyillerden ha`m kelbetlikten jasalg`an ga`p ag`zaları menen baylanısa otırıp, ga`pte pısıqlawısh xızmetin atqaradı.

Sapalıq ra`wishlerde g`ana kelbetlik so`zlerge uqsag`an da`reje kategoriyası boladı.

Sanlıq so`zler zat ya qubılıstın` sanın yamasa abstrakt tu`rdegi san-mo`lsher haqqındag`ı tu`sinikti bildiredi. Mısalı: eki adam, bes ag`ash.

Sanlıq so`zler atlıq penen dizbeklesip keledi.

Almasıq so`zler basqa barlıq so`z shaqaplarınan printsipial` ayırmıshılıqqa iye boladı.

Olar mudamı atlıq, kelbetlik, sanlıq, ra`wish feyil so`zlerdin` ornına «almasıp» jumsaladı. Qaysı so`z shaqabının` ornına jumsalsa, sol so`z shaqabının` grammatikalıq-semantikalıq qa`siyetlerine iye boladı.

Zattın` atın ha`reketin ya basqa belgilerdi bildire almaytug`ın so`zler ko`mekshi so`zler dep ataladı. Ko`mekshi so`zlerdin` tilde atqaratug`ın xızmetleri bar. Olar ga`plerdi ga`ptegi so`zlerdi bir biri menen baylanıstıradı yamasa ma`nili so`zge tirkelip qosımsha ma`ni berip turadı.

## A`debiyatlar

1. Berdimuratov E, Dawletov A. Til bilimine kirsipe No`kis. 1988 194 218 .bet.

2. Reformatskiy A.A. Vvedenie v yazıkoznanie. Moskva 1967 . 243.320 bet.

SINTAKSIS

J O B A

1. Sintaksis ha`m onın` izertlew ob`ekti.
2. So`zlerdin` baylanısıw usılları.
3. So`z dizbegi ha`m ga`p.

Tildin` grammatikalıq qurılısında morfologiya menen birlikte sintaksis en` tiykarg`ı orındı iyeleydi. Til bir neshe sistemalardan turadı. Tildin` to`mengi basqıshı fonetikalıq birlikler, al joqarg`ı basqıshı sintaksislik birlikler bolıp esaplanadı. Sintaksislik basqısh fonetikalıq, leksikalıq morfologiyalıq basqıshlar menen tıg`ız baylanıslı boladı. To`mengi basqıshlardag`ı birlikler sintaksislik birliktin` ju`zege shıg`ıwın ta`minleydi. So`z leksikalıq birilk retinde nominativlik xarakterge iye. Olar, predmet, qubılıs, belgi, sapa, is-ha`reket ha`m tag`ı basqa ma`nidegi atamalardı bildiredi. Sintaksiste bir ta`repten so`z ha`m so`z formalarının` baylanısıw nızamları u`yreniledi, ekinshi ta`repten, sol so`z ha`m so`z formalarının` sintaksislik birliklerdegi (so`z dizbegi ha`m ga`p) ha`reketi u`yreniledi.

So`z ha`m so`z formaları arqalı so`z dizbekleri du`ziledi. Mısalı: oqıwg`a barıw, qızıq kitap t.b.

Sonday-aq so`z ha`m so`z dizbekleri arqalı ga`pler de du`ziledi. So`z dizbekleri jay ga`ptin` strukturasında onın` belgili bir komponenti retinde qatnasadı: Ba`ha`rgi jawın-shashınlı ku`nler baslandı.

Jay ga`pler-til sistemasının` en` joqarg`ı basqıshı. Olar strukturalıq jaqtan bir so`zden de, bir neshe so`zlerden du`ziledi. Jay ga`plerpredikativlik, modal`lıq ha`m intonatsiya pu`tinligine iye bolıwı tiyis.

Eki yamasa bir neshe predikativlik birliklerdin` baylanısı qospa ga`pti du`zedi: Ba`ha`r keldi de terekler bo`rte basladı.

Bir neshe jay ha`m qospa ga`plerdin` ma`nilik ha`m intonatsiyalıq baylanısınan tutas sintaksislik pu`tinlik (tekst) du`ziledi. Tekst so`ylewdin` bir pu`tin struktura-semantikalıq birligi sıpatında u`yreniledi.

Solay etip, sintaksiste u`yreniletug`ın ob`ektlerge so`z formalarının` baylanıw usılları, so`z dizbegi, jay ha`m qospa ga`pler, tekst sintaksisi kiredi.

So`z dizbegi ha`m ga`ptegi so`zler bir-biri menen o`z-ara eki tu`rli baylanısta keledi. Olardın` biri- bag`ının`qılı baylanıs, ekinshisi- dizbekli baylanıs. Baylanıs dizbekli baylanıstag`ı so`zler bir-birinen g`a`rezsiz, ten` baylanısta keledi. Bul arqalı ga`ptegi birgelikli ag`zalar intonatsiya yaki da`nekerler ja`rdeminde baylanısadı. Mısalı:

Bag`ının`qılı baylanıstag`ı so`zlerdin` komponentleri bir-birine ma`nilik ha`m formalıq jaqtan g`a`rezli bolıp keledi. Bul baylanıstag`ı so`zlerdin` bag`ındırıwshı komponenti bag`ının`qı komponent arqalı tu`sindiriledi, bag`ının`qı komponent bas komponentke ma`nilik jaqtan g`a`rezli boladı. Bag`ının`qı baylanıstag`ı so`zler bir-biri menen tiykarınan so`z formaları, ko`mekshi so`zler, orın ta`rtip h.t.b. grammatikalıq qurallar arqalı baylanısadı: Awılg`a keliw, taza hawa, oqıwshılar menen so`ylesiw t.b

Bag`ının`qılı baylanıs baylanıstırıwshı grammatikalıq qurallardın` qatnasına ha`m bag`ındırıwshı so`zdin` qanday formadag`ı so`zdi talap etiwine qaray kelisiw, basqarıw, jupkerlesiw ha`m izafet sıyaqlı to`rt tu`rge bo`linedi.

Kelisiw usılı menen predikativlik qatnastag`ı so`zler baylanısadı yag`nıy baslawısh penen bayanlawısh bet-sanda kelisip baylanısadı. Men kinog`a bardım, Bizler kinog`a bardıq.

Bul baylanıstag`ı so`zlerdin` bag`ınıwshı komponenti bas komponenttin` formalıq belgisine sa`ykeslenip, g`a`rezli halda boladı. Basqarıw usılı menen tiykarınan bag`ının`qılı baylanıstag`ı so`z dizbeginin` komponentleri baylanısadı. Bag`ının`qı komponentleri seplik ha`m tirkewishli bolıp baylanısadı. Ob`ektlik qatnastı ko`rsetedi. Mısalı: mektepti tazalaw, awılg`a ketti, jol menen ju`riw h.t.b.

Jupkerlesiw usılı arqalı baylanıstag`ı so`z dizbeginin` komponentleri semantikalıq jaqtan atributivlik ha`m pısıqlawıshlıq qatnaslardı bildiredi. So`zlerdin` komponentleri bir-birine u`ylesip, orın ta`rtibi arqalı baylanısadı. jaqsı bala, gu`llengen awıl, tez ju`riw h.t.b.

Izafet-atributivlik qatnastag`ı so`z dizbeklerinin` bir tu`ri. Izafetlik baylanıstag`ı so`zlerdin` bir komponenti iyelik seplew formasında, ekinshisi tartım affiksli bolıp keledi: inimnin` kitabı, menin` awılım, sovxozdın` bag`ı t.b. Izafetli baylanıstag`ı so`z dizbeginin` da`slepki komponenti jalg`awsız, son`g`ı komponenti tartım affiksli kelip te baylanısadı: awıl bag`ı, Repin ko`shesi, mektep uchastkası, komitet baslıg`ı ha`m tag`ı basqa so`z dizbekleri.

So`z dizbegi ga`ptin` en` a`hmiyetli birliklerinin` biri. So`z dizbegi bul sintaksislik kategoriya. So`z dizbegi eki yamasa bir neshe ma`nili so`zlerdin` bir-birine bag`ınıp baylanısıwınan du`ziledi. Eger dizbeklesken eki yamasa bir neshe so`zdin` komponentleri arasında ma`nilik ha`m formalıq jaqtan bag`ının`qılıq bolmasa, onday so`zlerdin` dizbegi so`z dizbegi bola almaydı. Bunday dizbektegi so`zler bir leksikalıq birlik-qospa so`z yamasa frazeologiyalıq dizbek dep qaraladı.

Sintaksislik so`z dizbeginin` komponentleri arasındag`ı baylanıs erkin boladı. Sonlıqtan sintaksislik so`z dizbegi qospa so`z ha`m frazeologiyalıq so`z dizbegine salıstırg`anda, erkin so`z dizbegi dep ataladı. Al qospa so`z yamasa frazeologiyalıq dizbeklerdin` komponentlerinin` baylanısı turaqlı boladı. Olardın` komponentleri erkin so`z dizbegindey sintaksislik bo`lekke- ga`p ag`zalarına bo`linbeydi. Sonlıqtan bul dizbektegi so`zler turaqlı so`z dizbekleri dep ataladı.

Sintaksislik so`z dizbeginin` komponentleri semantikalıq jaqtan atributivlik, ob`ektlik, pısıqlawıshlıq qatnasıqlardı bildiredi: Shaqqan temirshi, mol o`nim, tawday u`yilgen paxta, quwrag`an sho`p, g`awashanın` japırag`ı, atızlardı araladı, mektepten shıqtı, kanalg`a deyin bardı, ku`lip so`yledi ha`m basqada usıg`an usag`an so`zler kiredi.

Qospa so`z yamasa frazeologiyalıq dizbeklerdin` komponentlerinin` arasında bir-birine g`a`rezli semantikalıq qatnas bolmaydı. Olar leksika-semantikalıq jaqtan bir leksikalıq ma`nige ten` keledi: tas ko`mir, temir jol, xabar beriw, buyrıq beriw, su`wret salıw, qolına aldı, ko`z qıyıg`ın saldı, iyinin qıstı, jan iynine ot tu`sti, basına iyt terisin qaplaw t.b.

So`z dizbegi sırtqı modeli jag`ınan ga`pke de uqsas bolıp keledi. Biraq ga`p predikativlik birlikti, al so`z dizbegi sintaksislik birlikti bildiredi. Bulardın` bir-birinen ayırmashılıg`ı predikativlikke qatnası jag`ınan anıqlanadı. Demek so`z dizbegi tolıq ma`nili eki yamasa bir neshe so`zdin` dizbeginen dzilip, qospa nominativlik ma`nini bildiredi, al ga`p qarım-qatnas quralının` kommunikativlik funktsiyasın atqaradı.

Bizin` oyımız til materiallarınan tısqarı a`ytewir tu`rde payda bolmaydı. Ol so`zlerdin` so`z dizbeginin` o`z-ara baylanısqa tu`sken izbe-izlik ta`ribi tiykarında ju`zege keledi. So`z dizbegi ga`ptin` en` a`hmiyetli birliklerinin` (elementleri) biri. So`z dizbegi-sintaksislik kategoriya. Sonlıqtan ol sintaksistin` izertleytug`ın ob`ektlerinin` birinen esaplanadı.

Tilimizdegi ha`r qanday so`z dizbegi eki ha`m onnan da ko`p ma`nili so`zdin` ma`nilik ha`m grammatikalıq baylanısınan du`ziledi. So`z dizbeginde eki yamasa bir neshe ma`nili so`zlerdin` bag`ına baylanısadı. Eger dizbeklesken eki yamasa bir neshe so`zdin` komponentleri arasında ma`nilik ha`m formalıq jaqtan bag`ının`qılıq (g`a`rezlilik) bolmasa, onday so`zlerdin` dizbegi so`z dizbegi bola almaydı. Bunday dizbektegi so`zler bir leksikalıq birlik-qospa so`z yamasa frazeologiyalıq dizbek dep qaraladı.

So`z (sonın` ishinde qospa so`z) -zat penen qubılıstın`, sana menen belginin` yamasa is-ha`rekettin` ja`ne t.b. turaqlı ataması.

So`zler zattı, qubılıstı, sapa -belgini yamasa is-ha`reketti atag`anda, olardı birine baylanıssız, qarım-qatnassız, jeke-dara halına ataydı. Mıs: adam, temir, gu`l degen so`zler zatlardın` jeke atamaları, islew, egiw, oqıw degen so`zler is-ha`rekettin` atamaları. Bul so`zler nominativlik xızmet atqaradı. So`z dizbegi de zattı ya is-ha`reketti atap, nominativlik xızmet atqaradı, olardı jeke-dara tu`rinde emes, al o`z-ara baylanısında, qarım-qatnasında ataydı.Mıs: aqıllı adam, gu`l teriw, temir qapı.

So`z dizbeginin` sın`arlarının` biri sapanı belgini, is-ha`reketti bildiriwden ayrılsa, onday dizbek so`z dizbegi bola almaydı.Ol qospa so`zge aytıladı. Mıs:at qora, temir jol, ayaq kiyim. Bular leksika-semantikalıq jaqtan bir leksikalıq ma`nige ten` keledi.

So`z dizbegi ga`ptin` quramında qollanılg`anda g`ana ja`ne tek ga`p arqalı til de kommunikativlik xızmet atqara aladı.

Akad.V.V. Vinogradov so`z dizbeklerinin` tildin` kommunikativlik ja`ne nominativlik quralları qatarına kiretug`ınlıg`ı haqqında bilimi deydi: «Ga`p quramında g`ana ja`ne ga`p arqalı so`z dizbekleri tildin` kommunikativlik quralı bola aladı». Ga`pten tısqarı, tek sog`an kerekli bolg`an qurılıs materialı retinde qaralatug`ın so`z dizbekleri (dara) so`zler sıyaqlı tildin` nominativlik quralları qatarına, zatlardı, qubılıslardı, protsesslerdi belgilew qurallarının` qatarına jatadı.

So`z dizbegi en` kem degende eki ma`nili so`zdin` baylanısınan du`zilgen qospa ma`nini yamasa qospa tu`sinikti an`latadı. Sonlıqtan so`z dizbeginin` ma`nilik qatnası onın` quramındag`ı bag`ının`qı ha`m bag`ındırıwshı komponentlerdin` leksikalıq ma`nilerine baylanıslı boladı. Keshletip keliw-waqıtlıq qatnastı bildiredi: tez keliw-is-ha`rekettin` pa`tin ko`rsetip, sınlıq qatnastı bildiredi: u`yde otırıw-orınlıq qatnastı bildiriw, aytqan menen tu`sindire almaw-qarsılıqlı qatnastı bildiredi: oqıw ushın barıw - maqsetlik qatnastı bildiredi.

So`zlerdin` grammatikalıq jaqtan baylanısı barqulla o`z dizbegin du`ze almaydı. Ma`selen, universitettin` aldında, sabaqtan son`, azannan baslap, erten`ge shekem, ag`ayın ushın, dostım menen t.b. so`z toparları so`z dizbegi bolıp esaplanbaydı. Sebebi olardın` quramında ko`mekshi atawıshlar, tirkewishler so`z dizbeginin` belgili bir komonentin quray almaydı. Al, olar ekewi qosılıp sitaksislik so`z dizbeginin` tek bir komponenti g`ana bola aladı.

Ayırım so`z shaqapları du`zilisi jag`ınan so`z dizbegine bir qansha jaqın keliwine qaramastan, tildin` rawajlanıwına baylanıslı ha`zirgi waqıtlarda sintaksislik baylanıslardın` joq bolıp ketiwi na`tiyjesinde olarda bir ma`nige bar-bar so`zge aytılıp ketken. Ma`selen, awıl xojalıg`ı, temir jol, bas kiyim. Bular bir ma`nini an`latatug`ın qospa so`zler bolıp tabıladı.

So`z dizbegi haqqında joqarıda aytılg`anlardı juwmaqlastıra otırıp mınanday juwmaqqa kelemiz:

1. So`z dizbegi keminde eki ma`nili so`zdin` bag`ına dizbeklesip keliwinen jasalg`an sintaksislik birlik. So`z dizbegi qospa so`zler menen, frazeologiyalıq so`z dizbekleri menen, atawısh ha`m ko`mekshi so`z dizbekleri menen uqsas bolg`anı menen olardan ayırıladı.

So`z - leksikalıq birlik bolsa so`z dizbegi sintaksislik birlik.

2. So`z de, so`z dizbegi de tildin` nominativlik qurallarının` qatarına kiredi. Ma`selen, so`z predmettin`, qubılıstın`, ha`rekettin` sapa menen belginin` tu`r-tu`stin` t.b. dara nominativlik atların ulıwmalıq ma`nide bildirse, al so`z dizbegi eki yamasa onnanda ko`p ma`nili so`zlerdin` dizbeklesiwinen du`zilgen qospa ma`ni an`latadı. So`z dizbeginin` ma`nisi so`zge qarag`anda bir qansha konkret boladı.

3. So`zler so`ylew protsessinde payda bolmaydı, al tilde burınnan bir, qa`liplesken tayar birlik retinde jasaydı ha`m qollanıladı. So`z dizbegi bolsa so`z ta`rizli tilde burınnan bar, tayın halda jasamaydı. Olar belgili bir model`ler bolıp so`ylew dawamında waqtınsha du`ziledi.

4. So`z dizbeginin` quramındag`ı komponentler arasında ha`r tu`rli sintaksislik qatnaslar (anıqlawıshlıq, tolıqlawıshlıq ha`m pısıqlawıshlıq qatnaslar) anıq ko`rinip turadı. Bunday qatnaslar so`zlerde, so`z toparlarında bolmaydı.

5. So`z dizbegindegi so`zler ko`binese ayırım ga`p ag`zası bola aladı. Al, so`zler (sostavlı so`zler menen so`z toparları) so`z dizbeginin` quramına kirgende, onın` bir komponenti g`ana bola aladı ha`m ga`pte bir ag`za bolıp xızmet atqaradı.

6. So`zler dara turıp so`z dizbegi bola almaydı. Tek ma`nili so`zler g`ana bir-biri menen ma`nilik jaqtan bag`ına baylanısıw arqalı so`z ma`nilik dizbegin du`zedi.

7. So`zlerde, so`z dizbeginde dara halında turıp qarım-qatnaslıq xızmetti atqara almaydı. Al olar tek ga`plik quramında engende g`ana sol xızmetti atqaradı, og`an deyin so`zler de, so`z dizbegide ga`pti du`ziw ushın qurılıs materialları g`ana bola aladı.

So`z dizbegi sırtqı modeli jag`ınan ga`pler de uqsas bolıp keledi. Biraq ga`p predikativlik birlikti, al so`z dizbegi predikativlik emes, sintaksislik birlikti bildiredi.

Bulardın` bir-birinen ayırmashılıg`ı predikativlikke qatnası jag`ınan anıqlanadı. Demek, so`z dizbegi tolıq ma`nili eki yamasa bir neshe so`zlerdin` dizbeginen du`zilip qospa nominativlik ma`nini bildiredi de, ga`p qarım-qatnas quralının` kommunikativlik funktsiyasın atqaradı.

Sintaksislik so`z dizbegi bag`ındırıwshı komponenttin` bildiriliwine qaray, atawısh so`z dizbegi ha`m feyil so`z dizbegi bolıp u`lken eki toparg`a bo`linedi. Atawısh so`z dizbeginin` bas komponenti atlıq, kelbetlik, sanlıq, ra`wish so`zler sıyaqlı atawısh so`zlerden turadı. Dostımnın` u`yi, ken` ko`she, jaqsı oqıw ushın, ju`da` ko`p, bes student, so`zi o`tkir, esapqa bar.

Feyil so`z dizbekler: tez islew, anıq so`ylew, mektepti remontlaw, suwg`a shomılıw, atızlarg`a suw ashıw t .b.

Feyil so`z dizbekleri.

Ma`nili feyil so`zler ha`r tu`rli formalardag`ı so`zlerdi basqarıp yamasa jupkerlesip feyil so`z dizbegin payda etedi.

So`z dizbeginin` bul tu`ri tilde aktiv qollanıladı.

Ga`p ag`zaları.

Ga`ptin` quramına kirgen ha`r bir ma`nili so`z o`z-ara sintaksislik baylanıs ha`m qatnasqa tusiw arqalı belgili ga`p ag`zalarının` xızmetin atqarıp keledi. Ga`p ag`zaları ga`pti du`ziwdegi xızmetine qaray bas ha`m ekinshi da`rejeli ag`zalarg`a bo`linedi.

Ga`ptin` bas ag`zaları baslawısh ha`m bayanlawısh bolıp ekige bo`linedi. Baslawısh pikirdin` baslanıw temasın is-ha`reket, waqıyanın` kim ha`m ne haqqında bolatug`ının bildiretug`ın

bas ag`za: Shıg`ıs xalıqları a`zelden o`zlerinin` miymandoslıg`ı menen dan`q shıg`arg`an. (T.Qayıpbergenov.)
Bul ga`ptin` teması, baslanıw punkti-shıg`ıs xalıqları. Ga`ptin` ulıwmalıq mazmunınan an`latılatug`ın pikir usı baslawısh arqalı bayanlanadı. Baslawısh ataw sepligindegi so`zler arqalı bildiriledi ha`m basqa ag`zalarg`a bag`ınbaydı.

Bayanlawısh baslawısh haqındag`ı pikirdi bayanlaydı. Ol tiykarınan baslawıshtan son`g`ı pozitsiyada keledi. Bayanlawısh baslawısh penen kelisiw jolı menen baylanısadı. Formalıq jaqtan baslawıshqa g`a`rezli bolıp, baslawıshqa tiyisli bet, san kategoriyalarının` formaların o`zine qabıl etedi. Bizler xoshlastıq. Men mashinag`a otırdım. (T.Q.)

Bul ga`plerdegi bayanlawıshlar baslawıshtın` is-ha`reketin bildirip, onın` menen bette, sanda kelisip kelgen. Baslawıshtın` neshinshi bet qaysı sanda keliwine baylanıslı bayanlawıshta sol bet, san formasında beriledi. Demek bayanlawısh baslawıshqa formalıq jaqtan g`a`rezli boladı.

Ga`ptin` bas ag`zalarına g`a`rezli, onın` ma`nisin tolıqtırıp, tu`sindirip, anıqlap keletug`ın ag`zalar ga`ptin` ekinshi da`rejeli ag`zaları dep ataladı. Ga`ptin` ekinshi da`rejeli ag`zaları anıqlawısh, tolıqlawısh ha`m pısıqlawısh bolıp u`shke bo`linedi. Bul ga`p ag`zalarının` ekinshi da`rejeli dep atalıwı olar bas ag`zalarday ga`ptin` strukturalıq sxemasın du`ze almaydı, tek ga`ptin` strukturasın ken`eytiwshi ekinshi da`rejeli xızmetti atqaradı.

Son`g`ı waqıtları til biliminde kiris, qaratpa so`zlerdi de ga`p ag`zası dep qaraw ko`z-qarasları da orın aldı. Kiris ha`m qaratpa ag`zalar basqa ga`p ag`zaları menen grammatikalıq (formalıq) baylanısqa tu`speydi. Olar ulıwma ga`ptin` mazmunı yaki onın` bir ag`zası menen ma`nilik qatnasqa tu`sedi. Ga`ptin` ulıwmalıq mazmunına modal`lıq ma`ni beredi. A`lbette, ba`rin`izde bir eldi awzın`ızg`a qaratıp kelgen aqıllı adamlarsız.

Qoy, shırag`ım, qattıg`a ketsem, qayttım.

Bul ga`plerdegi dıqqat etilgen so`zler ga`ptin` ulıwmalıq mazmunına so`ylewshinin` sub`ektivlik qatnasların bildirip, modal`lıq emotsional`-ekspressivlik ma`nilerdegi ga`p ag`zasın atqaradı. Solay etip, ga`pte belgili bir sintaksislik xızmet atqaratug`ın so`zler yamasa so`z birikpeleri ga`p ag`zaları dep ataladı.

Ga`p

So`z dizbegi-tildin` nominativlik xızmetin atqaratug`ın bolsa, ga`p - tildin` kommunikativlik xızmetin atqaratug`ın birlik. Onı anıqlawdag`ı tiykarg`ı belgiler -predikativlik, modal`lıq ha`m intonatsiya.

1. Predikativliktin` tiykarg`ı strukturalıq sistemasın bas ag`zalar du`zedi. Sonlıqtan da bas ag`zalar-baslawısh ha`m bayanlawısh ga`ptin` tiykarın du`ziwshi birinshi da`rejeli ag`za sıpatında u`yreniledi.

Ga`p - adamlar arasındag`ı en` tiykarg`ı xızmetti atqaratug`ın qarım-qatnas quralı.

Ga`ptin` tiykarg`ı grammatikalıq ma`nisi predikativlik ol belgili qubılıs, waqıyalar haqqında bayanlaydı. Ma`selen: Paxta egiletug`ın jerler tolıq suwg`arıldı degen ga`pte so`ylewshinin` pikiri belgili bir predikativlikti bildiredi. Bul ga`ptin` grammatikalıq ma`nisi - predikativlik, al forması sintaksislik, ma`ha`l ha`m meyillerdi bildiretug`ın ga`plik struktura. Bul ga`ptin` xabarlaw funktsiyası o`tken ma`ha`l, anıqlıq meyil forması arqalı bildiriledi.

2. Ga`ptin` ekinshi bir baslı belgilerinin` biri - modal`lıq. Modal`lıq xabarlawdın` (pikirdin`) belgili bir ob`ektivlik haqıyqatlıqqa qatnaslılıg`ın an`latadı.

Ga`ptin` modal`lıg`ı xabar, soraw, u`ndew, buyrıq ga`pler arqalı bildiriledi.

Xabar ga`p - bul belgili bir na`rseni xabarlaytug`ın ga`plerge xabar ga`p deymiz. Mısalı: Do`gerekti tınıshlıq qaplag`an. Hawa ashıq. Aspanda asıqtay bult joq. Elp etken samal espeydi ha`m tag`ı basqa.

Soraw ga`p - bul soraw ma`nisin an`latatug`ın ga`plerge soraw ga`p deymiz. Jay ga`p, qospa ga`p, tolıq ga`p, tolıq emes ga`plerde soraw ga`p bola aladı. Mısalı: U`yge berilgen tapsırmanı kim aytadıW Sen u`lkeygende kim bolg`ın` kelediW Tınıshlıq paW
Amanlıq paW ha`m tag`ı basqa.

U`ndew ha`m buyrıq ga`p - bul u`ndew, buyrıq ma`nisinde aytılatug`ın quwanıshtı, ku`yinishti, o`kinishti, buyrıqtı, tilekti, tan`lanıwdı bildiretug`ın ga`pler u`ndew ha`m buyrıq ga`pler dep ataladı. Onday ga`pler awız-eki so`ylewde ko`terin`ki aytıladı. Mısalı: Tıldag`ı qaharmanlıg`ın` ushın raxmetYo Xalayıq tınıshlanın`larYo Jasasın du`n`yada paraxatshılıqYo

U`ndew ha`m buyrıq ga`pler xabar ga`pler ma`nisinde de jasalıwı mu`mkin. Mısalı: Bizler dem - alısqa shıqtıq (jay xabarlaw ma`nisinde). Bizler demalısqa shıqtıqYo (quwanıshlı xabar ma`nisinde). Imtixanlar tamamlandı. (jay xabar ma`nisinde). Imtixanlar tamamlandıA` (quwanıshlı xabar ma`nisinde) ha`m tag`ı basqada usıg`an uqsag`an ga`pler bar. Demek ga`ptin` modal`lıg`ı xabar, soraw, u`ndew ha`m buyrıq ga`pler arqalı, usı ma`nilerde kelgen jay ga`pler klassifikatsiyası boyınsha ga`ptin` modal`lıq yamasa kommunikativlik tu`rleri dep te ataladı.

Ga`ptin` modal`lıg`ı ob`ektivlik modal`lıq ha`m sub`ektivlik modal`lıq bolıp ekige bo`linedi. Ob`ektivlik modal`lıq belgili grammatikalıq qurallar - sintaksislik ma`ha`l ha`m meyil kategoriyaları arqalı bildiriledi. Mısalı: Terekler japıraqladı. Jıl qusları ıssı jaqlarg`a ushıp ketip atır. Tez ku`nde jap-salmalarg`a suw keledi.

Bul ga`plerdin` ob`ektivlik modal`lıg`ı feyildin` ma`ha`l ha`m meyil kategoriyaları arqalı bildirilgen. Birinshi ga`p o`tken ma`ha`l, ekinshi ga`p ha`zirgi ma`ha`l, u`shinshi ga`p waqıyalardın` belgili bir waqıt penen baylanıslılıg`ın bildiredi.

Ga`ptin` ulıwmalıq mazmunına yaki onın` bir ag`zasına so`ylewshinin` ha`r tu`rli jeke qatnasları, ko`z-qarasları sub`ektlik modal`lıq dep ataladı.

Sub`ektivlik modal`lıq intonatsiya, orın ta`rtip, modal` so`z ha`m t.b. grammatikalıq qurallar arqalı bildiriledi: Mısalı:

-Bu`ytip taqır jerde buqpaA` AqlanbaA` Mu`mkin, eskekshi jigit a`lle neni sezgendi h.t.b.

3. So`z ha`m so`z dizbeklerinin` ga`plik belgige iye bolıwında intonatsiya da baslı belgilerinin` biri retinde qatnasadı. Mısalı: Jaz. Issı samal. Azang`ı salqın. Ashıq hawa. Ko`k aspan. Tu`ski waqıt. Jazdın` ıssı ku`ni ha`m t.b. so`zler. Intonatsiya so`ylewde dawıstın` ko`terin`ki ya pa`s, ayırım jag`daylarda ku`shli ya ku`shsizirek, sozın`qı yamasa qısqa pawza ha`m t.b. sıyaqlı o`zgesheliklerge iye boladı. A`sirese pawza ga`ptin` ma`nili bo`leklerin, ga`plerdi bir-birinen ayırıw ushın xızmet atqaradı.

Solay etip, predikativlik, modal`lıq ha`m intonatsiya ga`pti anıqlawda onın` tiykarg`ı ha`m baslı belgileri retinde qaraladı.

Ga`ptegi so`zler qısqa yamasa ritmika-melodikalıq qurallar arqalı intonatsiyalıq bo`lekler-sintagmalarg`a bo`linip aytıladı. Mısalı: Ku`n /a`simlik du`n`yasının` japırag`ına monshaqtay dizilgen shıqlardı/ keptire basladı.

Bul mısalda sızıqlar menen bo`lingen so`zlerdin` yamasa so`z dizbeginin` ha`r qaysısı bir sintagmanı payda etip tur.

Sintagmanın` bo`lekleri bir so`zden de, eki yamasa bir neshe so`zlerdin` dizbeginen de du`ziledi. Joqarıdag`ı ga`pte ku`n so`zi bir sintagma du`zip kelgen, al qalg`anları eki yamasa bir neshe so`zlerdin` dizbegi arqalı sintagmalarg`a bo`lingen.

Sintagmalar du`zilisi jag`ınan ga`p ag`zalarınan to`mendegi o`zgeshelikleri menen ayrıladı.

1. Egerde ga`ptin` strukturası tek baslawısh penen bayanlawıshtan du`zilip, sol bas ag`zalar bir-birinen intonatsiya arqalı bo`linbey, bir intonatsiya basımında aytılsa, ekewinin` birligi sintagmanı du`zedi: Jıyın terim baslanıp, diyxannın` jumısı baslanıp ketti.

Sonday-aq ga`ptin` ekinshi da`rejeli ag`zaları da o`zi qatnaslı so`zlerge jaqın, janasa aytılıp kelgende, o`z aldına sintagma du`ze almaydı, sol o`zi qatnaslı so`z benen birlikte sintagma du`zedi. Bul ko`rinis u`zliksiz ta`krarlanadı.(T. Qayıpbergenov).

2. Ga`p ag`zaları to`mendegi jag`daylarda da sintagma du`ze aladı.

a) baslawısh ta, bayanlawısh ta atawısh so`zlerden bolıp, olardın` ha`r qaysısı, bir sintagma du`zedi. Den-sawlıq teren` baylıq. Ol-mexanizator ha`m t.b.

b) qen`eytilgen jay ga`plerdin` quramında baslawısh penen bayanlawısh bir-birinen uzaq turg`anda, olardın` ha`r qaysısı sintagmalarg`a bo`linedi. Aspan (alag`at bultlı edi).

v) ga`ptin` ekinshi da`rejeli ag`zaları ko`binese pısıqlawısh ha`m tolıqlawısh ga`ptin` basında kelse, yamasa o`zi qatnaslı ag`zadan uzaqlasıp, arasında basqa ga`p ag`zaları kelgende, o`z aldına sintagma du`ze aladı. Usı ku`ni /to`rtkulden/ Madina qalag`a kelgen edi.

Aleksandr /Turımbetovtın` minezine/ ko`p tu`sine almas edi.

Ga`ptin` du`zilisi boyınsha tu`rleri.

Ga`plerdi tu`rlerge bo`liw printsipleri ha`r tu`rli. Olardı klassifikatsiyalawda, tiykarınan strukturalıq printsipler basshılıqqa alınadı:

1. Ga`pler ha`m ekinshi da`rejeli ag`zalardın` qatnasına qaray, ken`eytilgen ha`m ken`eytilmegen ga`p bolıp ekige bo`linedi. Ken`eytilgen jay ga`pler bas ha`m ekinshi da`rejeli ag`zalardın` qatnasındag`ı model`lerden du`ziledi. Al ken`eytilmegen jay ga`pler tek eki bas ag`zanın` qatnasında keledi.

2. Jay ga`pler bas ag`zalardın` sanına qaray, eki sostavlı ha`m bir sostavlı bolıp bo`linedi. Eki sostavlı ga`pler eki bas ag`zanın` sostavınan du`ziledi. Al bir sostavlı ga`pler bir bas ag`zanın` orayınan du`ziledi.

3 Ga`pler xabarlawg`a tiyisli bolıp pikirdi tastıyqlaw ha`m biykarlaw mazmunına qaray, bolımlı ga`pler ha`m bolımsız ga`pler bolıp ekige bo`linedi. Bolımlı ga`pler bir na`rsenin`, ha`diyse ya waqıyanın` bolıwı ya bolmaytug`ınlıg`ı haqqında tastıyqlaw mazmunına iye boladı. Xalıqtın` sanı azlıg`ı ras. Burın bunnanda ko`p ese az edi.

Al endi o`sip baratırmız. Bir millionnan a`dewir asıp baratırmız. Bir millionnan a`dewir asıp kettik. (T. Qayıpbergenov).

Bolımsız ga`pler ma`nisi jag`ınan bolımlı ga`pke qarama-qarsı qoyıladı. Bolımsız ga`pten an`latılatug`ın is-ha`reket, waqıya ha`diyselerdin` mazmunı biykarlawshılıq ma`nilerdi bildiredi. Bolımsızlıq ma`ni, tiykarınan belgili grammatikalıq
qurallardın` qatnası arqalı an`latıladı. Olar: ma (feyildin` bolımsız forması), emes, joq (biykarlawshı so`zler), hesh kim, hesh na`rse, hesh ten`e, hesh qanday (bolımsızlıq almasıqları) bolıp tabıladı: Ol jerde bulardın` ga`pi ko`pke sozılmadı. Biraq Edige o`zinin` aytqan so`zinen qaytpadı. - Qoyın`lar, sizlerdin` aytıp otırg`anın`ız er jigittin` ga`pi emes. (Sh. Aytmatov).

4. Ga`pler kommunikativlik funktsiyasına qaray, xabar, soraw, buyrıq, u`ndew ga`p sıyaqlı tu`rlerge bo`linedi.

Xabar ga`pler so`ylewshinin` pikirin basqalarg`a xabarlaydı. So`ylewde xabar ga`ptin` intonatsiyası pa`sen` dawıs penen bir jo`n aytıladı da, ga`ptin` aqırında sozın`qı pauza islenedi: Poezdlar bul u`lkede shıg`ıstan batısqa qaray, batıstan shıg`ısqa qaray o`tip turadı.

Soraw ga`pler mazmunı boyınsha belgili bir soraw ma`nisin an`latadı. Soraw ma`nili ga`pler, ko`binese tın`lawshıg`a yamasa so`ylewshinin` o`zine qaratılg`an bolıp keledi: «Orazbay qaydaW Ortag`a shıqsın, aytsınYo -dedi. -Biraq aradan bir ha`pte o`tse de, zıyankeskek shara ko`rilmey atır. Bug`an ne dep tu`siniwge boladıW Men hayranman.» (A`. Ta`jimuratov).

Buyrıq ga`pler buyırıw, o`tiniw, tilek etiw, ma`sla`ha`t beriw t.b. ma`nilerde qollanıladı.

Buyrıq ga`plerdin` bayanlawıshları, ko`binese buyrıq meyil, tilek ha`m ayıqlıq meyillerden boladı. Buyrıq ga`plerdin` intonatsiyası ha`r tu`rli: birde ko`terin`ki dawıs penen aytıladı da, keskin

buyırıw ma`nisin bildiredi. Bunday jag`daylarda buyrıq ga`ptin` keynine u`ndew belgisi qoyıladı: - hey aq qurash jo`nin`e turYo - dedi sarı atlı jigit. Erjan ag`a bolarYo meni oyınshıqqa aylandıra bermen`iz. Mag`an sizin` sulıw so`zlerin`iz kerek emes. Tilin`iz a`bden qıshıp baratırsa, basshılarg`a til tiygizip ko`rin`iz.

U`ndew ga`pler emotsional`-ekspressivlik ma`nige iye bolıp so`ylewshinin` quwanıw, su`iyniw ha`m t.b. tuyg`ılı sezimleri an`latadı. U`ndew ga`plerdin` intonatsiyası ko`terin`ki dawıs penen aytıladı. Jazıwda ga`ptin` aqırına u`ndew belgisi qoyıladı.

Jumagu`l` ko`z aydınYo To`rtku`ldegi aytqanın` orınlanatug`ın boldı.

5. Ga`pler ag`zalarının` tolıw tolmawına qaray tolıq ha`m tolıq emes ga`p bolıp ekige bo`linedi.

Ga`ptin` mazmunına qatnaslı za`ru`rli ag`zalarının` hesh qaysısı tu`sirilmey, tolıq qatnasıp kelgen ga`pler tolıq ga`p dep ataladı: To`rebay To`rtku`lden ju`da` quwanıshlı kelgen edi.

Tolıq emes ga`plerdin` bir yamasa bir neshe ag`zaları tu`sirilip aytıladı. Ga`p strukturalıq jaqtan tolıq bolmasa da, mazmunı boyınsha tolıq pikir bildiredi. Bunday ga`plerdin` mazmunının` tolıq kontekst, situatsiya ha`m dialoglarg`a baylanıslı boladı.

-Kettik ReyimbayYo -dedi ol.

-QayaqqaW - Alg`an bag`ıtımızg`a.

-Barmay-aq qoysaq qa`ytediW

-Barıw kerek.

6. Jay ga`pler ag`zalarg`a bo`liniw-bo`linbew imkaniyatına qaray, ag`zalarg`a bo`linetug`ın ha`m bo`linbeytug`ın (so`z ga`p) strukturasında da keledi. So`z ga`plerde de basqa, joqarıda atalg`an ga`plerdin` ha`mmesi de ag`zalarg`a bo`linedi.

So`z - ga`pler ag`zalarg`a bo`linbeydi. Olar jay ga`ptin` ayrıqsha bir tu`ri retinde u`yreniledi.

7. Predikativlik konstruktsiyasının` sanına qaray, ga`pler jay ha`m qospa ga`p bolıp, eki strukturalıq tu`rge bo`linedi.

Jay ga`pler strukturalıq ha`m ma`nilik jaqtan qospalanıw ha`m ospalanbaw xarakterine qaray, qospalanbag`an ha`m qospalang`an jay ga`pler bolıp ta bo`linedi. Jay ga`pler feyil toplamı birgelikli ha`m ayrımlang`an ag`zalı, kiris ha`m qaratpa so`zli bolıp kelgende, qospalanıw xarakterine iye boladı.

Qospa ga`pler eki yamasa bir neshe predikativlik konstruktsiyalardın` dizbekleniw yamasa bag`ınıw jolı menen baylanısıwınan du`ziledi. Olar jay ga`plerinin` baylanısıw usılı ha`m ma`nisine qaray dizbekli qospa ga`p ha`m bag`ının`qı qospa ga`p bolıp ekige bo`linedi. Dizbekli ha`m bag`ının`qılı baylanıstın` aralasıp keliwi arqalı da qospa ga`pler du`ziledi. Bunday ga`pler aralas qospa ga`p yamasa ko`p komponentli qospa ga`ptin` strukturasın du`zedi.

Demek ga`p tildin` kommunikativlik xızmetin atqaradı. Ga`ptin` u`sh belgisi bar.

Ga`p - tildin` kommunikativlik xızmetin atqaratug`ın sintaksislik birlik. Onın` en` tiykarg`ı belgileri-predikativlik modal`lıq ha`m intonatsiya.

1) Predikativlik - baslawısh belgili qubılıs, waqıyalar haqqında bayanlaydı.

2) Modal`lıq- xabar,soraw, u`ndew ha`m buyrıq gsha`pler arqalı bildiriledi.

3) Intonatsiya-pauza ga`ptin` ma`nili bo`leklerin, ga`plerdi bir-birinen ayırıw ushın xızmet atqaradı.

Ga`p usı belgiler arqalı adamlar arasında en` u`lken xızmetti, qarım-qatnas quralın atqaradı.

Tildin` to`mengi basqıshı fonetikada sesler u`yreniledi, al tildin` joqarg`ı basqıshı sintaksiste so`z dizbegi ha`m ga`p u`yreniledi.

Ga`ptin` tu`rleri.

1. Ga`pler bas ha`m ekinshi da`rejeli ag`zalardın` qatnasına qaray ken`eytilgen ha`m ken`eytilmegen ga`p bolıp ekige bo`linedi.

Ken`eytilgen ga`p-bas ha`m ekinshi da`rejeli ag`zalardın` qatnasınan turadı.

Ken`eytilmegen ga`p-tek bas ag`zanın` qatnasınan turadı.

2. Jay ga`pler bas ag`zalardın` sanına qaray eki sostavlı ha`m bir sostavlı bolıp ekige bo`linedi.

Eki sostavlı-eki bas ag`zanın` orayına

Bir sostavlı-tek bir bas ag`zanın` orayınan du`ziledi.

3. Ga`pler xabarlawg`a tiyisli bolg`an pikirdi tastıyqlaw ha`m biykarlaw mazmunına qarap bolımlı ha`m bolımsız ga`pler bolıp bo`linedi.

4. Ga`pler kommunikativlik xızmetine qaray xabar,soraw, buyrıq, u`ndew ga`pler bolıp bo`linedi.

5. Ga`pler, ag`zalardın` tolıw-tolmawına qaray tolıq ha`m tolıq emes ga`pler bolıp bo`linedi.

6. Jay ga`pler ag`zalarg`a bo`liniw-bo`linbew imkaniyatına qaray ag`zalarg`a bo`linetug`ın ha`m bo`linbeytug`ın (so`z-ga`p) tu`rde de keledi.

So`z-ga`pler ag`zalarg`a bo`linbeydi. Olar jay ga`plerdin` ayrıqsha bir tu`ri retinde u`yreniledi. So`z-ga`pler tiykarınan modal`, tan`laq, awa, joq t.b. tolıq leksikalıq ma`nige iye bolmag`an so`zler arqalı bildiriledi. So`z-ga`plerdin` ma`nisi kontekst, sitiuatsiyag`a baylanıslı ma`lim boladı.

7. Predikativlik konstruktsiyanın` sanına qaray ga`pler jay ha`m qospa ga`p bolıp eki tu`rge bo`linedi.

Jay ga`plerdin` qospalang`an ha`m qospalanbag`an tu`rleri bar.

Qospa ga`pler-baylanısıw usılına qaray dizbekli ha`m bag`ının`qılı qospa ga`p bolıp bo`linedi.

Dizbekli ha`m bag`ının`qılı ga`plerdin` aralasıp keliwinen aralas qospa ga`pler payda boladı

Tariyxıy til bilimi. Tillerdin` klassifikatsiyası

J O B A:

1. Adamzat ja`miyetinin` payda bolıw ha`m rawajlanıw da`wirleri.
2. Tildin` payda bolıw haqqında teoriyalar.
3. Morfologiyalık klassifikatsiyası
4. Tillerdin genologiyalık klassifikatsiyası.

Tildin` payda bolıwı tuwralı ma`sele til biliminin` en` quramalı ma`selelerinen esaplanadı. Bul ma`selege adamlar erte da`wirlerden baslap-aq kewil bo`lip ha`r qıylı boljawlar aytqan.

Til -adamzat ja`miyeti menen birge payda bolıp, onın` birge jasap rawajlanıp kiyatırg`an tariyxıy qubılıs. Til adamlardın` qatnas quralı. Mine, sonlıqtan da adamlar tildin` qalay payda bolg`anın u`lken qızıg`ıwshılıq penen bilgisi keledi. Tildin` payda bolıwı tuwralı so`z etkende, en` birinshi eki tu`rli ma`seleni bir-birinen ajratıp alıw tiyis. Birinshisi ulıwma adam balası tilinin` (rech`) shıg`ıwı, yag`nıy, en` da`slep adamnın` so`ylewdi, oyın, pikirin ekinshi bir adamg`a jetkeriwdi u`yrengenligi tuwralı ma`sele, ekinshi jeke, ayrım tillerdin` mısalı: nemets, anglichan, orıs, frantsuz, o`zbek, qaraqalpaq tillerinin` payda bolıwı tuwralı ma`sele.

Bul eki ma`seleni bir-biri menen shatastırmaw kerek. Sebebi, adamzat tilinin` payda bolıwı en` a`yyemgi zamang`a - adamlardın` haywanlar du`n`yasınan bo`linip shıg`ıw zamanına, en` alg`ashqı adamlardın` payda bolıw zamanına barıp tireledi. (b.e. dan shama menen 2-3 mln jıllar burın).

Al, jeke tillerdin` tuwısqan tiller toparlarının` payda bolıwı ulıwma adamzat tilinin` payda bolıw zamanınan bir qansha keyingi da`wirde boldı. Ha`zirgi ilimnin` tastıyqlawı boyınsha haywanat du`n`yasındag`ı, adam ta`rizli maymıllardın` jer sharında jasag`anına 25-40 mln jıllar bolg`an. A`ne usı adamg`a usag`an maymıldan uzaq dawam etken evolyutsiyalıq rawajlanıwdın` dawamında adam payda bolg`an.

Tariyx anıq dereklerge su`yene otırıp adamnın`, adamzat ja`miyetinin` qa`liplesiwinde tiykarg`ı u`sh basqıshtı belgilep o`tedi.

1. Joqarg`ı rawajlang`an primat-avstralopitekler basqıshı. B.eramızdan shama menen 2-3 mln jıllar burın. Primat-avstralopitekler bul da`wirde artqı eki ayag`ına minip ha`reket etip, azıq-awqat tabıw ushın, qorg`anıw ushın taslardan, su`yeklerdin` sınıg`ı menen tayaqlardan paydalana alg`an.

2. A`yyemgi adamlar-paleontroplar basqıshı. Bul da`wir evolyutsiyalıq rawajlanıwdın` a`dewir jetilisken da`wiri bolıp esaplanadı.

Paleontroplar oylawdın` na`tiyjesinde ku`n-ko`ris quralların o`zleri isleydi, haywanlardı awlaydı. Bul da`wir bizin` eramızdan shama menen bir mln jıl burın bolg`an.

3 Adamlardın` ha`zirgi fizikalıq qurılısına iye bolg`an da`wiri. Bul evolyutsiyalıq rawajlanıwdın` keyingi da`wiri.

Adamg`a ta`n biologiyalıq ha`m sotsiallıq belgiler usı da`wirde payda bola basladı.

Usı evolyutsiyalıq rawajlanıwdın` son`g`ı da`wrinde a`yyemgi adamlardın` birlesip jasawı, miyneti na`tiyjesinde o`z-ara qatnastın`  sotsiallıq quralı retinde da`slepki so`ylewi do`reydi, bul arqalı olar haywanlardan ayrıladı. Bul shama menen bunnan 40-50 mın` jıl ilgeri bolg`an. Demek, adamlar ja`miyettin` payda bolıwı so`ylewdin` payda bolıwı, adamlar ja`miyetinin` do`rewi menen bekkem baylanısta eken.

Adamzat ja`miyetinin` payda bolıw ha`m rawajlanıw tariyxı bir-birinen sıpatı ha`m da`rejesi jag`ınan parıq qılatug`ın eki da`wirden turadı. Olardın` birinshisin tariyxqa  shekemgi da`wir, al ekinshisin tariyxıy da`wir dep ataydı.

Tariyxqa shekemgi da`wir adamlardın` adamlar tobına, qa`wimge birigiw, yag`nıy adamzat ja`miyetinin` qa`liplesiw da`wiri bolsa, tariyxıy da`wir adamzat ja`miyetinin` qa`liplesken da`wirinen baslanadı. Tariyxqa shekemgi da`wirdin` dawamında instinkt miynet etiw za`ru`rligi payda boladı. Ku`n ko`ris tayar zatlardı paydalanıwdan kem-kem instinkt miynet na`tiyjesinde sana menen so`ylewdin` payda bolıwına alıp keledi. Miynet etiw quralların o`zleri islew sanalı miynetke iytermeleydi, bul olarda o`ndirislik iskerliktin` do`rewine, sa`ykes o`ndiris ku`shleri menen o`ndiris qatnasıqlarının` do`rewine sebepshi boladı. Solay etip, kem-kem adamlardın` sotsiallıq qa`sieti ha`m belgileri payda bolıp qa`liplese baslaydı, da`slepki adamlar padası kem-kem da`slepki qa`wimlik-ruwlıq ja`miyet penen awmasadı.

Demek tildin` pada bolıwı adamnın` evolyutsiyalıq rawajlanıwı, adamzat ja`miyetinin` do`rewi ha`m qa`liplesiw tariyxı menen baylanıslı. Onın` xızmet etiwi menen rawajlanıwı ja`miyet rawajlanıwına, adamlardın` sotsiallıq birlespelerine g`a`rezli.

Ha`zirgi ilimde tiykarg`ı adamlar birlespelerinin` formaları retinde etnikalıq gruppalardı, xalıq, millet aralıq toparlardı tanıydı. Al ertedegi  etnikalıq gruppalar qa`wimlik ruwlıq ja`miyettegi qa`wimler bolıp tabıladı.

Qa`wimlik  ja`miyet tuwısqanlıq qatnasqa tiykarlang`an sem`ya ha`m ruwlardın` birlespesinen ibarat.

A`yyemgi qa`wimlik - ruwlıq ja`miyettin` payda bolıwı menen  adamzat ja`miyetinin` tariyxı baslanadı. A`ne usı adamzat  tariyxında ko`rinetug`ın protsess o`z gezeginde tuwıs tillerdin` payda bolıwına sebepshi boladı.

Til biliminde tildin` payda bolıwı miynetke, adamzat ja`miyetinin` payda bolıwına baylanıslı dep qaraladı. Bul ma`sele boyınsha, yag`nıy tildin` payda bolıwı haqqında tu`rli boljawlar, anıqlawlar, teoriyalar o`mir su`rip kiyatır. Olardın` en` baslıları mınalardan ibarat:

1. Seslik eliklew teoriyası. Biologiyalıq teoriyalar ishinde en` ko`p tarqalg`an teoriya seslik eliklew teoriyası bolıp tabıladı. Ol XVII-XVIII a`sirlerde ken` o`ris aldı. Bul teoriya boyınsha, tildin` yag`nıy so`zdin` do`reliwi seslik eliklew tiykarınan quralg`an dep boljaw jasaladı. Geypara so`zler seslik eliklewge, quslardın` bazı birewlerinin` atamasında (quw, g`arg`a) so`zlerdin` olardın` dawısındag`ı belgige tiykarlang`an baylanıstın` barlıg`ı seziledi. Quw haqıyqatında da g`uw-g`uw dep, g`arg`a g`aq-g`aq dep dawıs shıg`aradı. Bunday so`zler sanawlı g`ana. Al usıg`an qaray so`zlerdin` payda bolıwına seslerge eliklew negizinde do`regen dep tanıw nadurıs boladı. Olay bolmag`anda terek da`r`ya, nan keliw, barıw, qızıq, erte usag`an so`zlerdi qanday seslerge eliklew tiykarında payda bolg`an dewge boladıW Onın` u`stine seske eliklew teoriyasının` ta`repdarları so`zdin` esitiliwinde sol so`z an`latatug`ın zattın` ta`biyatına ta`n usaslıq bar, seslerdin` o`zinde tiri jan sıyaqlı tu`rli sezimlerdi an`latıw uqıplılıg`ı bar degenidi maqullaydı. Bul so`zdin` ta`biyatına pu`tkilley qarsı keledi. So`zde zattın` belgisi ko`rinetug`ın bolg`anda, bir so`z arqalı tu`rli zatlardı ulıwma ataw mu`mkin bolmag`an bolar edi, so`z tu`rli ma`nilerdi qabıl etpes edi.

Demek, seske eliklew teoriyası tildin` kelip shıg`ıwın anıqlay almaydı, tildi ta`biyiy qubılıs sıpatında bahalaydı, onı ta`biyattın` o`zi do`retken dep tu`sinedi.

2. Tan`laqlıq teoriya. Bul teoriya boyınsha, til ishki sezimlerdin`, qıynalıwlardın`, quwanıwlardın` tiykarında do`regen. . Bul teoriya XVIII a`sirle payda bolıp, da`slep emotsionallıq teoriya dep atalg`an edi. Onı J.J.Russo quwatlaydı, usı teoriyanı jaqlaw bag`darında ko`p g`ana pikirlerdi ju`rgizedi. Ma`selen, onda da`slepki til keyingi tillerden bay, sezimlerge tolı edi, keyin ju`da` a`piwayı bolıp qaldı, da`slepki tildin` leksikasında a`yyemgi adamnın` bay ishki sezimlerin bildiretug`ın so`zler ko`p edi degende usıg`an tastıyıqlawlar boldı.

Emotsionallıq teoriya XIX-XX a`sirlerde tan`laqlıq teoriya dep ataladı ha`m ol tan`laqlardı adamdag`ı da`slepki so`zler sıpatında bahaladı. Tan`laqlıq teoriyada tıyanaqlı tiykardan alıs. Onda tildin` ja`miyetlik xızmeti, til, ja`miyet arasındag`ı baylanıs esapqa alınbaydı, tildi real` praktikalıq sana sıpatında tanıwdan birotala shette, tildin` payda bolıwında miynettin` rolin tu`siniwshiligi joq.

Demek, tan`laqlıq teoriyada tilge bolg`an haqıyqıy ob`ektiv ilimiy qatnas joq degen so`z.

3. Miynet shawqımı teoriyası. Bul teoriya tan`laqlıq teoriyag`a shınlıqqa jaqın. Ol frantsuz ilimpazı L.Nuarenin` (1829-1889) K.Byuger atı menen baylanıslı. L. Nuarenin` pikiri boyınsha miynet protsessi miynet shawqımı menen qatar alıp barılg`an, miynet shawqımı miynet etiw protsessinde payda bolatug`ın ishki ta`biyiy reaktsiya.

Tildin` payda bolıwında miynet protsessindegi miynet shawqımı tiykar boladı dew durıslıqqa kelmeydi. Miynet shawqımları tildin` da`slepki elementleri emes. Bulay qaraw miynettin` tildi payda etiwdegi tiykarg`ı derek bolg`anlıg`ınan bas tartıw bolıp tabıladı. Miynet adamdı adam etken bolsa, til de adamdı adam etti.

4. Sotsiallıq kelisim teoriyası. Bul teoriya tildi adamlardın` o`z-ara kelisimi tiykarında do`regen degen pikirdi nusqaydı. Sonlıqtan sotsiallıq kelisim teoriyasının` wa`killeri tildi adamlardın` sanalı tu`rdegi do`retpesi dep qaraydı. Bul pikir tildin` payda bolıwı haqqındag`ı ma`seleden birotala alıs. Adamlardın` anaw ya mınaw predmet qubılıstı bılay atayıq dep kelisip alıwı hesh qanday mu`mkin emes. Ma`selen, ul bala, ata ana, barıw, keliw usag`an so`zlerdi qaraqalpaq tilinde so`ylewshi ja`ma`ttin` o`z-ara kelisimi arqalı do`regen dew haqıyqatlıqqa hesh qanday jaqınlaspaydı. Bul teoriya tildin` payda bolıw ha`m rawajlanıwındag`ı ob`ektivlik nızamlıqtı moyınlamaw bolıp tabıladı.

Bul teoriyalardın` barlıg`ı nadurıs tu`siniklerge iye, sonlıqtan tildin` kelip shıg`ıwın, ma`nisin ha`m xızmetin ken` tu`rde sa`wlelendirip beriwshi anıq teoriya to`mendegi tu`sinikler arqalı tildin` kelip shıg`ıwı haqqındag`ı durıs sheshimin taba alg`an. Bul teoriyada tildin` kelip shıg`ıwı, a`lbette, adamnın` so`ylew ha`m oylaw iskerliginin` tiykarı bolg`an miy, so`ylew, esitiw, ko`riw ag`zalarının` evolyutsiyalıq rawajlanıwına g`a`rezli. Usı arqalı adam haywanatlar du`n`yasınan ayrılıp turadı.

Sonın` menen bir qatarda bul teoriya adam ha`m tildin` payda bolıwında o`ndirislik iskerliktin` rolin joqarı bahalaydı. O`ytkeni o`ndirislik iskerlik kollektivlik uyımdı do`retedi, birlesip miynet etiw arqalı adamlar uyımı ja`miyeti payda boladı. Eger til qatnas quralı sıpatında usı o`ndirislik iskerliktin` dawamında do`regen bolsa, ekinshiden ol sol ja`ma`a`ttin`, adamlar ja`miyetinin` payda bolıwın, o`mir su`riwin ta`miyin etti.

Tildin` kelip shıg`ıwı haqqındag`ı ma`seleni adam ha`m ja`miyettin` payda bolıwı menen g`ana emes, al sonın` menen birge sananın` kelip shıg`ıwı menen de ajralmas birlikte qaradı. Eger sana ob`ektiv shınlıqtın` adamg`a ta`n sa`wleleniw forması bolsa, til
haqıyqat praktikalıq sana. Olar bir waqıtta do`reydi, biri ekinshisisiz o`mir su`riwi mu`mkin emes.

Solay etip, miynet, adam, til, sana ha`m ja`miyet bir-biri menen organikalıq baylanısta ha`m g`a`rezsizlikte payda bolg`anlıg`ı anıq. Adam miynet arqalı, tildin` kelip shıg`ıwı adamnın`, ja`miyettin` payda bolıwı menen birlikte boladı, til praktikalıq haqıyqıy sana ol sananın` rawajlanıwına ta`sir etip baradı. Ulıwmalastırıp aytqanda, til adamzat ja`miyetinin` tariyxıy rawajlanıwı, yag`nıy onın` payda bolıwı menen baylanıslı ha`m ulıwma tildin` kelip shıg`ıwı og`ada qospalı ha`m uzaq dawam etken evolyutsiyalıq rawajlanıwdın` na`tiyjesi bolıp tabıladı.

Tillerdin` klassifikatsiyası

Du`n`ya ju`zinde 3 mın`g`a shamalas til bar dep esaplanadı. Tillerdin` anıq sanın anıqlaw ju`da` qıyın. Sebebi, ayrım ellerdegi tiller menen dialektler jetkilikli da`rejede izertlenilmegen.

Du`n`ya ju`zi tillerinin` ishinde inglis, frantsuz, orıs, qıtay, arab ha`m ispan tilleri, Xalıq aralıq tiller dep esaplanadı.

Til biliminde du`n`ya tilleri eki tu`rli ko`z-qarastan klassifikatsiyalanadı:

1). Du`n`ya tillerinin` tuwıslıq da`rejesi tiykarında.

2). Tillerdi tuwıslıg`ı ko`z-qarasınan emes, al qurılısı menen tipinin`, en` da`slep grammatikalıq qurılısının` uqsaslıg`ı ta`repinen klassifikatsiyalanadı. Klassifikatsiyalawdın` birinshi tu`ri tillerdin` geneologiyalıq klassifikatsiyası dep atalıp, ekinshi tu`ri tillerdin` tipologiyalıq (morfologiyalıq) klassifikatsiyası dep ataladı.

4. Tillerdin` morfologiyalıq klassifikatsiyası.

Du`n`ya tillerin tipologiyalıq jaqtan klassifikatsiyalaw tuwıs ha`m tuwıs emes tillerde faktlerdin` uqsaslıg`ı yamasa o`zinsheligin anıqlaw arqalı, til faktlerin tillerdi toparlarg`a ajratıw tipologiyalıq tiykarda iske asadı. Bunda tiykarınan so`z qurılısına ta`n tiller na`zerde tutıladı. Til bilimi tariyxında morfologiyalıq klassifikatsiya tu`rli tillerdi salıstırıp izertlewdin` bazasında do`redi. Bul tarawda ataqlı lingvist-klassikler bolg`an F.Shlegel`, A.Shlegel`, V.Gumbol`dt, A. Shleyxer, G.Shteyintal`, I.I.Meshaninov, F.F.Fortunatov ha`m t.b. dın` ayrıqsha u`lesleri bar.

Ha`zirgi til biliminde du`n`ya tillerin tipologiyalıq (morfologiyalıq ) jaqtan klassifikatsiyalawda olardag`ı ulıwmalıq ha`m ayrıqshalıq belgilerge qaray to`rt tipke bo`liw ken` tarqalg`an:

1. Flektiv tiller (orıs, nemets, arab, a`yyemgi grek tili).

2. Agglyutinativ tiller (tu`rkiy, mong`ol, ug`ro-fin, yaaon.)

3. Tu`bir tiller (qıtay, birma, sudan t.b.).

4. Polisintetik tiller. (amerikadag`ı ayrım tiller ja`ne paleoaziat tilleri).

1. Flektiv tiller. Bul toparg`a kiretug`ın tillerde fleksiyalar so`zdin` grammatikalıq jaqtan o`zgeriwine, forma jasawg`a xızmet etedi. Usı ko`z-qarastan so`zdin` morfologiyalıq qurılısındag`ı tiykarg`ı belgi retinde fleksiya ko`rinedi. Ishki fleksiya so`z jasawda da, so`z tu`rlendiriwde de qatnasadı, sonın` menen birge bir neshe grammatikalıq ma`nilerdi an`lata keledi.

Flektiv tillerge ta`n ulıwmalıq belgiler.

1. Bir fleksiya bir neshe ma`ni an`latıw mu`mkin.

Mısalı, orıs tilindegi vij-u so`zine qosılg`an -u fleksiyası bir waqıttın` ishinde betti, sandı, ma`ha`ldi bildiredi.

2. Bir fleksiya bir neshe variantqa iye bolıwı mu`mkin. Ma`selen, orıs tilinde atlıqtın` ko`plik tu`ri -ı, -i, -a, -ya jalg`awları arqalı jasaladı: stolı, doma, summa.

3. Tu`birge fleksiya qosılg`anda so`zlerdin` tu`biri o`zgeriwi mu`mkin.

Bejat` - begu

pisat` - pishu

4. Tu`bir menen grammatikanın` fleksiyaları arasındag`ı shegaranı anıqlaw qıyın boladı.

Mıt`sya - moyus`

pit` - p`yu

5. Ishki fleksiyag`a bay boladı. Ma`selen, arab tilinde

Kitab - kitap

kutub -kitaplar

Orıs tilinde: lech`-lyagu

pet`-poyu

vezti-voju

6. Grammatikalıq formaları suppletiv jol menen jasalatug`ın so`zler ushrasadı.

Xodit` -shel

xorosho - luchshe

2. Agglyutinativ tiller.

Agglyutinativ tillerde grammatikalıq ma`ni tu`birge affiksler jalg`anıwı arqalı beriledi. Tillerdin` bul tu`rinde affikslerdin` ha`r qaysısı ko`binese bir g`ana grammatikalıq ma`ni bildiredi.

Agglyutinativ tillerdin` en` tiykarg`ı belgileri:

1. Affikslerge ju`da` bay, ga`pte so`zlerdi bir-birine baylanıstırıw ushın tiykarınan usı qosımtalar jumsaladı.

2. Bir affiks bir grammatikalıq ma`ni beredi: usı qa`siyeti menen agglyutinativ tildin` affiksler fleksiyalardan o`zgeshelenedi. Salıstırın`:

Pish-u -u-(I bet ,birlik san, ha`zirgi ma`ha`ldi bildiredi)

I-bet

Jazıp ha`zirgi ma`ha`l atır man .

3. Affiksler tiykarınan birdey ko`riniske iye bolıp, variantları joq derlik. Bar bolg`anda da so`zlerdin` fonetikalıq qurılısı menen baylanıslı.

(pozitsiyalıq o`zgerislerge kiredi)-nın`-nin`, dın`-din`; qa-ke, g`a-ge.

4. Tu`bir ha`m qosımta arasındag`ı shegara anıq ko`rinedi: balıq-shı-lar-ımız-g`a.

5. So`zlerdin` grammatikalıq formaların jasawda suppletivlik formalar ushıramaydı.

(suppletivlik-bir so`z formalarının` ha`r qıylı tu`birden jasalıwı).

orıs tilinde: chelovek-lyudi

qaraqalpaq tilinde : men-biz (ko`plik san)

6. So`zlerge qosılatug`ın affiksler tu`birge belgili bir ta`rtip penen jalg`anadı.

7. Agglyutinativ tiller affikslerdin` tu`birge aldın yaki keyin qosılıwına qaray prefiksal agglyutinativ tiller ha`m postfiksal agglyutinativ tiller bolıp bo`linedi. Tu`rkiy tiller postfiksal agglyutinativ tillerge kiredi.

3. Tu`bir (ajıratıwshı) tiller. Bul tipke kiretug`ın tillerdi ajıratıwshı, yag`nıy tu`bir tiller dep atawdın` sebebi, onda so`zler arasındag`ı baylanıs, grammatikalıq ma`nifleksiyag`a yamasa affikslik tiykarg`a qurılg`an emes, affiksleri joq so`zler ga`p ishinde orın almasıwıarqalı grammatikalıq ma`ni iske asadı, ga`p ma`nisi o`zgeredi. Demek, so`zlerdin` grammatikalıq baylanısın ga`pte so`zlerdin` orın almasıwı ta`miyin etedi degen so`z. Bul tillerde so`z forması tu`birge ten`, sonlıqtan olar tu`bir tiller sıpatında ko`rinedi. Onda, so`zde, ga`pte pa`t ha`m intonatsiyanın` roli ku`shli.

Mısalı, Qıtay tilinde Xao so`zi tu`rli ma`nilerdi an`lata beredi: Xao jen`- jaqsı adam, Siyu xao- jaqsılıq etiw, Jen` xao- Ol adam meni jaqsı ko`redi.

Bunday tillerge Qıtay, Tayland, Birma, Tibet t.b. tiller kiredi.

Tiykarg`ı belgileri: so`zler ko`binese bir buwınlı bolıp keliwi affiks, fleksiyalardın` joq derlik, ga`pte so`zlerdin` sintaksislik baylanısıwı tiykarınan so`z ta`rtibi ha`m intonatsiya.

So`zlerdin` ga`ptegi ornı onın` qaysı so`z shaqabına ha`m qanday ga`p ag`zası xızmetinde turg`anlıg`ınan da`rek beredi.

4. Polisintetik tiller: amerikalı indeetsler tili chukot, koryak tilleri kiredi.

Bul tiller ele tolıq izertlenilmegen. Polisintektik tillerdin` ha`r bir so`zi ayrım-ayrım sesler bolıp, olar o`zlerinin` ma`nisin tek ga`p quramında kelip beriw mu`mkinshiligine iye. So`zler elementler bir-birine qosılıp jazıladı.

Bul tillerde ga`pler basqa tillerdegi so`zge tuwra keledi.

Mıs: Chikuk tilinen bir mısal:

iniludam -men bunı og`an beriwge keldim.

Solay etip polisintetikalıq tillerdegi bir so`z-ga`p basqa tillerde bir neshe so`zler arqalı beriledi.

Tiller o`zlerinin` qa`siyetleri menen anaw ya mınaw tu`rge jatıwı mu`mkin, Solay bolsa da ha`r bir tilde flektiv, agglyutinativ ha`m basqa da elementler bolıwı ta`biyiy. Ma`selen, qaraqalpaq tili agglyutinativ til, biraq olda I bet ko`p san.fleksiya ushırawı mu`mkin. Keldik so`zindegi -k bir waqıttın` ishinde betti ha`m sandı
ko`rsetedi.

Anglichan tilinde de flektiv til bolsa da agglyutinativ belgilerin ko`riwge boladı. Demek, tillerdi qaysı tipke kirgiziwde, olardın` qanday belgileri basımraq bolsa, sol belgisi esapqa alınadı.

## Tillerdin` geneologiyalıq klassifikatsiyası.

Geneologiyalıq klassifikatsiya du`n`ya tillerinin` tuwıslıq da`rejesi tiykarında ayrım toparlarg`a bo`liniwinen ibarat. Du`n`ya tillerin geneologiyalıq jaqtan bo`liwde olardın` tiykarg`ı shıg`ısı bir ekenligin ko`rsetetug`ın til faktleri da`lil boladı. Usı faktlerdi bir-biri menen salıstırıw arqalı tiller arasındag`ı tariyxıy rawajlanıwdın` barısında saqlang`an ulıwmalıq, sonday-aq sol tuwıs tillerdin` o`zinde tu`rli sebeplerge baylanıslı payda bolg`an alıs-jaqınlıq belgiler ayrıladı. Usı ta`repleri esapqa alıng`an halda tiller sem`yalarg`a toparlarg`a bo`linedi. Du`n`ya tillerinin` barlıg`ı da ayrım-ayrım sem`yalardı payda etedi. Bir sem`yag`a kiretug`ın tillerdin` ishindegi alıs - jaqınlıq birdey emes. Ma`selen, tu`rk tili ha`m karaqalpaq tilleri tuwıslıg`ı jag`ınan ulıwma bir sem`yalıq tillerdin` qaramag`ına kirgeni menen tu`rk tili jaqınlıg`ı boyınsha tu`rkmen, azerbayjan, gagauz tilleri menen bir topardı qurasa, qaraqalpaq tili qazaq, qumıq, qarayım, qırım-tatar, tatar, bashqurt, nog`ay tilleri menen sa`ykes tiller sem`yasının` ekinshi toparın do`retedi.

Du`n`ya tillerinin` ha`zirgi til biliminde belgli bolg`an sem`yaları menen toparları (gruppaları ) ulıwma to`mendegilerden ibarat:

I. <u>Ind-evropa tilleri</u> sem`yası. Tiller sem`yalarının` ishinde ko`p tarqalg`an ha`m u`lken sem`ya. Bul sem`yanın` ishinde bir-birine jaqınlıqtı quraytug`ın bir neshe toparlar bar.

1) Hind tiller toparı- bug`an hindi ha`m urdu a`debiy tilleri, bengali, pendjabi, rojostan, sinx kashmir, nepal,maratxi, gujarat,singal`, bixar, ariy tilleri kiredi.

2) Iran tilleri toparı- bug`an parsı, pushtu, ta`jik, osetin, kurd t. b. tiller kiredi. Iran tilleri toparında esen parsı tili, xorezmiy, sogdiy, pexlevi, skif usag`an o`li tiller bar.

3) Baltıq tiller toparı o`z ishine litov ha`m latısh tillerin aladı. Bul toparı eski prus tili de kiredi.

4) Slavyan tilleri toparının` quramında bir-birine jaqın u`sh shaqapsha bar: shıg`ıs slavyan, batıs slavyan ha`m qubla slavyan tilleri. Shıg`ıs slavyan tillerine rus, ukrain ha`m belorus, tilleri kiredi.

Batıs slavyan tillerine chex, slovak, polyak, koshub tilleri kiredi.

Qubla slavyan tillerine bolgar, makedon, serb-xorvat, slovyan tilleri kiredi.

5) German tiller toparı eki shaqapshadan turadı: batıs german (inglis, nemets, golland tilleri) arqa german (shved, norveg, daniya, island tilleri) shaqaplarınan turadı.

6) Roman tilleri toparı. Bul topar frantsuz, italyan, ispan,portugal, rumın, moldavan tillerin o`z ishine aladı.

7) Kel`t tiller toparı. Bug`an irland ha`m shotland tilleri kiredi.

8) Grek tiller toparı . Bir neshe dialektler tu`rinde o`mir su`rip kelgen eski grek tili ha`zir grek milliy tili sıpatında o`mir su`redi.

9) Alban tili o`z aldına bir topardı quraydı. Ol arqa ha`m qubla dialektlerden turadı.

10) Armyan tilide jeke bir topardı quraydı.

II. <u>Semit-xamit tiller</u> sem`yası semit ha`m xamit shaqapları bolıp ekige bo`linedi. Semit tillerine ha`zirgi arab tili, o`li tiller sıpatında da assiriya-vavilion, eski evrey, finikiy tilleri jatadı.

Xamit shaqapshasına eski egipet ha`m onın` orta a`sirlerdegi tu`ri bolg`an kopt tili kiredi.

III. <u>Ugro-fin tilleri</u> sem`yası. Bul sem`ya u`sh shaqapshadan turadı: ugor, fin ha`m somodiy toparları.

Ugor toparına venger, mansiy xantıy tilleri jatadı.

Fin tiller toparına fin, eston, karel`, komi, udmurt, mariy, mordov tilleri kiredi.

Samodiy toparına nenets, enets, sel`kum tilleri kiredi.

IV. Kavkaz tilleri sem`yasına. Bul sem`yag`a og`ada ko`p tiller kiredi. Solardın` ishinde gruzin, avar, lezgi, adıgey, kabardin, abxaz, chechen,ingush, dargin t.b. tiller bar.

V. Tungus-man`chjur tiller sem`yasına evenk, even, man`chjur, nanay, udey,ul`g, orog tilleri jatadı.

VI. Qıtay-tibet tilleri sem`yası eki topardan turadı: tay-qıtay tilleri. (Qıtay, v`etnam, kungan, laos tilleri ) ha`m tibet-birma tilleri (tibet, birma tilleri) .

VII. Dravid tiller sem`yası: tamil, malalayam, telugu, kankar, tulu, barxun, gandi tilleri .

VIII. Malay- polineziya tiller sem`yası. Bug`an Indoneziya ha`m Filippininde jasawshı malay, yava, dayak, tagal`, talay, batak, bali, madur t.b. tiller kiredi.

IX. Avstraliya tilleri sem`yası. Avstraliyada jasawshı ko`p xalıqlardın` tilleri kiredi. Solardın` ishinde ken` tarqalg`anı aranta.

X. Papua tilleri sem`yası. Gvinediyada jasawshı xalıqlardın` tilleri kiredi.

XI. Afrika tiller sem`yası eki topardan turadı: bantu ha`m sudan tilleri.

Bantu toparına bube, lundu,kongo,luba, bemba,rundi,suaxili, dulu, venda, kunda tilleri jatadı.

Sudan toparına zanda,koma, kunama, banda t.b. kiredi

XII. Papelaziya tilleri sem`yası chukot, koryak, odul`, nivx tillerinen turadı.

XIII. Eskimos tiller sem`yasına eskimos ha`m aleut usag`an bir neshe tiller kiredi.

XIV. Mong`ol tiller sem`yasına xalxa-mong`ol, buryat, qalmaq tilleri kiredi.

XV. Tu`rkiy tiller sem`yası. Bul sem`yag`a kiretug`ın tu`rkiy tiller bir neshe toparlarg`a bo`linedi:

1. Bulgar tiller toparı ha`zirgi chuvash tili eski bulgar ha`m xazar tilleri o`z ishine aladı.

2. Og`uz tilleri toparı tu`rkmen, turuxmen, gagauz, azerbayjan, tu`rk tilleri jatadı.

3. Qıpshaq tiller toparı. Bul topar qarayım, qumıq, qarachay, balqar, qırım-tatar, tatar, bashqurt, nog`ay, qazaq, qaraqalpaq tillerin o`z ishine aladı.

4 . Karluk tilleri toparına o`zbek, jan`a uyg`ır tilleri kiredi.

Usı joqarıdag`ı topar tillerin N.A.Baskakov tu`rkiy tillerdin` batıs xun shaqapshasına jatqaradı. Al shıg`ıs xun shaqapshasında uyg`ır-og`uz ha`m qırg`ız-qıpshaq toparların ajratadı.

Uyg`ır og`uz toparına tuva, yakut, xakas, shor, chulım tatarları tili.

Qırg`ız-qıpshaq toparına qırg`ız ha`m altay tilleri kirgiziledi.

## A`debiyatlar.


1. Berdimuratov E., Dauletov A. Til bilimine kirispe. N. 1988

2. Koduxov V.I. Vvedenie v yazıkoznanie. M. 1979.

3. Axanov K. Til biliminin` negizderi. A. 1993.